№43 (19876) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГӀАЛАЙКУМ

# ХӀАКЪИКЪАТ

МАГӀАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

3 ноябрь 2023 с. рузман


КОНФЕРЕНЦИЯ

## «Нилъ дагъистаниял - цо халкъ»




КӀиабилеб ноябралда МахӀачхъалаялъул «Гьудуллъиялъул рокъоб» тӀобитӀана «Миллатазда гьоркьоб ракълие ва разилъиялъе гӀоло» абураб конференция. Гьенир гӀахьаллъана ДРялъул бетӀер Сергей Меликов, ДРялъул муфти, шайих АхӀмад-апанди ГӀабдулаев, жамгӀиял хӀаракатчагӀи, рухӀиял церехъаби, батӀи-батӀиял идарабазул вакилзаби, гӀолилал ва журналистал.

Аэропорталда ккараб лъугьа-бахъиналъ жамгӀияталда гьоркьоб ургъел чӀвазабун буго, гьелда тӀасан суалалги гӀемер руго. Конференциялъул гӀахьалчагӀазул рахӀатхвезабун бугоан, гьеб лъугьа-бахъиналъ миллатазда ва диназда гьоркьоб бугеб ракълие ва разилъиялъе зарал гьабилин абун.

Палестинаялъе кумек гьабизе бокьараз ракълилал акциял дандги ран, законалда рекъон, тӀоритӀани лъикӀ букӀинин абуна республикаялъул бетӀерас. Къварилъиялда ругезе квербакъизе Муфтиятгун ва гурхӀел-рахӀмуялъул фондалгун хӀалтӀизе бегьилин тӀадеги жубана гьес.

*(Хадусеб 2-аб. гьумералда)*

АВАРТЕАТР

## Берцинлъигун цадахъ кьолеб тарбия



27 октябралда Авартеатралъ бихьизабуна Расул ХӀамзатовас 100 сон тӀубаялде хӀадурараб «Сонал, саринал, сапарал» абураб литературияблгун музыкалияб композициялъул премьера.

Гьеб байбихьилалде цебе театралъул нухмалъулез журналистазе къокъго бицана композиция гӀуцӀараб къагӀидаялъул.

Цогидал бакӀазда гӀадин, гӀицӀго шагӀирасул асарал росун гурел, живго Расулил гӀумру театралияб къагӀидаялъ авалалдаса ахиралда тартибалда бихьизабизе бугилан абуна Авартеатралъул директор МухӀамад БисавгӀалиевас:

*- МагӀарухъ гӀурав гӀанчӀав гӀолилав, Москваялъул Литературияб институталъул студент, дунялалда машгьурлъарав шагӀир, хъулухъчи, хӀукуматалъул трибунаялда кӀалъалев халкъалъул вакил, жиндир гъалатӀаз, заманалъул гӀузрабаз пашманлъарав гӀакъил - гьединав Расул вихьизавизе хӀаракат бахъана театралъ.*

*(Хадусеб 5-аб. гьумералда)*

ДАНДЕЛЪИ

### Шапакъатал гьарзаяб байрам



6 гьум. >>>

РОССИЯЛЪУЛ СОЛДАТ

### Парахалъиялъул хъаравуллъиялда



10 гьум. >>>

РАКӀАЛДЕЩВЕЙ

### Совет Союзалда гьединав прокурор вукӀинчӀо



12 гьум. >>>

## Редакторасул колонка



Темирхан ХIасанов

## Тушбабазда таризаризе кIвезе гьечIо

Жакъа Палестинаялъул ракьалда бугеб ахIвал-хIалалъ ва гьенир унел ругел вахIшиял лъугьа-бахъиназ рахIатхвезабун буго дунялалъулго махлукъаталъул. ГIисинал-чIахIиязухъ балагьичIого гъурулеб буго халкъ. Гьениб бугеб зулму чIезабеян ахIи барал данделъаби тIоритIулел руго гIемерал пачалихъазда. ХIатта цо-цо жугьутIазул къокъабицин къватIире рахъунел руго рагъ лъугIизабеян. Муъминзабазул ярагъ - дугIа бугин абулелъул, гъурулеб бугеб динцояб агьлу тушманасул зулмуялдаса цIунеян Аллагьасде гьаризе мажгитазде хьвадулеб буго Дагъистаналъул халкъги. Гьазаялда бугеб ахIвал-хIал нилъер щивасул рекIелъ-къан букIиналъул бицунеб буго ахирал къоязда республикаялда лъугьа-бахъаралъги. Цин Хасавюрталда пуланаб гостиницаялда жугьутIал рещтIун ругин абун гьелъул азбаралде ракIарана нус-нус ракьцоял. Хадусел къоязда Тель-Авивалдаса бачIараб самолеталда согIаб дандчIвай гьабизе МахIачхъалаялъул аэропорталдеги щвана азаргоялдасаги цIикIкIун дагъистанияв. Хасавюрталда букIараб багъа-бачари низам цIунулел идарабазда хехго гIодоцинабизе кIвана. Аэропорталде ракIарараздин абуни гIадлу хвезабуна, сверухъ бугебги бека-биххун, щивго виччалареб самолетал рещтIунеб бакIалдецин щвана. КIиябго акцияги букIана республикаялъул нухмалъиялда дандбачIеблъун. ГIадамазул рекIел хIалги, диналъул вацалъяцазул, гурхIел тун чIвалел лъималазул гьезие бугеб ургъелги - кинабго бичIчIула. Амма дагъаб сабруги букIине ккола. Гьеб кколелъулха Алжаналъул кIуллъун. Гьел тадбиразда гIахьаллъаразе бокьун букIун батила Дагъистан Гьазаялда унеб чIвадарухъанлъиялда данде букIин загьир гьабизе. Гьедин абизе ва ахIи базе лъицаго гьукъун гьечIо. Гьелде тIадеги Россиялъул президент Владимир Путиница гьеб тункагIусиялда Палестиналъул халкъалъул рахъкколеб буго. Гьедин букIаго, Западалъул нухмалъиялда гьоркь хIалтIулел телеграм-каналазда бахъинабураб ахIиялда хадурги рилълъун нилъерго аэропорталда гьалмагъир гьаби гьеб битIараблъунги кинха рикIкIинеб. БитIараб гьечIо пуланаб къокъаялъул макру тIубараб миллаталъул гIайиблъун чIезабиги. ЖугьутIазда гьоркьорги ругелъулха, цебехун абухъе, Палестиналда лъугьа-бахъунелда дандечIарал гIадамал. Лъица щиб бицаниги, гьел лъугьа-бахъинал ккун руго. Амма гьанжеги нилъ, тушбабазе рекIехъе, цоцалъ къацандун бегьиларо. Аэропорталда гьалмагъир гьаби, интернеталдасан рагIарал харбазда божи - гьеб лъикI гьечIо. Законалда рекъон тамихI гьабичIого жавабиял идарабаз теларо. Амма дуниялго гьезда тIад цузабизеги бегьиларо. Кин букIаниги, гьел кколелъулха диналъул вацал-яцазда ракIунтун къватIире рахъарал чагIи.

# ГIакълу - цебе,

## Палестинаялъул дандерижи

**Гьал къоязда Каспийскиялда, аэропорталда ккараб лъугьа-бахъиналъул бицунарев чи ватиларо нилъеда гьоркьов. ГIизраилалдаса лъутун, жугьутIал рачIунел ругин нилъер республикаялдеян, интерненталда баккун бачIараб хабаралъ цIа бакарал гIолохъабазул кIудияб къокъаялъ сверун ккуна МахIачхъалаялъул аэропорт. Палестинаялъул мискинаб халкъалда: руччаби, лъимал батIа гьаричIого, расги гIайиб гьечIел бусурбабазда тIад зулму гьабулел гъарачагIи нилъер ракьалде къазе риччаларилан абураб пикруялъ тIамуна гьел гIолохъаби аэропорталде гъужум гьабизе.**

Гьелъул ккараб хIасилги нужеда бихьун батила. Полициялдаги гIадатияб халкъалдаги гьоркьоб ккараб тунка-гIусиялъул хIасилалда гIолохъабазул чанго чи лъукъана. Цо полициялъулав, захIматаб лъукъел ккун, хадув больницаялда хвана. Гьаб анкьица кибго чIамулеб, цоцазухъе рехулеб буго гьелда сверухъ цIицIиял баянал. Гьелъул гIемерав чиясул рахIат хвезабуна. Цоял ракIхвейгун, цоял гурхIелгун, цоял щцимгун - нусго батIияб асаргун гIенеккана нилъ цIиял харбазухъ. Дагъистаналда ккараб лъугьа-бахъиналъул суал борхана улкаялъул бетIер Владимир Путиница, итни къоялъ тIобитIараб данделъиялдаги. Узухъда, гьесги лъикIаб къимат кьечIо гIолохъабазул рагъа-рачариялъе.

Гьеб суал гьоркьоб лъуна 31 октябралда «Гьудуллъиялдаги рокьоб» букIараб данделъиялдаги. Сергей Меликовас цIакъго квешаб къимат къуна аэропорталде ракIарарал гIолохъабазе.

Къокъаб хIасил, ГIизраилалдагун Палестиналда гьоркьоб бугеб рагъулаб тунка-гIусиялъул тIири щвана нилъер республикаялдеги. Палестиналда хурхун жиндирго пикру загьир гьабунилан хIалтIудаса нахъе вахъана, ДРялъул РухIияб идараялъул, рекъел гьабиялъул отделалъул нухмалъулев, лъикIав гIалимчи МухIамадрасул СагIадуев, гьединго фатваби кьолеб рухIияб отделалъул нухмалъулев Зайнулла-хIажи Атаевги.

Нижер хIукму ккана, ахирисел лъугьа-бахъиназда хурхун цо-цоязул пикраби газеталъул гьумералда бакI кьезе. Гьезда гьоркьор руго районалъул нухмалъулелги, гIелмиял церехъабиги, гIолилазул церехъабиги, чанго батIияб хъулухъ-пишаялъул вакилзабиги.

**Рамазан ГIабдулмажидов, ДНЦялъул археологиялъулгун тарихалъул ва этнографиялъул институталъул нухмалъулев.**



МахIачхъалаялъул аэропорталда ккарал лъугьа-бахъинал киса-кирего рагIана, гьелъ гIураб ахIи-хIур гьабуна республика бахун къватIибехунги. Полициялъулгун би гIодоб тIурал тункагIусиял ккана гIолохъабазул. Гьеб буго нилъер республикаялда жамгIиябгун политикияб ахIвалхIал хIалуцинабизе, халкъалда гьоркьоб питнагун жахIда-хIусуд цIикIкIинабизе мурадгун, ургъунго гьабураб иш.

Жакъа Дагъистаналъул халкъалъул пикру буссун буго Палестиналде. Гьенир расги гIайиб гьечIел диналъул вацазда тIад гьабулеб вахIшияб зулмуялъ курмул лъукъичIев, гьеб пакъираб халкъалда ракI гурхIичIев чи нилъеда гьорлъ ватиларо. Гьеб кинабго бихьулеб буго цIадабе нарт тIезе къачIан чIарал провокаторазда ва гьез питна боркьизабизе хIаракат бахъулеб буго.

Гьединаб иманкъосараб, нахъегIанаб пикруялъул чагIаз гьусун тIамун, гьарулел митингаздагун акциязда дандечIаразул мухъилъ вуго дунги. Гьединал хIажат гьечIел багьа-бачарияз, дир пикруялда, гIаксалда, Палестинаялъулги цогидалги бусурбабазул пачалихъалда цебе нилъер къимат хвезабизе буго. Гьезие нилъ рукIине руго щакаб пикруялъул ва тохал, иманги аслуги къосараб пикру-лъаялъул гIадамаллъун. Я Аллагьасул диналда, я гIаданлъиялъул нухалда дандекколареб хьвада-чIвадиялъул рахъкколел гIадамаллъун нилъ рукIине дие бокьиларо.

Дица рикIкIуна ГIизраилалъул сионистазул хъубаб, нахъегIанаб политикаялъул рахъкколел сионистазулги ва гьезул гIадатияб халкъалъулги пикраби нилъеца ратIа гьаризе кколин. Нильго гIадал гIадатиял, квешлъи бокьуларел чагIи руго ГIизраилалъул халкъалда гьорлъги. Гьезги тIалаб гьабулеб буго хIажат гьечIеб вахIшилъи цIикIкIараб гьеб би тIейги, гIадамазда гьабулеб зулмуги къотIизабейин Палестиналдаян.

**Рамазан Ражабов: «Дагъистаналъул гIолилал» газеталъул бетIерав редактор.**



Митингал тIоритIилалде цебе гьелъул хIакъалъулъ Юстициялъул министерствогун дандбазе кколеблъиги ва гьезухъа изну босизе кколеблъиги лъалел чагIи гьенире (аэропортал-де авт.) къачIо. ХутIараздаян абуни (акция тIобитIарал гIолохъабазда авт.) гьедин гьабизе кколеб букIиналъул лъалеб жого букIинчIо, гьезда гьеб бичIчIизабулев чиги ккечIо.

КIиабилеб. Дун щвана доб сордоялъ аэропорталде. Дун гьениве щолеб мехалъ щибниги квалквал гьечIого унел рукIана гIадамал гьенире. Нухги рагьун букIана. ГIицIго квалквал гьабулеб жо букIана аэропорталде жанире рачIунеб бакIалде машинабазул кIудияб читIир гIун букIиналъ. Дицаги машина рикIкIада тезе ккана гьеб гIиллаялъ.

Аэропорталда гьалмагъир гьабурал гIолохъабазда дандчIвазе рачIана республикаялъул миллияб политикаялъул ва диниял ишазул рахъалъ министр Энрик Муслимовги гIолилазул ишазул рахъалъ министр Ка-

# «Нилъ дагъистаниял - цо халкъ»

*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*

Аэропорталда ккараб гьалмагъиралъулъ гIахьаллъаразе кинаб тамихI букIине бугебалиги бицана республикаялъул бетIерас:

«ГIайибиязе кколеб тамихI гьабизе буго. Гьениве тохлъукьего ва ургъел, хIисаб гьабичIого ккарасе рес кьезе ккола гьединаб пиша тIокIаб такрар гьабичIого тезе ва гьабуралъул хIисаб гьабизе».

ДРялъул муфти АхIмад-хIажи ГIабдулаевас киназдего хитIаб гьабуна: «Нуж рукIунге сверухъ бугелъул ургъел гьечIеллъун. Жакъа кколеб бугеб жо нужеда хьвазе гьечIин ракIалде ккоге. Нужерго лъималгун кIалъай. Митингаз лъикIалде рачунаро», - ян.

Муфтияс лъикIаблъун рикIкIунеб буго аэропорталда ккараб гьалмагъиралъулъ гIадамал сабруялде ахIаралъухъ ДРялъул гIолилазул ишазул министр Камил СагIидовасеги миллияб политикаялъул ва диниял ишазул министр Энрик Муслимовасеги шапакъатал кьезе.

«Лъие букIаниги нилъ рикьизаризе бокьаниги, гьезухъа гьеб бажаризе гьечIо. Щайгурелъул нилъ руго цогояб халкъ, нилъ руго дагъистаниял. Киналго миллатаздехун, тIолалго диназдехун лъикIаб бербалагьиги буго нилъер, щайгурелъул гьединаб амру гьабун букIана нилъеде МухIаммад аварагас (с.гI.в.). Нилъеца улкаялъул президентасулги рахъ ккола, щайгурелъул гьес тIолабго дунялалъул бусурбабазул рахъ кколелъул», - ан абуна АхIмад-апанди ГIабдулаевас.

*П. СУЛТIАНМУХIАМАДОВА*

# ццин - нахъе...

## МахIачхъалаялъул аэропорталда гъугъана

мил СагIидовги. Амма гьел ккола гIадатиял хIакимзаби. ГIемерисезда гьел рихьун щалалицин лъаларо. Гьединго ккана доб сордоялъги. Митингалде рахъарал гIолохъабазул гIемерисезда гьел щалалицин лъалеб букIинчIо. Гьез гьел малъиецин гьаричIо. Гьелгун дандчIвазеян абуни, дир пикруялда, витIизе ккола аан цо кинав вукIаниги машгьурав спортсмен. Ялъуни киназдаго лъалев машгьурав гIалим, вагIзачи. Гьеб мехалъ гIолохъабаз гIинтIамизе букIана гьезухъ. Гьебги рикIкIуна дица ккарал гьалатIазул цояблъун.

**МухIамад Дудуев, Авар театралъул актер, жамгIияв хIаракатчи.**



- КъватIисан гьусун тIамулел гIадамазул провокациялъулал къасдазда хадурги рилълъун, гьел гIолохъабаз тIоцебесеб иргаялда хвезабуна закон. Амма гьелъ гьезул я гIаданлъиялъул, я намусалъул, ялъуни чилъиялъул рахъ - цонигияб борхизабичIо, гьелъул гIаксалда, хутIа-хутIарабги даража гIодобегIан гьабизе квербакъана гьеб ахIи-хIуралъ.

Гьабуле-толелъул пикруги гьабичIого, илбисалъ малъаралда хадурги рилълъун, сахал гIолохъаби гьанже ккана уголовияб статьяялде гьоркье. Гьезул эбел-инсуда ракI гурхIизе бачIуна, гьечIеб бакIалда рекIел бакъвайги бетIер унтиги щвана гьезие.

Палестинаялда, гьезул халкъалдаги унго-унголъунги ракI гурхIарал гIадамал радакь рахъун мажгитазде гIедегIулел руго, гьезда тIаса зулму босеян дугIа гьабизе. Гьеб буго жакъа нилъер бищун кIудияб ярагъги, къуватги, гIакълу бугеб ишги. РачIа нилъ хадурккунги гьебго гIакълуялда хадур рилълъинин, шайтIаналъ малъарабги гьабун, ахир гIалагъважаялде сверулеб ишалда гьорлъе лъугьинчIого чIелин ва Аллагьас кантIиги къуватги кьеги щивас чиясе лъикIабги квешабги батIа бахъизе ва шайтIанги рекIелъ къезабизе.

**АхIмад Лабазанов, Болъихъ районалъул нухмалъулесул заместитель.**



- Гьал къоязда Каспийскиялъул аэропорталда ккараб сурукъаб иш дица рикIкIуна гIицIго гьенир гIахьаллъарал гIолохъабазул гьалатI бугин абун. Щайин абуни, нилъер ракьалъул тарихги лъалев, дунялалъул политикаялда жаниб кколеб бугеб багъабачариги цогидабги бихьулев, бичIчIулев чияс гьединал гIадлу гьечIел жал гьаризе гьечIо.

Гьединго Палестинаялда хурхун нилъер пачалихъалъул ва республикаялъул бутIрузул бугеб официалияб пикурги нилъеда лъала. ГIайиб гьечIел гIадамазда тIад гьабулеб зулмуги, магIна гьечIеб питна-кьалги лъугIизе кколин ва жибго Палестинаялъги дунялалъул цогидал пачалихъазда гьоркьоб жиндирго къадруяб бакI ккезе кколин абураб пикру загьир гьабуна гьез. Гьеб пикруги сон ва жакъа бижараб гуро, анцI -анцI соназ хисичIого рагIизабулеб буго гьез гьеб дуналалдаго.

Каспийскиялде, аэропорталде гьеб гьалмагъир гьабизе гIолохъаби гьуна интернеталда нахъаги рахчун, «дида хъвагеги хъваши лъугIугеги», - ян рукIунел, нахъегIанал хIалихьатал чагIаз. Гьединазе гьабулеб судги, тамихIги кватIилареб батила. Кин бугониги, жидерго лъавукълъиялъул, гIолохъанлъиялъул хехаб цилмалда квелъ базе кIоларого ккараб иш бугелъул гIолохъабазухъа гьеб, гьезие гьабулеб тамихI цIакъго къвакIизабичIого таниги бегьилаан букIараб.

Гьанже хадубккунги гьединал ургъичIого гьарулел ишаздаса цIуна-къазе нилъги цогидалги рекIеда ратизе дарслъун хутIаги гьеб.

**Ислам Хунзахский абураб Телеграм-каналалдаги** буго гьадинаб, гьабсагIаталда цIакъ хIажатаб пикруги кантIизариги. Гьебги жакъасеб номералда бахъизе пикру ккана нижер.

- Жакъа нилъеда киназдаго бихьулеб буго дуналалда тIад питна, зулму, рагъ-кьал, балагьал-къварилъаби тIиритIун руґеб куц. Къокъго абунани расги лъикIаб ахIвал-хIал гьечIо. Нилъеца цIакъ цIодорлъи гьабизе ккараб заман буго нилъеде бачIун. Щивас жалгоги жидер агьлуязанги цIунизе кколеб заман буго гьаб. Жакъа къоялъ нилъеда рихьулел руго жалго къватIисел хIукуматазда рахIаталда, лъикIаб магIишат-яшавалдаги нилъги рукIун, нилъер лъималги рагъкьалалде, митингазде ва цогидал къваригIел гьечIебщиналде ахIулел гIадамал.

Жалго щайха унарел гьенире нилъ ахIулел рукIинчIого? Щай гурого гьел жидеего цIакъ цIодорал чагIи рукIиналъ. Гьезие къваригIун буго нилъги нилъер гIун бачIунеб гIелги цIадаре рехизе. Гьел щал чагIи ругелалиги ва кире гьез нилъ ккезарулел ругелалиги бичIчIизе нилъеегти некIого заман щун буго, хIурматиял диналъул вацал ва яцал.

Воре цIодорлъи гьабе!

КъватIиса хIукуматалъул макруялдасаги хIалихьалъиялдасаги нилъгоги нилъер лъималги цIуне! Гьездасан нилъее киданиги пайда бахунаро, гьанжелъизегIанги гьез зарал гуреб жо гьабичIо.

АльхIамдулиллагь, Дагъистаналда руго нилъ хадур рилълъине бегьулел гIалимзабиги рухIиял церехъабиги.

Аллагьас нилъ киназего битIараб битIараблъун, тIекъаб тIекъаблъун бихьизе тавпикъги гIакълуги кьеги.

***Ашахан ЮСУПОВ***

# МОКалъул ритIухълъи гьечIолъи

Халкъазда гьоркьосеб Олимпиялъул Комитет - МОКалъ лъазабуна ГIизраилалъул пачалихъалъ Палетсинаялда лъималги руччабигун херал чагIиги чIванилан, гьезул спортсменазда гIайиб чIвазе бегьуларин.

Гьеб гуребги МОКалъ ГIизраилалъул спортсменазе щибниги гьукъа-къай гьабичIо Олимпиадаялдаги цогидал чIахIиял турниразда́ги цере рахьине. Пачалихъалъ гьабулеб сиясаталъул жаваб кьезе кколарин гьезин, ритIухъ гьабуна гьез жидерго хIукму.

Хьул буго гьанже гьез (МОКалъ) Россиялъулги Белоруссиялъулги спортсменазего гIадин. ГIизраилалъул спорталъул вакилзабазеги гьукъа-къай лъазабилилан.

Амма Украинаялда унеб СВО сабаблъун нилъер спортсменазе киналго халкъазда гьоркьосел спортивиял турниразде нух къана гьебго МОКалъ.

«СШАялъул пачалихъалъ Бакъбаккул улкаялда багъарараб питнаялда дандечIезе кколеб мехалъ, МОКалъ хIелун наку чIвана Америкаялъул Цолъарал Штатазе.

Щибниги нич гьечIого гьез рахъкколеб буго СШАялъул мугъчIваялда нахъа ругел пачалихъалъул спортсменазул.

ТIадеялъул Парижалда байбихьизе бугеб Олимпиадаялда цебе, Америкаялде данде рахъани жидерго комитет кIалагъоркье чIвалилан хIинкъана МОК.

ХIинкъизе ккеларо, нуж. Нужер контора цебего жаниса турана», - ян абуна хIукуматалъул вице-премьер Дмитрий Чернышенкоца.

ДАНДЕЛЪИ



Сергей Меликов

# Сабру ва гIакълу букIине ккола

**31 октябралда Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликов дандчIвана парламентариялгун, журналисталгун, жамгIияталъул батIи-батIиял вакилзабигун.**

Гьеб данделъиялъе гIиллалъун ккана араб гьатIан къоялъ МахIачхъалаялъул аэропорталда ккараб лъугьа-бахьин.

*«БитIараб бицани, гьеб лъугьа-бахьиналъ гIакълу бугевщинав дагъистаниясул рахIатхвезабуна. Гьединаб иш, миллатаздаса этносал цIикIкIун ругеб Дагъистаналда ккезе бегьулароан. Лъугьа-бахъунеб бичIчIуларел, гьоболлъиялъул ва гьудуллъиялъул гIадатазде квер хьвагIарал цоцо гIолилаз гьабуна гьаб акция аэропорталда. Гьезда гьорлъ руго къаси-къаси МахIачхъалаялда машинаби роржинарулелги, жидеего бокьахъе гIумру гьабулелги, законазул ва гIадатазул ургъел гьечIелги гIолилал. Гьел ккола, кодоб ярагъги ккун, ватIаналъе гIоло гIумру кьолел ругел васазул гIел бащадал. Гьеб тIоцебесеб нух гуро гьадинал лъугьа-бахьинал кколел ругел. Дагьал церегIан къояз Хасавюртталдаги букIана гьединабго данделъи. КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда лъицаго щибго миллатазе викъулароан, киналго цо хъизан гIадин рукIуаан. Нилъеца сундуе гIоло гьарулел маданияталда, адабияталда, спорталда хурхарал тадбирал. Щиб гьабизе лъагIел инегIан Расул ХIамзатовасул хIакъалъулъ бицунеб букIараб? Гьеб кинабго гьабула нилъер лъимал , гIолилал гIадаталги, тарихги, маданиятги лъалеллъун рукIиналъе гIоло. Гьаб лъугьа-бахьиналъулъ вукIарав цониги гIолилас Расулил тIахьал цIалун ратизе гьечIо. Гьез бихьизабуна жидер лъаялъулги гIаданлъиялъулги гIодобегIанлъи»*, - ян абуна **Меликовас**.

Гьединго республикаялъул бетIерас ракIалде щвезаруна РФялъул президент В. Путиница абурал, Дагъистаналда ккараб лъугьа-бахьиналъул байбихьи республика бахун къватIиб бугин абурал рагIабиги.

«Дагъистан жакъа буго Палестинаялъул халкъгун. Нилъеца гьезул лъимал риидал хIухьбахъизе къабул гьаризе руго. Дагъистан - гьеб ккола нилъер вузазда гьезул лъимал цIализе росизе хIадураб республика», - ян абуна **С. Меликовас**.

Муфтиясул заместитель АхIмад МухIамадовас абуна муфтияталъ кидаго улкаялъул киналго гIадамал цолъиялъул, миллаталъухъ балагьичIого, рикьалаби гьаричIого цоцазул адаб гьабиялъул рахъкколин.

Нилъер киназулго рахIатхвезабун буго Палестинаялда лъугьа-бахьунелъ, аза-азар дагъистанияс гьезие кумекалъе «Инсан» фондалде гуманитарияб кумек щвезабуна, щибаб какда хадуб нижеца гьезие дугIа гьабулаян абуна гьес.

Лъугьа-бахьиналда тIасан жидерго пикраби загьир гьарун кIалъана политолог ва журналист Ханжан Къурбанов, Дагъистаналда бугеб жугьутIазул цолъиялъул председатель Валерий Дибияев, ДРялъул Херазул советалъул председатель Ибрагьим Ибрагьимов ва цогидалги.

***П. МУХIАМАЕВА***

# Масъала цо буго: киналго рокъоре тIадруссин

**ДРялъул бетIер Сергей Меликов дандчIвана «Каспий» абураб батальоналъул аскариялгун. Жидеего бокьун рагъулаб хъулухъалде лъугьарал дагъистаниязул батальон гIуцIана жамгIиял гIуцIабазул хIаракаталдалъун ва республикаялъул нухмалъулесул квербакъиялдалъун. «Каспий» батальон букIине буго «Терек» абураб добровольцазул бригадаялда гьорлъ.**

ГъабсагIаталда батальоналда вуго 21-ялдаса 64-ялде щвезегIан ригьалъул 200-ялдаса цIикIкIун чи. КватIичIого гьел ине руго хасаб рагъулаб операция тIобитIулеб бакIалде. «ТIоцебесеб къоялдаса нахъе ватIаналъе гIоло къалул цебесеб кьерда вагъулев вуго бахIарчиял умумузул ирс къадруялда цIунарав аза-азар лебалав дагъистанияв. Жидерго гIумруялда барахщичIого цIунулел руго гьез гьудулзабиги ракълилаб дунялалъухъ урхъарал гIадамалги.

Жакъа гьебго нух ккун буго улкаялъул бищун мустахIикъал гIадамаз. Чидар мугъзада нахъаги рахчун чIечIого, нужеца хIукму гьабуна улка цIунулезул кьеразулъе лъугьине. Гьебги гьабуна, тIаде босулеб ишалъул жавабчилъиги рагъулаб хъулухъалъул жакъа бугеб кIварги бичIчIун», – ан бицана республикаялъул бетIерас.

Гьес ракIалде щвезаруна, МахIачхъалаялъул аэропорталда ккараб лъугьа-бахъиналдаса хадуб Владимир Путиница абурал рагIабиги: «Унго-унголъунги хIакъикъатги ритIухълъиги цIунулев, Бакъбаккул улкабаз хьихьулеб бугеб квешлъиялдегун зулмуялде, расизмалдегун неонацизмалде данде къеркьолев чи гьабсагIаталда вагъулев вуго фронталда – Донецкалда, Авдеевкаялда, Днепралда», – ян.

Улкаялъул президентас жеги абуна: «Унго-унгояв бихьинчиясул, унго-унгояв рагъухъанасул борч буго, ярагъги кодобе босун, жиндирго ватан цIунизе рахьине, хъолбохъ эхети. Россиялъулги ва тIолабго дунялалъулги, гьелда гьоркьоб Палестинаялъул халкъалъулги букIинесеб къисматалъе хIукму къотIулеб бакIалда вукIин», – ан.

Рагъухъабигун дандчIвалаго, Сергей Меликовас абуна, СВОялъул гIахьалчагIазул хьизамазе чIезарурал киналго бигьалъабиги квербакъиги гьабизе бугин «Каспий» батальоналда ругел аскариязул хьизамазегиян абун. «Гьеб буго ритIухълъи цIуниялъул, ватIан цIунулезул хасаб бахIарчилъи кьабул гьабиялъул суал. Гьарула нужер эбел-инсуеги, хьизамазеги, лъималазеги сабруги къвакIиги. Гьеб буго захIматаб хIалбихьи, амма ниж кидаго нужгун руго ва нужее кумекалъул квер бегьизе хIадурал руго», – ян абуна регионалъул нухмалъулес.

С. Меликовас абуна, рагъухъабазеги, жидеего бокьун рагъулаб хъулухъалде лъугьаразеги, цIиял регионазул гIадамазеги кумек гьаби республикаялъул идарабазда цебечIараб аслияб масъала ккола абун. «Ниж чIухIарал руго нужедаса! Рагъулаб ишалдаса кIвар бугеб хIалтIи гьечIо жакъа. Нужеда бараб буго жакъа улкаялъул хIинкъи гьечIолъи цIуни, нужеда бараб буго нилъер ватIаналъулги гIемермиллатазулаб халкъалъулги букIинесеб», – ан добровольцазде хитIаб гьабуна республикаялъул нухмалъулес.





Регионалъул бетIерас тIадеги жубана: «Дагъистан балагьун букIина нужехъ. Бергьенлъигун тIадрусса!» – ян.

«Дун чIухIарав вуго, жидеего бокьун, бахIарчияб ишалде гали тIамизе таваккал гIурал нужеда цеве эхетизе рес щвеялдаса. Нуж руго ватIан цIунулезул мухъилъ. Баркала нужее ватIаналъе ритIухълъиялъухъ, ватIан бокьиялъухъ, Россия цIунизе хIадурал рукIиналъухъ. Ва кIочонге – нужехъ балагьун руго рокъор!» – гьединаб хитIаб гьабуна рагъухъабазде ГIалибег Хъазанбиевас.

Жакъа гьев вуго ДРялъул ЖамгIияб палатаялъул ГIолилазул ишазулги, спорталъулги, добровольчествоялъулги ва патриотал куцаялъулги комиссиялъул председатель. Щуго лъимадул эмен ГIалибег Россиялдаго машгьурлъана, жиндиего бокьун гьоркьиса СВОялдеги ун, тIад рагIи абиларедухъ, рагъулаб хъулухъ тIубазабун хадуб.

«Каспий» батальоналъул командир Василий Наумочкиница абуна, хас гьабун гIуцIараб штабалъ моцIгун бащдаб заманалда тIаса рищанила добровольцал. ХIисабалде босулеб букIана рагъулабги граждаиябги махщел, сахлъиялъул хIал ва цогидаб. «Батальоналде лъугьине бокьарал гIемер руго, гьел нилъгун рукIина дагьалъ хадур. Штаб хIалтIулеб буго. Нижеца цониги чи витIизе гьечIо къалул цебесеб кьерде, сундуего хIадурав вугевлъи мухIканлъизегIан. Масъала цо буго – хIасил кьезе ва киналго рокъоре тIадруссинаризе», – ян бицана В. Наумочкиница.

Контракт хъвазе бегьула анлъго моцIалдаса лъагIалиде щвезегIан. Добровольцасул моцIрол харж букIине буго 195 азаргоялдаса цIикIкIун. Сергей Меликовасул тIадкъаялда рекъон, гьелде тIадеги регионалъ кьолеб буго 125 азарго гъурущ. Рагъухъабазул лъимал тIоцебесеб иргаялда росизе руго лъималазул ахикьегун вузазде, рукIине руго цогидал бигьалъабиги.

ДандчIваялъул тадбиралда рагъухъабазе шапакъаталги кьуна Сергей Меликовас. Гьезда гьоркьор рукIана СВОялде тIадруссунелги Россиялъул цогидал регионазасаги рачIун, добровольцазул батальоналде лъугьарал рагъухъабиги.

# 4 ноябрь - Россиялъул халкъал цолъиялъул къо

**1612 соналъул гьеб къоялъ гIурус халкъ бахъана жиндирго ракьал цIунизе. 2005 соналдаса байбихьун гьеб байрам кIодо гьабулеб буго Россиялда. Гьеб ккола Россиялда гIумру гьабун бугеб 193 миллаталъе тарихияб кIвар бугеб лъугьа-бахъинги. Гьелда жаниб буго улкаялъул къучI, магIна – халкъазул миллияб цолъи ва цадахъаб жавабчилъи. Жакъа Россия буго гIемермиллатазул щулияб, къуватаб ВатIан. Гьельул пикруялъухъ гIенеккула дунялалъул киналго улкабазул нухмалъулелги. Дагъистаналъул къисматги щулаго бухьараб буго Россиялъул гIумруялда. ГIасрабаз цереккун лъугьарал гьел гьоркьорлъаби къойидаса къойиде щулалъулелги руго. Дагъистаналъул халкъазе цолъи буго лъимерлъиялдасаго бидулъ босулеб хасият, гIамал.**

Нилъер эраялде щвелалде, VIII-VII гIасрабаздаса байбихьун, нилъер миллатазул, къавмазул цадахъ гIумру гьаби ва цолъи лъугьана гьечIого гIолареб ишлъун. Гьединлъидал дагъистаниязул гьеб байрамалда сверухъ киданиги бичIчIунгутIи букIинчIо. Нилъер халкъазе бокьула цогидазда гьоркьоб жидерго къадру-къимат борхатго ккезе гIураб адабияб ва маданияб бечелъи букIине, жидер вакилзаби борхалъуда рихьизе. Халкъазул къуват бихьизабизе бокьи ккола жидеда ращадазда гьоркьоб жидер гьумер гвангъараб, берцинаблъун букIине ва бихьизе бокьи. Гьелъул хIасилалда нилъер халкъазул цолъи релълъуна берцинал тIугьдузул квацIиялда.

ДандечIеялъул бицани, нилъер халкъал цолъун, данде рахъуна къватIиса вачIунев тушманасде, тIаде щолеб хIинкъиялде. Гьеб лъала Надир-шагьасул аскарал тIаде кIанцIидалги, КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб мехалъги. Нилъер гьеб хасият загьирлъана 1999 соналда халкъазда гьоркьосел хьачагъал Дагъистаналде кIанцIараб заманалдаги. Жакъаги Украиналда хасаб операция тIобитIулеб заманалда цолъиги гьункиги бихьизабулеб буго нилъер улкаялъул щибаб миллаталъул гIадамаз.

Цолъи, цоцада ричIчIи буго нилъер халкъазул абадияб бечелъи. Амма гьеб цIунизе ккола. Берцинал тIугьдузе лъим къваригIунеб гIадин, халкъалъул гьудуллъиялъеги бокьула цоцаздехун берцинаб бербалагьи.

# Миллияб политика цебетIеялъе тадбирал

**Гьал къоязда Москваялда унел руго политикияб ва миллияб рахъалъ кIвар цIикIкIарал тадбирал.**

**«Россиялъул халкъазул жамгIиябгун пачалихъияб гIуцIиялъул» тIоцебесеб съездалде хIадурлъулаго, Россиялъул субъектаздаса рачIарал вакилзаби жакъа дандчIвана «Россиялъул халкъазул гьудуллъиялъул рукъалъул» ва улкаялъул ЖамгIияб палатаялъул нухмалъулелгун. Гьениб кIвар буссинабуна халкъазда гьоркьосел миллиял суалазде. Киназулго кIалдиб буго МахIачхъалаялъул аэропорталда ккараб лъугьа-бахъин. Гьелда бан тIобитIараб хасаб данделъиялда Россиялъул президент В. Путиница загьир гьабуна рекъел цIунизе кколин абураб пикру.**



Миллияб политикаялъул Стратегиялда хиса-басиял гьариялъул суалалда хурхун жакъа ЖамгIияб палатаялда тIобитIана данделъи. Гьениб дица гьабуна халкъазул миллиял маcIал, адабият лъазабиялде жавабчилъи цIикIкIинабизе кколин абураб магIнаялъул кIалъай. Гьелъул рахъккуна Коми-Пермяцк автономияб округалъул, Гъарачаево-Черкесия ва Осетия республикабазул вакилзабаз, Россиялъул ЖамгIияб палатаялъул комиссиялъул нухмалъулев Владимир Зориница ва РФялъул Президентасда цебе гIуцIараб Миллияб политикаялъул советалъул член Светлана Смирновалъ.

Гьал къояз Москваялда тIобитIизе буго Россиялъул халкъазул форумги. Рехсарал тIолгороссиялъул чIахIиял жамгIиял тадбиразул аслияб магIна буго «2025 соналде щвезегIан Россиялъул пачалихъияб миллияб политика цебетIезабиялъул хIакъалъулъ» абураб Стратегия кинаб даражаялда гIумруялде бахъинабулеб бугебали мухIкан гьаби ва хадубккун гьеб рахъалъ тIуразе кколел масъалабазул халгьаби.

*Зикрула ИЛЬЯСОВ*

# Берцинлъигун цадахъ кьолеб тарбия

**Гьаб лъагIел ахиралде щолаго гIемераз абулеб рагIана, кигIан кIудияб гьунаралъул шагIир вугониги, исана Расул ХIамзатовасул юбилеялъулал тадбирал ризлъун кканилан. Амма жеги лъицаго бицунеб рагIичIо рахьдал мацIалда цIалулел Расулил асаразухъ гIенеккун чIалгIаниланги. Гьелда ракIичIезабуна араб анкьил ахиралда Авартеатралъул коллективалъ.**

## Дунялго бахилаб нилъер хазина

27 октябралда Авартеатралъ бихьизабуна Расул ХIамзатовас 100 сон тIубаялде хIадурараб «Сонал, саринал, сапарал» абураб литературиябгун музыкалияб композициялъул премьера.

Гьеб байбихьилалде цебе театралъул нухмалъулез журналистазе кьокъго бицана композиция гIуцIараб къагIидаялъул.

Цогидал бакIазда гIадин, гIицIго шагIирасул асарал росун гурел, живго Расулил гIумру театралияб къагIидаялъ авалалдаса ахиралда тартибалда бихьизабизе бугилан абуна Авартеатралъул директор МухIамад БисавгIалиевас:

*- МагIарухъ гIурав гIанчIав гIолилав, Москваялъул Литературияб институталъул студент, дунялалда машгьурлъарав шагIир, хъулухъчи, хIукуматалъул трибунаялда кIалъалев халкъалъул вакил, жиндир гьалатIаз, заманалъул гIузрабаз пашманлъарав гIакъил - гьединав Расул вихьизавизе хIаракат бахъана театралъ.*

*- «Сонал, саринал, сапарал» спектаклалда гIахьаллъулел руго театралъул тIолалго актерал. Гьеб гIуцIулагоги нижер мурад букIана, сценаялда лъугьа-бахъунебщинаб нилъерго магIарул къагIидаялъ, гIадатиял гIадамазул ракIазулъе лъугьунеб хIалалъ кьезе,* - ян бицана художественнияв нухмалъулев, бетIерав режиссер МухIамад-ГIарип Сурхатиловас.

КIудияв шагIирасул хасият-гIамал, хъизаналъул хинлъи, гIумруялъул батIи-батIиял соназ жиндир ракIбухIарал лахIзатал рагьулеб сценарий гIуцIун бугоан театралъул актер МухIамадрасул ГъазимухIамадовас:

*- БитIараб бицани сценарий гIуцIизе дие расги бигьалъичIо, Расулил асаразда гьоркьоса мухъал хьирщулаго, кодобе босизе гурони, нахъе рехизе бегьилин ккараб загIипаб рагIи гьечIолъиялъ. Цоги дир ракI бухIана гIумруялъго Расулил творчество лъазабиялде вуссинчIолъиялдаса.*

Россиялъул мустахIикъав артист ХIусен Казиевас абуна кIудияб, хазина танин Расул ХIамзатовас нилъер миллаталъе, магIарул театралъул репертуаралдаги гьесул асарал камизе бегьуларилан.

## Гьасул роржен нилъеда чанги бихьила

Спектакль байбихьилалдего занкIун цIураб зал бачIинахъего сасинабуна сценаялда лъугьа-бахъунелъ. КечI хъвазе ругьунлъулев, тIоцебе казияталда рахьарал жиндирго куплетаздаса вохулев, росулъ гIолев васасдаса байбихьун гIумруялъул ахирал соназде щвезегIан Расул сценаялда чIаго гьавуна театралъул гIолохъанав актер МухIамад Дудуевас .

ЧIамучIлъи гьечIеб, бигьаго рекIелъе чвахулеб щибаб лахIзат; эбелинсул насихIатал; Расулие хасиятаб махсара гIемераб гIакъиллъи; Дагъистаналде жиндир кIудияб рокьи бикьулев, гьеб кинабго дунялалъе рагьулев шагIирасул гIумру; кIудияб экраналда бихьизабулеб живго Расулил рокьоб аваданаб гъасдеруссин, гьелда рекъон актеразул хIай, магIарулазул сухIмат - гьагъадин тIагIамалда кодобе кьолеб бугони, рачIинарищха магIарулал миллаталъул гъасде!

Дудуевасул гьунаралъул нижеца цебеккунги гIезегIан бицана, кигIан бицаниги, мустахIикъавги вуго. Театр бокьиялъ гьитIинго сценаялде вахарав, вачIинахъего къабулги гьаврав гьесул роржен нилъеда жеги бихьила. ЛъикIаланго заманалъ хъатил гъугъаялъ сценаялдаса нахъе риччаларого рукIана артистал. Гьеб букIана актеразул хIаялде гуребги, живго Расулиде, гьес магIарулазе тараб хIасратаб шигIрияб каламалде загьир гьабулеб рокьигун хIурмат.

ЛъикIаланго заманалъ хъатил гъугъаялъ сценаялдаса нахъе риччаларого рукIана артистал. Гьеб букIана актеразул хIаялде гуребги, живго Расулиде, гьес магIарулазе тараб хIасратаб шигIрияб каламалде загьир гьабулеб рокьигун хIурмат.





Пардав къан хадуб сверухъ бицунелъухъ гIинтIамидал, разиял гIадамаз цоцада абулеб рагIулеб букIана:

*- Жидерго мухъаздалъун халкъалъе рокьизарилин лъугьарал шагIирзаби чIамучIлъула, Расулил чIаголъи, махсараялъул гIакъиллъи кочIолъги гIумруялъулъги кидаго къабулаб букIана халкъалъе.*

*- МашаАллагь, пагьму бугев вас, дос рекIехъе бицанщинаб кечI! БерккечIого хутIанадай досда къаси!*

*- Дун поэзиялдаса рикIкIадай гIаданги йиго, комедиязде гурони гIемер театралдеги ячIунаро, амма къаси ракI хIеккинабуна. МагIарулай йикIиналдаса жеги чIухIана...*

*- Дие цIакъ бокьана жакъасеб зал, сценаялда бицунелъухъ гIадамаз гIинчIвай..*

Спектакль лъугIун хадубгицин къватIире ине гIедегIулел рукIинчIо гIадамал. Гьеб къагIида гIадатлъунги лъугьун буго Авартеатралда. ЖанахIалъур дандчIвала пикруцоял, нагагь гурони рихьуларел гьалмагъзаби. Кьо бахъанагIан театралъул кьимат гьабизе, комедиял гурелги спектаклязул кьимат гьабизе ругьунлъулел руго гIадамал. Гьеб гурищха берцинлъигун цадахъ кьолеб тарбия.

«Сонал, саринал, сапарал» жеги тIадхIалтIун камил гьабун хадуб-ккунги чанцIулго бихьизабизе бугин абуна театралъул нухмалъулез.

**ПатIимат ГЬИТIИНОВА**

## АФИША

**Авартеатралъ гьаб гIагараб заманаялъ нилъее бихьизабизе хIисабалде босаралъул баян:**

* * *

4 ноябралда Авартеатралъ нилъ ахIулел руго искусствоялъул сордо цадахъ дандчIвазе. Бакъанида, 16-00 тIубайгун буго «Къуват цолъиялъуль» абураб цIаралда гьоркь, Дагъистаналъул мустахIикъай артистка Мадина МухIамадрасуловалъ гIуцIараб ватIан бокьиялде ахIулеб шигIрияб спектакль.

Къаси сагIат 18.00 тIубараб заманаялъ байбихьизе буго бечедаб программаялъул «Расул ХIамзатов ракIалдещвеялъул сордо» Расул ХIамзатовасул хIурматалда тIобитIулеб гьеб тадбиралда театралъул сценаялдаса рагIила кIудияв шагIиргун гIемер дандчIварал машгьурал гIадамазул ракIалдещвеял, рихьила шагIирасул творчествоялда ва гIумруялда хурхун хIадурарал литературиял, музыкалиял ва театралиял церерахьинал.

Искусствоялъул сордоялъ Авартеатралъ нуцIби рагьун руго Расулил асарал рокьулелщиназе, гьеб тIобитIулеб буго белтал ричичIого.

3 ноябралда 20 сон тIубала Расул абадияб рокъове аралдаса.

* * *

11 ноябралда балагьизе рес буго, гIемеразе къабуллъараб, « Цо ясалъул ункъо бахIарав» абураб комедиялъухъ.

Байбихьулеб заман 19.00

* * *

17 ноябралъ театралъул программаялда буго, чи жиндир гIумруялъул хIисаб гьабизе, ургьизе тIамулеб, «Илбисалъул кверщаликь» спектакль. Гьеб драмаялъ сценаялда рагьула жакъасеб жамгIияталъул цо-цо гIузраби, бихьизабула цIияб гIасруялъул гIадамазул рухIияб язихълъи.

Байбихьулеб заман 19.00

* * *

22 ноябралдайин абуни театр бокьулезе хIадурулеб буго цIияб, «Имеретиялдаса бахIарай» спектаклялъул премьера. Сценаялда гьеб лъезелъун Авартеатралъ Кабардино-Балкариялдаса ахIун вукIана машгьурав режиссер Роман Дабагов. Гуржиязул хъвадарухъан Давид Клдиашвилил асарги кьочIое босун гIуцIараб гьеб спектакль батIи-батIиял мацIазда лъуна Россиялъул ва цогидал улкабазул театраз.

«Имеретиялдаса бахIарай» спектаклялъул премьера байбихьизе буго къад сагIат 15.00. тIубараб заманалъ.

* * *

1 декабралда нилъеда цIидасанги бихьила гIадатиял магIарулазул гIумруялъул гIуцIи рагьулеб ГIарип Расуловасул асаралда рекъон лъураб «Росулъ ккараб кепаб иш» абураб комедия.

Байбихьулеб заман 19.00

# Шапакъатал гьарзаяб байрам

**КIиабилеб ноябралда МахIачхъалаялда, ЛъарагI театралда тIобитIана ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб Дагъистаналъул педагогикаялъул гIелмиял цIех-рехазул институталъул (ДНИИП) 80-сонилаб юбилеялъул хIурматалда гIуцIараб байрам. Гьеб нухда бачана ДРялъул мустахIикъав артист Алексей Тимохиницаги Дагъфилармониялъул артистка Хьиринду Султановальги.**



Байрам байбихьана Россиялъулги Дагъистаналъулги гимназухъ гIенеккиялдалъун. Кьабун цIун букIана ЛъарагI театралъул зал. Республикаялъул школазул учительзабигун директорал, вузазулгун гьоркьохъеб лъай кьеялъул идарабазул преподавателал, Дагъистаналъул федералияб цIех-рехазул централъул вакилзаби, ДРялъул хIукуматалъул хIакимзаби ва Халкъияб Собраниялъул депутатал – киналго рачIун рукIана ДНИИПалда байрам баркизе.

Гьаруна баркиялъул кIалъаялги. ДРялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас ракIалде щвезаруна ДНИИПалъе кьучI лъурал гIалимзабигун педагогал ва абуна: *«ХIурматиял гьалмагъзаби! Педагогикаялъул НИИ ккола улкаялда цо бугеб, кьанагIатаб ва гIолеб гIелалъе миллиябгун маданияб лъай кьеялде кIвар буссинабулеб гIелмияб идара. Гьеб буго кутакалда захIматаб масъала – рахьдал мацIалги адабиятги цIуни, хасго жакъа, глобализациялъул гьури гучлъулеб заманалда.*

*Нилъеда цебечIун буго миллиябгун маданияб лъай кьей цебетIезабиялъул масъала. Гьеб тIубазабизе ккола республикаялъул нухмалъиялъулги, гIалимзабазулги ва жамгIияталъулги цадахъаб хIаракаталдалъун. Институталъ хIадурула миллиябгун регионалияб компоненталда гьорлъе унел цIалул тIахьал, методикиял пособиял, программаби. Гьеб рахьалъ институталъе квербакъи гьабизе буго Дагъистаналъул хIукуматалъ»*, - ан.

ДРялъул хIукуматалъул рахьалдаса ГI. ГIабдулмуслимовас пачалихъиял шапакъаталги кьуна. «Дагъистаналъул гIелмуялъул мустахIикъав хIаракатчи» абураб цIар кьуна Марат Байрамбековасе, Къурбан Акимовасе, ХIайбула Вакиловасе ва Низами СапаргIалиевасе; Пиразат Магьдиевалъе кьуна «ДРялъул лъай кьеялъул мустахIикъав хIалтIухъан» абураб цIар ва ДНИИПалъул директор Альбина Аруховалъе – Баркалаялъул кагъат.

ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министр ЯхIя Бучаевас ракIалде щвезабуна Дагъистаналда школазул институт рагьи. *«Кавказ*



*1943 соналда фашистаздаса эркен гьабураб мехалда, хадубккуниш хIалуцараб рагъ унеб букIараб, улкаялъего захIматаб заманалда рагьана Школазул институт. Гьеб буго нилъер республикаялде улкаялъул нухмалъиялъул букIараб лъикIаб бербалагьиялъул гIаламат. Гьелдаса нахъе ДНИИПалъул педагогалги гIалимзабиги хIалтIулел руго школазе цIалулгун методикиял тIахьал хIадуриялда тIад. Гьеб рахьалъ лъикIал хIасилалги руго.*

*КIудияб баркала буго ДРялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасе. Гьесул хIаракаталдалъун гьоркьиса республикаялъул бюджеталдаса 200 миллион гъурущ биччана рахьдал мацIазда тIахьал рахъиялъе. Исанасеб бюджет тасдикъ гьабулеб мехалдаги, хьул буго, гьелде гIарац кьеялде»*, - ян бицана министрас.

«Лъай кьеялъул къадруяв хIалтIухъан» абураб цIар кьуна министрас ДНИИПалъул хIалтIухъабазе: Асли Аммаевалъе, Светлана Мутаевалъе, Ширинат Жамалиевалъе, Заира Мадиевалъе ва гь.ц. «ДРялъул лъай кьеялъул отличник» абураб цIар кьуна Уздият ИсмагIиловалъе, МухIамад Къурбановасе, Разият Ражабовалъе ва цогидазеги.

Санкт-Петербургалда бугеб «Просвещение» абураб басмаханаялъул вакил Сергей Зубовас гьадинаб пикру загьир гьабуна: *«Тахо-Годил институталда цадахъ гIемерал соназ нижеца кьватIире риччала рахьдал мацIалъул ва адабияталъул тIахьал. Жакъа хIадурулел руго анлъабилеб классалъе цIалул тIахьал. Гьел руго анлъго аслияб мацIалда рахъулел тIахьал: магIарул, дарги, лъарагI, лак, лезги ва табасаран. Хьул буго хадусел соназдаги кIиязего пайдаяб гьоркьоблъи букIиналде.*

*Дун Дагъистаналде вачIана институталда байрам баркизе. ТIахьазул авторазе сайгъаталги росана. Абизе кола, батIи-батIиял мацIазда тIахьал рахъулел ругониги, гьезул авторазулгун нижер буго щулияб бухьенги гьудуллъиги. КиналгIаги захIмалъабиги рукIунаро. Басмаханаги авторалги рикIкIада ругониги, нижер букIуна цоцалъ рекъон гьабулеб хIалтIи. Авторал кидаго хIадурал руго тIахьазда тIад жеги хIалтIизе ва гьезул малъа-хъваязухъ, ритIизариязухъ халгьабизе кьачIан рукIуна басмаханаялъул хIалтIухъабиги»*, - ян.

Киназего бокьана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул Лъай кьеялъулгун гIелмуялъул комитеталъул председатель Елена Ельниковалъул кIалъай. Рахьдал мацIалги миллияб адабиятгун маданиятги цIуниялъулъ институталъ лъолеб кIудияб бутIаги гьелъул бугеб пайдаги рехсон, Е. Ельниковалъ абуна: *«Лъалищ, Расул ХIамзатовасул 100-сонилаб байрамалде хIадурлъулаго, ДРялъул хIукуматалъул председатель ГI. ГIабдулмуслимовас щивасда гьикъулеб букIана, дуда лъалищ Расулил кечI рахьдал мацIалдаян абун. Лъаларин кин абилеб? Байбихьанаха депутатазги пачалихъиял хIакимзабазги рахьдал мацIалда Расулил кучIдул лъазаризе»*, - ян.

ГIалимзабазе шапакъатал кьуна гьелъги. Гьезда гьоркьой – Баху МухIидиновальеги.

32 соналъ ДНИИПалъе нухмалъи гьабуна ХIамидуллагь МухIамадовас. *«1938 соналда улкаялъул хьвай-хъвагIаялда хиса-басиял гьаруна, ай киналниги республикабазда ва автономиял округазда байбихьана кириллицаялъул кьучIалда гIуцIараб графика хIалтIизабизе. Киналго республикабазул нухмалъулез СССРалъул хIукуматалде хитIаб гьабуна жидее Школазул институт рагьизе хIажат бугин абун. Институт рагьана гIицIго Дагъистаналда – Алексей Косыгинил рагIабазда рекъон, «гIемер миллаталги ма-цIалги ругеб автономияб республика цебетIезабиялъул мурадалда». Гьединаб бербалагьи букIана нилъер республикаялде советияб улкаялъул. Гьединабго тIалабияб бербалагьи буго жакъасеб улкаялъул президентасулги»*, - ян бицана гьес.

Баркиялъул кIалъай гьабуна Дагъистаналъул учительзабазул ассоциациялъул председатель Анжела Байрамбековалъ ва «Бищун лъикIав рахьдал мацIалъул учитель» абураб конкурсалда 2022 соналда бергьенлъи щварав Рамазан ГъазимухIамадовас.

Байрамалда кучIдул ахIана Дагъистаналъул халкъиял артистаз: Зайнаб Махаевалъ, Лариса ХIажиевалъ, Рукъият ХIажиевалъ, Хьиринду Султановалъ. Бищунго бокьана ГIали МухIамадгIалиевасул нухмалъиялда гьоркь бугеб «ВатIан» абураб лъималазул кьурдул ансамблялъул цебебахъин.

Тадбиралъул ахиралда Альбина Аруховалъ киназего баркала кьуна.

Къалъудаса хадуб институталда тIобитIана гIелмияб сессияги.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***



# Сахлъиялъул хъаравуллъуда

**ДРялъул бетӀер Сергей Меликов гӀахьаллъана «Служение здоровью» абураб гӀелмиябгун практикияб конференциялда. Гьеб тӀобитӀана Н.А. Лопаткинил цӀаралда бугеб Урологиялъул республикаялъулаб централъул 30-сонилаб юбилеялъул хӀурматалда.**

**Урологиялъул централда унтаразе кумек гьабула тӀадегӀанаб даражаялда. Гьелъие хӀажатал киналго шартӀал гӀуцӀун руго гьенир. Щибаб соналда гьениб гьабула кӀиазаргогӀанасеб операция.**



«30 сон – гӀураб болжал гуребги, къимат тӀокӀаб хӀалбихьиги цебетӀураб, гӀелмияб къучӀалдагун инсан вокьиялъул ва этикаялъул къагӀидабазда рекъон хӀалтӀулев, тӀадегӀанаб квалификациялъул анцӀ-анцӀ махщелчи гъорлъе вачунеб кӀудияб бечелъиги ккола.

Нужеца гьабулеб буго баракатаб иш – нуж руго дагъистаниязул гуребги, тӀолго Севериияб Кавказалъул унтаразул сахлъиялъул хъаравуллъуда. ТӀаса бищараб пишаялъе ритӀухъал тохтурзабазулги Централъул цогидал хӀалтӀухъабазулги хӀаракаталдалъун унтаразе щолеб буго тӀадегӀанал технологиязул къучӀалда гӀуцӀараб медицинаялъул кумек. Гьарула Урологиялъул централъе икъбал ва жакъасеб конференциялъул гӀахьалчагӀазе пайдаяб хӀалтӀигун баракат ва щулияб сахлъи», – ян абуна Сергей Меликовас, конференциялъул гӀахьалчагӀазде хитӀаб гьабулаго.

Ищцоязде баркиялъул калам гьабуна Россиялъул Сахлъи цӀуниялъул министерствоялъул Н.А. Лопаткинил цӀаралда бугеб Урологиялъулги интервенциялъулаб радиологиялъулги гӀелмиял цӀех-рехазул институталъул профессор Олег Аполихиницаги. «Нижеда лъала Централда гӀумруялде рахъинарулел ругел программабазул хӀакъалъулъ. Гьеб буго Централъул нухмалъиялъулги гьелъул хӀалтӀухъабазулги хӀаракаталъул хӀасил. Нижеца кӀудияб къимат гьабула Централъулгун бугеб бухьеналъул ва ракӀчӀола хадубккун гьел бухьенал жеги камиллъиялда. Хьул буго гьелъ медицина цебетӀезабизе квербакъиялде», – ян бицана гьес.

«Урологияб хъулухъалда жакъа кколел руго кӀвар бугел хиса-басиял. Централъул руго 50 унтарасе бакӀ бугеб урологиялъул кӀиго отделение, анестезиологиялъулгун реанимациялъул отделение, кӀващул мухъазда ругел ганчӀаздаса сах гьарулеб отделение, эндоскопиялъулгун рентгеналъул ва УЗИялъул кабинетал, консультативияб поликлиника ва къалъул стационар», – ан бицана ДРялъул сахлъи цӀуниялъул министр Татьяна Беляевалъ.

Конференциялда вукӀаго, Сергей Меликовас пачалихъиял шапакъатал къуна медицинаялъул хӀалтӀухъабазе. Масала, Олег Аполихинике къуна Дагъистан Республикаялъул ХӀурматалъул грамота, урологияб централъул тохтур-кардиолог Калимат Бамматовалъе – «ДРялъул мустахӀикъай тохтур» абураб цӀар.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

# Инсульталде данде къеркьеялъул анкь

**Гьал къоязда А. Вишнёвскиясул цӀаралда бугеб республикаялъулаб клиникияб больницаялда хвасар гьаюна инсульт ккарай 62 сон барай чӀужугӀадан. Бидул тӀадецуй цӀикӀкӀиналъул хӀасилалда инсульт ккарай гӀаданалъул черхалъул квегӀаб рахъ тӀубанго палижалъ (паралич) ккун букӀана.**



Больницаялде къабул гьарулеб ва халгьабулеб отделениялда бачӀинахъего кардиологас, неврологас ва реаниматологас халгьабуна. Унтаралъул ишимияб инсульт ккун букӀин чӀезабуна. Ва унти бачӀаралдаса ункъогун бащдаб сагӀаталда жаниб чара гьечӀого гьабизе кколеб тромболитикияб дару гьабуна гьелъие. Амма гьелъ кколеб хӀасил кьечӀо, щайгурелъул унтаралъул чорхолъ би хьвадиялъул низамалъе кӀудияб зарал ккун батана. Бидурихьазда жаниса тромбал къотӀизе ккана. Тохтурзабаз жиндир заманаялъ гьабураб кумекалъул хӀасилалда унтаралъул черхги рукӀалиде бачӀана. Гьединаб лъикӀаб хӀасил ккана, тохтурзабазул махщел камилаб букӀиналъ гуребги, унтарай жиндир заманалда больницаялде ячиналъул хӀасилалда. Гьей больницаялде ячана унти тӀаде бачӀараб сагӀаталда жаний.

Октябралъул ахирисеб анкь нилъер улкаялда инсульталде данде къеркьеялъул анкьлъун лъазабун букӀин хӀисабалдеги босун, тохтурзаби-неврологаз киназдаго ракӀалде щвезабулеб буго инсультаълул аслиял гӀаламатал кинал рукӀунелали. Гьел ккола:

- макъу хвей;
- тохлъукьего бетӀер квешго унти (зоб гъугъалеб кинигин);
- лъавудаса ин яги гӀакълу биххи;
- тохлъукьего цояб яги кӀиябго берзул канлъи дагьлъи;
- цояб рахъалъул квер яги бох тохлъукьего загӀиплъи;
- бащдаб гьумер собой яги хиси.

ГӀадалнахул би хьвадиялъул къагӀида хварав чиясул гӀумру хвасар гьабиялъе щибаб минуталъул цӀакъ кӀудияб кӀвар буго. Тохтурзабаз гьесие гӀумру хвасар гьабизе ва гьев инвалидлъун хутӀиларедухъ хехаб кумекги гьабизе ккани, гьев больницаялде хехго щвезавизе ккола. ТӀоцебесеб 4,5 сагӀаталда жаниб гьабизе ккола гьесие чара гьечӀого хӀажатаб кумек. Гьедин гурони, унтарав тӀубанго сахлъизавизе рес букӀунаро.

### Унтаразе тӀоцебесеб кумек

Статистикиял баяназда рекъон, инсульт ккарал унтаразул 10-15 процент ккола 18-50 сонил ригьалъул гӀадамал. Медицинаялъул цӀех-рехал гьарулел гӀалимзабазги абулеб буго, гьелъие гӀилла бугин гӀолохъанго хъалиян бухӀулел, къаралъарал, гипертониялъ ва чакрил диабеталъ унтарал гӀадамал гӀемерлъи. Хехал тадбирал гьаричӀони, гӀагараб заманалда инсульт лъугьине бегьула хӀалтӀизе бажарулел, ай жеги жаналда ругел гӀадамазул ругьунал унтабазул цояблъунинги абулеб буго гьез.

Инсульт чӀезабиялъул, гьеб ккарасул сахлъиялъе цӀикӀкӀараб зарал ккунгутӀиялъул ва гьесие хехаб кумек гьабиялъул мурадалда щивав инсанасда лъазе лъикӀаб буго гьал хадусел тадбирал:

- пуланав чиясул инсульт бугищали лъазе, гьесда гьаризе ккола гьимеян яги цаби рихьизареян абун. Инсульт бугев чиясухъа гьеб бажаруларо ва гьесул кӀалалъул цояб рахъ далунги букӀуна;
- унтиялде щаклъи бугев чиясда гьарула кверал гӀебеде ритӀеян (90° бокӀон лъугьунедухъ – гӀодов чӀун вугони ва 45° - вегун вугони). Инсульт бугев чиясул цояб квер далухъе хутӀула;
- гьаре гьесда цо щиб букӀаниги абизе, дуда хадубниги такрар гьабизе – инсульт бугесухъа бажаруларо магӀна бичӀчӀуледухъ предложение бицун;
- ахӀе хехаб кумек – 4-4,5 сагӀаталда жанив тохтурзабазухъе щварав чиясул сахлъи цӀунизе гӀемерго бигьалъула.

### Кин цӀунилел инсульталъукьа?

Киданиги инсульт ккечӀелги ва цогӀаги нухалда гьеб ккаралги гӀадамазе гьабулеб кумек букӀуна батӀи-батӀияб. Профилактикаялъул мурадалда цин чӀезаризе ккола инсульт ккеялъул хӀинкъи бугел хӀужаби: чиясул жинс, ригь, хъизамтухумалда инсульт ккарав чи вугищали, артериалияб гипертония, хъалиян бухӀи, чакрил диабет, рекӀел къабиялъул ва липидазул обменалъул хиса-басиял, кӀудиял бидурихьазул (сонная артерия) атеросклероз, кванил гӀадлу хвезаби, къаралъи, цо бакӀалдаса щуричӀого хӀалтӀи. Рехсарал хӀужаби жиндилъ тӀатарав чи ине ккола тохтурасухъе ва халгьабизе ккола бидулъ чакрилгун холестериналъул къадар хисун бугищали. Тохтурас малъизе буго кванил низамги гьекъезе кколел дарабиги.

ЦӀех-рехазул хӀасилалдалъун, бищунго тӀибитӀараб ва кӀвар цӀикӀкӀараб хӀинкъилъун ккола гипертония. Бидул тӀадецуй цӀикӀкӀарав чиясул инсульт ккеялъул хӀинкъи гӀемерлъула 2,5 нухалъ. ГӀалимзабаз абулеб буго, профилактикаялъул тадбираздалъун гӀадамазул 80 процент хвасарлъизе бегьулила инсульт ккеялдаса.

Инсульт ккарал гӀадамазул 10 процентниги бажарула тӀубанго сах гьарун. Гьелъие гӀоло къеркьезе ккола неврологалги, логопедалги, психологалги, эрготерапевталги ва цогидал махщелчагӀиги. КӀудияб кӀвар буго щивав унтарасе реабилитациялъул хасаб программа чӀезабиялъулги.

Хехго сахлъизави бараб букӀуна гӀадалнахул жагьаллъараб бутӀаялъул роценалдаги, ригьалдаги, цогидал унтаби рати-ратунгутӀиялдаги ва унтарасул рекӀел хӀалалдаги. Инсульт ккаралдаса лъагӀелгӀанасеб заманалда жигаралда цӀилъула гьеб ккеялъул хӀасилалда «риларал» аслиял функциял: кӀалъазе бажари, кверал шуризаризе кӀвей ва гь.ц.

*Александра ДУДЧЕНКО,*
*РКБялъул пресс-хъулухъалъул хӀалтӀухъан*

## «Главрыбаялде» сапар

**Пачалихъияб Думаялъул депутат ГIабдулхIаким ХIажиевас СВО-ялда хварал рагъул гIахьалчагIазул хъизамазегун лъималазе рекIел-гъеялъулаб сапар гьабуна «Главрыба» хIухьбахъиялъул комплексалде.**



«ВатIан цIунулел» абураб СВОялъул гIахьалчагIазул хъизаназе кумек гьабиялъулаб фондалъул пикру ккана гьединаб сапар гьабиялъе къучI лъезе.

«Главрыбаялда» тира-сверана, «Нохъоялде» щвана, батIи-батIиял аттракционазда рекIинаруна, зоопаркалде щвана, катералда рекIана - гIемераб рекIелгъеялъул, рохалил программа букIана гьеб къоялъ лъималазе чIезабун.

«Гьадинал тадбираз квербакъулин нилъер яцазе жидерго къварилъи чучиялъе, лъималазде кIвар къезе, къварилъи гIахьал гьабизе. Гьалъ гьезул рекIелъ бугеб унти, бухIи кибего инабуларо, амма заманаялъниги дагьал гьезул ракIал чучиялъе квербакъилин хъул буго», - ян абуна гьеб фондалъул нухмалъулев Рашид МухIамадовас.

СВОялда хварал рагъул гIахьалчагIазул лъудбузги баркала загьир гьабуна гьеб данделъи гIуцIаразе ва жидедехун бугеб кидагосеб бербалагьиялъухъгун тIалабалъухъги.

Пачалихъияб Думаялъул депутат ГIабдулхIаким ХIажиевас кIудияб кIвар кьола къварилъиялда ругел СВОялъул гIахьалчагIазул хъизамазе.

Гьединго гьес гIемераб хIаракат бахъула СВОялде гуманитарияб кумек битIизеги материалияб кумек гьабизеги.

Дагьаб цебегIанги, гьесул квербакъиялдалъун СВОялъул ракьалде битIун ана кIиго УАЗ «Буханка» машина.

***Хадижа ГIАЛИШЕЙХОВА***

## Библиотекаялда педагогазул дандеруссин

**Россиялъул Президент Владимир Путиница исанасеб сон Педагогасул ва НасихIатчиясул сонлъун лъазабун букIана. Гьеб соналъул аслияб шартIлъун ккола педагогасул хасаб бакI букIинги, гьелдаго цадахъ насихIатчилъиги тIубазабулеб букIиналде кIвар кьей.**



Гъуниб районалъул библиотекабазда гIемер гIуцIула педагогазе литературиял дандчIваял, гьезие сайгъат гьарурал данделъаби ва цогидалги тадбирал. Гьедин, Педагогасул ва НасихIатчиясул сон букIин хIисабалдеги босун, гьал къояз районалъул библиотекаялъул залалда гIуцIун букIана «Сундасан байбихьулеб учителасул пиша» абураб литературиябгун художественнияб композиция. Гьенир гIахьаллъизе ахIун рукIана районалъул гIолохъанал учительзаби. МагIнаял кIалъаял гьаруна учительзаби: ПатIина ГIалиевнаялъ, Рената Нажмудиновнаялъ, ГIайшат Гьашимовнаялъ, Асият Ризаловнаялъ ва цогидазги. Цере рахъана Гъуниб, Хьиндахъ, КIогъориб, ЧIохъ-Коммуна, Кудалиб, Къорода школазул ва библиотекабазул хIалтIухъаби. РакIалде щвезаруна жакъа нилъгун гьечIел ва кидаго ракIалдаса унарел педагогал. Гьезул хIакъалъулъ бихьизабуна видео-слайд, цIалана кучIдул. Тадбиралда гIахьаллъараз гьираялда къабул гьаруна Гъуниб ВОСалъул нухмалъулев Рамазан Ярбиловас, БацIада библиотекаялъул хIалтIухъан Аминат Абакаровалъ ва гьелъул яс 7 классалъул цIалдохъан ПатIиматица ахIарал кучIдул. ГIахьалчагIи рази гьаруна сайгъатаздалъунги.

***Аминат МУРТАЗАГIАЛИЕВА***

### Росдал магIишат

## ХIалтIуца бицуна, хIасилаз борцуна

**Гьал ахирал соназда нилъер республикаялъул росдал магIишаталъ рихьизаруна гIезегIан тIадегIанал хIасилал. Хасго лъикIал гьел руго гIи-боцIухъанлъиялда, цIибил, пиринчI, пихъ-овощал гIезариялъулъ. Мисалалъе, гьоркьиса нилъер гьаниб пиринчI хьан букIана 31,3 азарго гектаралда, гьениса бакIарана 129,1 азарго тонна бачIиналъул, гьеб ккола Краснодар краялдаса хадуб тIолабго Россиялда кIиабилеб бакI. Исана гьеб хьан буго добго гIатIилъиялда, амма ругел планазда рекъон бакIаризе рес буго 135 азарго тонна. Гьеб къадаралъул 70 процент къачIала республикаялдаго. Дагьал соназдасан нилъ рачIине руго 150 азарго тонна бакIариялде ва гьелъул 90 процент къачIазе буго цоги регионазде битIичIого. ЦебетIеялъул рахъалъ гIага-шагарго гьебго хIал буго цIолбохъанлъиялдаги. ЦIолбол ахазул гIатIилъи ва бакIарулеб бачIин босани, Дагъистан буго Краснодар крайгун цо даражаялда.**



Ругел хIасилазда рекъараб буго федералияб бюджеталъ ва республикаялъул нухмалъиялъ росдал магIишаталъе гьабулеб кумеки. Мисалалъе, аграрияб комплексалъе квербакъиялъе гьоркьиса биччан букIана 2,1 млрд гъурущ (гьеб кумек щвана 1,3 азарго магIишаталъе), исана гьелъие щвезе буго 2,5 млрд гъурущ. Республикаялда лъалъала 400 азарго гектар ракьалъул, гьениса бакIарула тIолабго хурухъанлъиялъ (могъолал культураби, хурдул, ахал ва гь. ц) кьолеб продукциялъул 80 процент. Гьединлъидал нилъер гьаниб хасаб кIвар кьола лъалъалеб хурухъанлъиялъе, мелиоративиял хIалтIабазде, лъел суалазде. Цоги гIемерал масъалабазда цадахъ, гьел суалал рорхана Россиялъул росдал магIишаталъул министр Дмитрий Патрушевасулгун Дагъистан республикаялъул бетIер Сергей Меликовасул букIараб дандчIваялдаги. Гьелдаса хадуб загьирлъана министерствоялъ лъалъалеб хурухъанлъиялъе хасаб кумек гьабизе букIин. Гьелда хурхун **ДРялъул росдал магIишаталъул ва кванил нигIматазул министрасул тIоцевесев заместитель Шарип Шариповас кьуна гьадинаб баян**.

- Къабул гьабураб 69 проекталъе федералияб бюджеталъ биччазе буго 378 миллион гъурущ, гьелда тIаде республикаялъул бюджеталдасаги кьезе буго 10 миллион гъурущ. Гьеб гIарац щвезе буго субсидия, хIалтIи тIубалаго харж гьабураб гIарац тIадбуссинаби хIисабалда проектазда гьоркье арал магIишатазе (СПК, КФХ ва гь.ц).

Гьел проектазда рекъон гьабулеб хIалтIул буго лъабго тайпа:

- Лъел мелиорация (пиринчI хьалел чекал, лъалъаялъул цIиял тайпаби ва гь.ц.). Гьелъие буго 28 проект, хIалтIи гьабизе буго 4199 гектаралда, гIаммаб багьа 290 миллион гъуруш.
- Ракь къачIай, хIажат гьечIеб гьветI - хералдаса бацIцIад гьаби, каналал лъим хьвадулеб хIалалда чIезари. Буго 29 проект, хIалтIи гьабизе буго 4047 гектаралъул гIатIилъиялда, багьа – 63 миллион гъурущ.
- Фитомелиоративияб хIалтIи (северияб Дагъистаналда ракь салул авлахъазде свериялдаса цIуни, гьелъие хасаб тайпаялъул гъутIби чIей ва хурдул хьай). Буго 12 проект, хIалтIи гьабизе буго 3654 гектаралда, багьа – 23 миллион гъурущ.

Гьеб кинабго хIалтIи берцинаб хIалалда унеб буго Гъизляр, Тарумовка, Гъуниб, ГIахъуша, Сергохъала, Хунзахъ, Дербент районазда. Росдал магIишаталъул министерствоялъул квербакъиялдалъун магIишатаз тIубалеб гьеб хъулухъалда цадахъго гIемераб хIалтIи тIаде ккола «Минмелиоводхоз» гIуцIиялдеги. Нижер цадахъаб хIалтIуца кьола тIадехун рехсарал хIасилалги.

***ГIабаш ГIАБАШИЛОВ***

- Къабул гьабураб 69 проекталъе федералияб бюджеталъ биччазе буго 378 миллион гъурущ, гьелда тIаде республикаялъул бюджеталдасаги кьезе буго 10 миллион гъурущ. Гьеб гIарац щвезе буго субсидия, хIалтIи тIубалаго харж гьабураб гIарац тIадбуссинаби хIисабалда проектазда гьоркье арал магIишатазе (СПК, КФХ ва гь.ц).

# СВОялъул гIахьалчагIазул хъизаналгун депутатасул дандчIвай

**Республикаялъул киналго районаздасаго гIадин Казбек районалдаса гIолохъабазги гIахьаллъи гьабулеб буго Украинаялда тIобитIулеб СВОялда. Гьезул къадар бахун буго кинабниги 1500-ялде. Гьезда гьорлъа 35 ялде гIунтIун руго гьенирго ВатIаналъе гIоло рухI кьурал гIолохъаби – бахIарзал, руго гьединго захIматго лъукъун госпиталазда сахлъи рукIалиде ккезабулелги. Гьезул улбулгун, хъизаналгун гIемер дандчIваял тIоритIула нилъер депутатаз. Салатавиялъул мухъалдаса Халкъияб Собраниялъул депутат Мухтарпаша ГIумахановас аслияб кIвар кьола гьездехун ва гьезие гьабула хIажатаб кумекги.**



Гьал къояздa гьел дандчIвана Муса ГIазаевасул спортивияб школалда СВОялъул гIахьалчагIазул улбулгун. Данделъиялда гIахьаллъана кинайниги 27 эбел, гьезда гьоркьор рукIана СВОялда чIварал васазул улбулги гьенир кIиго-лъабго лъимал гIахьаллъаразул улбулги.

Депутат М. ГIумахановас «Цогояб Россия» партиялъул рахъалдасанги баркала загьир гьабуна М. ГIазаевасе, СВОялъул гIахьалчагIазул хъизаналги гьезул гIага-божаралги цолъизарун, пайдаяб ва хIажатаб тадбир гьабизе ракIалде ккаралъухъ.

Жиндирго кIалъаялда гьес бицана СВОялъул гIахьалчагIазул хъизаназе чIезарун ругел льготабазул ва баркала кьуна улбузе, бахIарчиял, хIинкъи гьечIел ва ВатIан бокьулел васал гIезаруралъухъ.

«Жакъа дие захIмат буго нужее щиб бициниб лъаларого. Нужее бигьа гьечIеблъи лъала. ТIоцебесеб иргаялда бокьун буго, бахIарчиго ВатIаналъе гIоло рухI кьурал лъималазул эбелинсуда зигара базе. Нижеца кинабго рахъалдаса хIажатабщинаб кумек гьабизе буго нужее. Нилъер рагъухъаби ракIчIун рукIине ккола гьезул хъизаназе хIажатабщинаб гьабулеб ва квербакъулеб букIиналда. Гьарула нужее щулияб сахлъи, сабру, ва хеккого бергьенлъабигун васал рокъоре сах-саламатго руссаги», - янги абун, СВОялъул гIахьалчагIазул улбузе баркала кьуна Мухтарпаша ГIумахановас ва материалияб кумекги гьабуна .

Тадбиралда гIахьаллъаразги баркала загьир гьабуна М. ГIумахановасе рагъулаб хъулухъалда ругел нилъер гIолохъабазе битIулеб гуманитарияб кумекалъухъ.

# РакIалдещвеялъул ах

**Казбек районалъул Гъозтала ва Дилим росабазда гьоркьоб бугеб ГоренжхIорихъ СВОялда ватIаналъе гIоло рухI кьуразе гьабуна ракIалдещвеялъул ах.**



Гьеб, цоги бакIалда гьабичIого, гьаниб гьабиялъул гIилла щибин цIехадал, Казбек районалъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамадрасул МухIамаевас абуна: «Гьаб ракь буго чIобогояб, сверухъ ругел Дилим, Гуни ва Гъозтала росабазда бакьулъ кколеб. Гьеб кьун буго лъай кьеялъул управлениялъухъе хIалтIизабизе, гьениб буго нижер управлениялъул «Экотропия» абун проект. Гьелъ кьурабги буго гьеб нижехъе. Гьеб гурониги, гьениб гьабуна нижеца кинал ругониги тадбирал тIоритIизе лъималазе майдан.

Гьаниб ракIалдещвеялъул ах гьабизе ракIалде ккарав чи вуго районалъул нухмалъулев ХIажимурад Мусаев. Гьеб санагIалъи бугеб бакI бугелъул, аскIор ругел росабалъа рачIун, хъулухъ гьабизеги лъалъазеги. Гьеб нижеца заз - хъарахъалдаса бацIцIадги гьабуна, сундуе хIажалъаниги гьениб буго гIезегIан кIудияб эркенаб ракь» - ан.

СВОялъул гIахьалчагIазул хъизаназ, улбуз гьениб чIана кинабниги 112 батIи-батIияб пихъил гьветI.

ГьутIби чIолезда цадахъ рукIана Казбек районалъул бетIер ХI. Мусаев, росабазул нухмалъулел ва гьединго «Движение первых» абун цIар кьураб Дилим росдал гIемеррахъазулаб лицеялъул гIахьалчагIиги.

«Рагъда хваразул гIагаразе цIакъ бокьана пихъил гьутIби чIараб бакI. Гьеб ахалъ гIисиназдаги чIахIияздаги гIемерал соназ кIочене теларо нилъер ракьцоял - бахIарзазул гьунарал. Щибаб гьветI букIина ракьалие гIоло гIумру кьурал гIолохъаби ракIалдещвеялъе нугIлъун», - ан абуна районалъул нухмалъулес.

Гьеб ахикь рукIине руго районалъул росабалъа ватIаналъе гIоло рухI кьурал киналго бахIарзазул цIарал. Щибаб гьотIода базе буго рагъухъанасул сурат тIад бикIараб ва гьесул бахIарчилъиялъул хIакъалъуль хъвараб хъарщи.

ГьутIбузе хъулухъ гьабизе буго районалдаса хварал рагъухъабазул хъизаназ, улбуз, школазул цIалдохъабаз. Ах букIине буго сверун къан цIунун.

*Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА*



# Парахалъиялъул хъаравуллъуда

**Российлъул солдат, улкаялъул вас, Аслан, дур гьунараз хIайран гьаюна. ВатIаналъул гIузру дурголъун тарав, Дагъистаналъул цIум, чIухIула жакъа. ВатIан цIунулезул кьеразулъ дуца Дагъистаналъул гуч бихьизабуна. Жеги гIолилазе мисаллъунги мун, гIагараб ракьалъул мустахIикъав вас. Гьанже заманалъул бахIарзазда гьорлъ багьадурлъиялъул цIар хьвана дуца. Лъебелазул васас бихьизабуна кьучIал умумузул ирсилав вукIин. ЦохIо ВатIаналъул лъимал ругилан нахъеги ахIана мугIрузул васас. Аваристаналъул тарих цIилъизе, дур къохIехьеялъги лъалкI толеб буго. Дудаса рохарал лъимал рихьидал, рекIей гьабун тараб берцинаб асар. Жидер дада бищун лъикIав вугилан, ахIи гьез балелъул, магIу гирана. Российлъул солдат, улкаялъул вас, тIадегIанлъиялъул тIогьазда вугев. Къиматаб ракьалъул къадру тIокIав вас, Аслан, дуе икъбал гьарулеб буго.**

## Жакъасеб къоялъул бахIарзал

Щалха гьел кколел жакъасеб къоялъул бахIарзал? ГIезегIан руго гьел ракълилаб гIумруялдаги. Амма жакъа бахIарчиясул цIар бахьиндал, бищун цебе нилъеда ракIалде рачIуна СВОялъул бахIарзал. Дагъистаналъул тарихалъул тIехьалда цIияб къиса хъвалел ругел гьезул щивав мустахIикъав вуго бищунго тIокIал ва берцинал рагIабазе. Бокьула гьел рихьизе, гьелгун дандчIвазе, гьезухъ гIенеккизе. Нижеца гьел ахIула редакциялде, хъвала гьезул гьунаразул хIакъалъулъ.

Гьаб нухалда иргадулаб дандчIваялде ахIун вукIана ЛъаратIа районалдаса Аслан КъурамухIамадов. ЧIагоял бахIарзал. Унго-унгоги, гьезда берчIвайдал, рекIелъе бачIунеб чIагольиги. Нилъго гIадал гIадатиялги руго гьел, гIамал берциналги руго гьел…

Амма ватIаналде къо ккедал, ахир кинаб ккелебалиги пикруги гьабичIого, гьелъул ахIи къабул гьабурал гIажаибал гIолилал.

Аслан лъалалдего, лъалеб букIана дида гьесул рагъулаб къисмат. Гьесул хъизамалъухье МахIачхъалаялъул бетIер Юсуп Умавов щвараб видео бихьидал, бичIчIана дида Асланица жиндирго къисматалда рикIарал бахIарчилъиялъул ишанал борхалъуда рукIин. Гьединго бихьана РГВКялъул телеведущая Хатимат МухIамадовалъ гьесул хIакъалъулъ бахъараб фильмги.

## ЦохIо Эбел-ВатIаналъул лъимал

2022 соналъул октябралда «Ахмат» спецназалда цадахъ Аслан КъурамухIамадовги ана жиндиего бокьун СВОялда гIахьаллъизе. Гьев ккана Луганск областалде.

*- ТIоцебесеб къоялдасаго байбихьана нижер рагъулаб гьудуллъи. Гьениб букIана гIицIго цохIо миллат – Российлъул лъимал. Унго-унгоги, рагъулаб гьудуллъи букIун бугеб хирияб. ГьитIинабго чадил кесекгицин бащад гьабун бикьулеб, ватIаналде бугеб рокьиялъ цолъизарурал, тушманасде бугеб рокьукълъиялъ ракIал цIурал, цохIо къисмат бугел гIолохъабазул гьудуллъи. Гьедин букIинчIебани, ракьги бухьун, гьенир гьарурал «рукъзабахъ» регарахъун рукIарал нижее бецIал сардалги гванзъилароан. Гьелъго ккун рукIун ратила ниж. Гьеб киналдего тIадеги - цого пикрабиги, цого мурадалги, анищалги цого рукIана нижер – ВатIаналъул гьасда даим бакараб цIаялъул гвангъиги, хинлъиги, кунчIиги цIуни. Амма… кутакалда захIмат букIана гьудулзаби ками. Чан магIу гирараб гьезул жаназабазде. Гьеб букIана цIакъго гьвардаб пашманлъи. Гьединал лахIзатаз гIумруги кIочон толаан, гIагараб Дагъистаналъул сипатги тIамулаан цебе. Чан лъукъарасе гьабизе ккараб кумек. Нижер щивав хIадур вукIана цогидасе гIоло гIумру кьезе. Гулбузул цIад хьолбохъ балеб бугониги, ургъел букIунароан - нижецa лъукъаралги чIваралги гьоркь тезе бегьуларон. Гьединаб букIана рагъулаб гьудуллъиялъул багьаги къиматги,* - ян бицана Асланица.

## Улкаялъул къисмат кодосел васазул гьа

*- Апди Алавудиновги гIемер вачIунаан нижехье. КIудияб божилъигун ва хьулгун ралагьулаан ниж гьесухъ, - илан цIидасанги бицине байбихьана Асланица, – гьев вукIана унго-унгояв бихьинчиги бахIарчиги. Жиндирго каламалдалъун гьесда кIолаан анцIила микьила ругел гIолохъабазул гIумруялде рокьи тIадбуссинабизе. Чан нухалда дандчIварав хвелгун. Амма гьел лахIзатазгицин*




*кIочонеб букIинчIо ВатIаналде рокьи аслияб букIин. Гьедин букIана нижер щивасулъ беролеб цIаялъул ахIи – ватIаналде - рокьи, тушманасде – ццин. Нилъер бахIарчиял умумуз цIунизе кьураб ВатIаналъул къисмат нижер щивасда бараб букIана. Гьеб бичIчIулаан нижедаги. Щиб жо, масала, дие кколеб ВатIан – эбелалъул кечIги, инсул кьвариги, хьизанги, талихIалъул гараллъун дие ругел лъималги, Дагъистанги, Россияги. Гьеб кинабго букIине гьечIо кIудияб Российлъул гьасдаги гIодобе биччай гьечIони.*

*Дие дагьабги хиралъана ВатIан гьеб унхъо моцIида жаниб. БичIчIуларебги бичIчIана – ватIан гьечIони, гьечIо гIумруги.*

> ТIоцебесеб къоялдасаго байбихьана нижер рагъулаб гьудуллъи. Гьениб букIана гIицIго цохIо миллат – Российлъул лъимал. Унго-унгоги, рагъулаб гьудуллъи букIун бугеб хирияб. ГьитIинабго чадил кесекгицин бащад гьабун бикьулеб, ватIаналде бугеб рокьиялъ цолъизарурал, тушманасде бугеб рокьукълъиялъ ракIал цIурал, цохIо къисмат бугел гIолохъабазул гьудуллъи.

*ВатIаналъе бараб гьаялъе ритIухъавлъун вукIине бажари ва хутIи - гьединаб букIана щивав солдатасул рекIел ахIи,* - янги абун, угьун биччана Асланица…

Унго-унгоги, гьел лахIзатаз щибдай гьесда цебе бачIараб – чIварал гьудулзабазул сипатдай? Гьесдаго цадахъ дунги лъугьана дирго пикрабазулъе. Цебе чIезабулеб букIана ракълилаб гIумру гIуцIизе рижарал дир ВатIаналъул васазул кьвараб ва къвакIараб гIамал-хасият. Асланихъги ялагьун, чухIизе бачIунеб букIана дида – гьавги кколелъул жакъасеб бахIарчилъиялъул вакил. Гьале дол - дир мугIрузул васал, жакъаги нилъер парахалъиялъул хъаравуллъуда ругел.

Гьединал пикрабазда дун йикIаго, кIалъан ячIана дихъе Залму Батирова, заман батани, жиндир кочIохъ гIенеккиларищилан.

Хъвалеб бугеб темаялъе цIакъго дандеккараб кечI батидалги, Асланицаги гIемер бициндал чIварал гьудулзабазул, бокьана гьеб гьаниб лъезеги:

**- Санайил ихдаде хириял мугIрул**
**Харайдухъ жемидал, руссина ниж тIад.**
**Орденахъ хвезеян арал рукIинчIо,**
**Ун рукIана, бокьун ватIан цIунизе.**

**МугIрул чIван кьункъраби роржунеб мехалъ,**
**Халгьабе хьвагIулел нижер куркьбазухъ.**
**Ниж хвечIо, ниж чIаго рукIине руго -**
**ВатIан хириязе хвел букIунаро.**

**ГIолохъанал лъудби, хирияв улбул,**
**ГIайиб чIваге – кьураб рагIи хисана.**
**РекIкIаб жо батана чарамул гулла,**
**Макьилъ щвела гьанже цо-цо нужехъе.**

**ВатIаналде тIаде къо ккараб мехалъ,**
**Кьан борчун букIана черхалда ярагъ.**
**Гьеб цIаруй бухьараб сапар букIинчIо,**
**Гьеб налъуй гьабураб нигат букIана.**

Ина сонал. Сверила ихал. Асланилги гьев гIадал аза-азар гIолилазулги цIарал цIунун хутIила нилъер ВатIаналъул тарихалда. Улкаялъул хадусеб къисмат кодосел гьез бараб гьаялъул багьа цIакъго хирияб ва тIадегIанаб буго.

Гьанибго рехсезе бокьун буго цоги хIикматаб лъугьа-бахъиниланги абун, цIидасанги гарачIваризе лъугьана Аслан:

*- Рагъул цересел кьеразда ругел ниж радалго гьужумалде ине кколаан. Берцинго цебехун унеб букIараб машина, щибго гIиллаго гьечIого, чIана. Машинаялъуса къватIиреги рахъун халгьабуниги, жагъаллъараб жоги батичIо. Щиб гьабилебали лъаларого, чIун хутIун рукIана ниж. Ва цо заманалдасан ниж щвезе кколеб рукIараб бакIалде тушманасул рахъалдасан базе лъугьана гуллаги, бахъана квешаб гьаракьги кьвагьиги… Гьеб заманалде гьеб кьвагьи бахъараб бакIалда рукIинеги кколаан ниж. Кьвагьа-гIанхъиги лъугIана, машинаги, жибго бильльине лъугьараб кинигин, цебехун ана.*

*Бихьулищха ТIадегIанав Аллагьасул кумекалдалъун ниж хвалдаса хвасарлъараб куц.*

## ЦIияб талихIалъул кунчIиялъухье

Иргадулаб рагъулаб тунка-гIусиялда лъукъана Аслан. Ункъо моцI бана гьес госпиталалда. Гьабуна чанго операция.

ТIубана Асланицаги ВатIаналде цебе жиндирго налъи. ЦIидасанги ялагьана дун Асланил цIияб талихIалъул хIакъалъулъ бицунеб видеороликалъухъ:

Жиндир дада дуналдаго бищунго лъикIавилан гIаламалъего ахIулей гьитIинай яс каранде къалев гIолохъанав эмен вихьидал, рухIдаллъизе бачIана. Гьале доб – Асланил хьизамалда кунчIараб цIияб талихI - гьесул къисматалъул бахIарчиял тIанчал.

Биччанте гьелъул кунчIиялъухье гьеб гьанситохъ дандельизе гIицIго рокьиги берцинлъиги. Гьадинаб буго Российлъул солдат, Дагъистаналъул вас, БихьинчилъиялЪул ва Къадировасул орденазул кавалер, ЛъаратIа районалъул Гьоркьноб (Гортноб) росулъа Аслан КъурамухIамадовасул къисматалъул къиса.

Жакъасел гIолилазул хIакъалъулъ щиб пикру дур бугебилан гьикъидал, гьадин абуна Асланица:

*- Нилъер гIолилал руго лъикIал, къохIехьейги бахIарчилъиги бидулъ бессарал. Хасго гьеб загьирлъана, бихьана, ВатIаналде къо кекдал. Нилъее умумуздаса ирсалъе щвараб гьеб бечелъи нилъецаги хадусел гIелазухье кьезе ккола. Дун божула жакъасел гIолилазда.*

*Гьелгун цадахъ Дагъистаналъул букIинесеб къисмат талихIаб букIиналдаги божула дун.*

*Дица гIолилазе гьарила сабруги, ритIухълъиги, гIакъиллъиги. Гьеб кинабго цадахъ гьезул пикрабазулъ хIалтIани, Аллагьасдаги ватIаналдаги цере къадрулълъун хутIизе руго.*

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

## Чемпионасул хIурматалда

**26 октябралда Гъизилюрт районалъул Акнада росулъ кIодо гьавуна эркенаб гугариялъул рахъалъ дуньялалъул чемпионлъун вахъарав АхIмад ГIусманов. Сербиялъул тахшагьар Белградалда эркенаб гугариялъул рахъалъ исана тIобитIараб Дуньялалъул чемпионаталда бергьенлъи босана АхIмадица. Акнада росулъ гуребги, Гъизилюрт районалдаго гьечIо гьединаб даражаялде вахарав цоги спортсмен.**

2016 соналда А. ГIусманов вахъана гIолилазда гьоркьов чемпионлъун, 2018 соналда бергьенлъи босана ГIали ГIалиев ракIалде щвезавиялъул турниралдаги Владимир Семеновасул призазе гIоло тIобитIараб халкъазда гьоркьосеб турниралдаги. КIицIул гьев вахъана Россиялъул чемпионлъун (2020, 2023) ва 2020 соналда – Дуньялалъул Кубокалъул бетIергьанлъунги. 2021 соналда АхIмадие кьуна халкъазда гьоркьосеб классалъул спорталъул мастерасул цIар.

МахIачхъалаялъул аэропорталде Дагъистаналъул цIияв чемпион А. ГIусмановасдаги нилъер ракьцояв, чемпионаталъул гIарцул призер ГIабас МухIамадовасдаги дандчIвазе. Гьенисан киналго рилълъана ГIали ГIалиевасул цIаралда бугеб Спорталъул кIалгIаялде. Гьенир кIодо гьаруна нилъер гугарухъаби.

Дагъалъ цебе АхIмад ГIусмановасул хIурматалда ЦIумада районалъул Агъвали росулъ тIобитIана Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаров ракIалде щвезавиялъул



турнир. Гьенивги кIудияб адабалда кIодо гьавуна АхIмад ГIусманов.

Акнаде вачIарав АхIмадида росдал гIолохъабаз дандчIвай гьабуна росу рагIалда. Хадуб росдал школалда тIобитIана митинг. Гьелда гIахьаллъана тIолабго жамагIатги хIурматиял гьалбалги. ЦIалдохъабаз кодор ккун рукIана Россиялъулги Дагъистаналъулги байрахъал, понцIераби ва гьесул суратал тIад рахъарал баннерал.

Митинг байбихьана Россиялъулги Дагъистаналъулги гимназухъ гIенеккиялдалъун. КIалъазе рахъараз бицунеб букIана АхIмадил бергьенлъабазул хIакъалъулъ ва гьесие гьарулеб букIана сахлъиги цIиял бергьенлъабиги. Рахьдал мацIалъул учительница Наида ЖахIпаровалъ цIалана АхIмадиде гьабураб жиндирго кечIги.

Митингалдаса хадуб киналго рилълъана берцинго къачIараб банкетазул залалде. Гьенир баркиялъул кIалъаял гьаруна ЦIумада районалъул бетIер Шамил ГIумаровасги, Гъизилюрт районалъул депутатазул собраниялъул председатель ГIабдурашид МухIамадовасги, Россиялъул мустахIикъал тренерал МухIамад ХIусеновасги ва Халил Тураловасги, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат, предприниматель ГIабдурахIман Камиловасги, «Мечта» абураб дармил рукъалъул директор КъурбанхIажи ГIумаровасги, УФАСалъул нухмалъулевлъун вукIарав Къурбан Къубасаевасги ва гь.ц.

Тадбир бачунев МухIамад ГIалиевас цIалана РФялъул президент Владимир Путинил АхIмад ГIусмановасде гьабураб баркиги.

АхIмад ГIусманов спорталде машгъуллъана гIагараб росулъ вукIаго, ва 12 сон бараб мехалда гьев вацазда цадахъ гочана Хасавюрталде. Гьениб байбихьана ГIумахановасул цIаралда бугеб спорталъул школалде хьвадизе. Эменги хун хутIарал бесдалазул бигьаяб гIумру букIинчIо. Жидеего чед-хинкI балагьизе ГIусманги ГIумарги гьитIинго хIалтIизе ккана. Эбел Пайнусатицаги хIаракат бахъана лъималазда кварилъи бихьунгутIиялъе, амма вацазул тIалабалъ рес кьуна спорталъул рахъалъ АхIмадил цебетIеялъе.

> Дагъалъ цебе АхIмад ГIусмановасул хIурматалда ЦIумада районалъул Агъвали росулъ тIобитIана Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаров ракIалде щвезавиялъул турнир. Гьенивги кIудияб адабалда кIодо гьавуна АхIмад ГIусманов.

Акнадисезул жамагIат кутакалда рази гьабуна АхIмадил бергьенлъиялъ. Гьел хIадурун чIун рукIана, гьеб кIудияб байрам кIодо гьабизе. Росдал байрам гIахьал гьабуна СагIудиязул ГIарабалъ Россиялъул вакиллъун вукIарав Багьавудин ГIалиевас, Гъизилюрт районалъул бетIер Рустам Татархановас, ДРялъул спорталъул министр Сажид Сажидовас. Гьел киналго ана

*Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ*

## Гъизляр шагьаралда - вацлъиялъул хабада

**Гъизляр шагьаралда вацлъиялъул хабада мемориал цIигьабиялда ва гьениб памятник баялда бан тадбир тIобитIана. Дица гIагарлъиялдаги лъазабуна ва гьелгун цадахъ дирго эмен, гвардиялъул капитан, Хунзахъ росулъа Ахъбердиев ИманшапигIил хабаде щвана.**



1942 соналъул 1 ноябралда Ставрополь краялда бугеб Ачикулак абулеб росу фашистаздаса эркен гьабулаго бахIарчилъиялда хвана гьев. Дир эмен вукIана 32-абилеб гвардиялъулаб, Кубаналъул хъазахъазул рекIаразул полкалъул командирасул заместитель. Гьеб гьоркьобе унаан ункъабилеб кавалерияб корпусалъул 9-абилеб дивизиялде. 4-абилеб рекIаразул корпусалъ нахъа тана, Кавказалдаса бахъараб, Чехословакиялде щвезегIан рагъулаб нух. Гьез гIахьаллъи гьабуна 1945 соналъул май моцIалда Прага эркен гьабиялъул рагъулъги. Гьелдаса хадуб корпус рехана Дальний Востокалде, Япониялъулгун букIараб рагъде, ва гьелъул рагъулаб нух лъугIана Порт-Артуралда. Гьеб корпусалъул подразделение гIахьаллъана Москваялда бергьенлъиялъул парадалда.

Вацлъиялъул хабаде щваралго, гьениб кьер гьабун чIун ратана рагъулаб формаги тIад ретIарал школалъул цIалдохъабазул хIурматияб караулги. КIалъазе рахъана шагьаралъул мэр - Шувалов, рагъулав комиссар ва гь.ц. КIалъазе рагIи кьуна диеги. Гьединго дица дирго гIагарлъиялъул рахъалдасан кIудияб баркала кьуна мемориал цIигьабуралъухъ ва памятник баралъухъ.

Гьенир рукъун руго 1942 соналъ Кавказ цIунулаго хварал батIи-батIиял миллатазул рагъухъаби.

* * *

Исана 2023 соналъ 220 сон тIубана имам Шамилил бахIарчияв наиб (мудир-генерал) Хунзахъа Ахъбердил МухIамад гьавуралдаса. Гьев гьавуна 1803 соналъ Хунзахъ росулъ (гьавураб къо-моцI тарихчагIазда чIезабизе кIун гьечIо).

## Ахъбердил МухIамадиде

Узденаб хъизаналда
Хунзахъ росулъ жив гIурав,
ГьитIинго Къуръан, хIадис
РекIехъе лъазабурав.
Гъазаваталъул байрахъ
Борхун цеве вахъарав
Ислам цIунун къеркьезе
Къуват данде гьабурав.
Аллагьаса кодобе
Жиндирго къисмат къурав,
Чорхолъ таваккал тIамун,
Гьеж гурун жив къеркьарав.
ГурхIел чIел рагъазда
Лъадарарав бахIарчи
Бергьенлъабиги росун
Нахъе къачIев багьадур.
Гьасул цIар бахъарабго
Тушбабазул аскарал,
Черхалда сириги бан,
Сородизе гьарурав.
Чидае абун йигей
БахIаралда тункараб
Килищ хонжроца къотIун,
КъватIиб хьуризабурав!
АхIулгохI цIунулаго
КъвакIи бихьизабурав,
Тушман-къолохъанасул
КъотIун бетIер рехарав.
ТIасан гьарчалги риччан
Тушбабазул къокъаби
Къурабалъан гIодоре
Жинца гиризарурав!
Валерик гIорда аскIоб
Бергьун цевехунги ун,
Пачаясул аскарал
Щущахъ рихххизарурав!
Чачаназул ракьалда
Насиблъун жив вукIарав
Гьенив муридзабазда
Нухмалъун жив къеркьарав.
Гьесул нухмалъиялда
Чачаназул бахIарзал
Къо хIехьон рагъулаан
ХIал бугел тушбабигун.
«ГьавгIан бахIарчияв чи»
ГьечIин-абун тIад хъвараб
Сайигъаталъе хвалчен
Имамас жиндий къурав!
Хирияб ВатIан цIунун
ЦIадаве жив кIанцIарав,
ГIолохъанго хвалилаб
Ругъун щун шагьидлъарав.
Зияраталъ халкъ унеб
Ахъбердил МухIумил хоб
Чачанаца рукъги бан
Берцинго къачIан буго!
Хабада аскIоб бугеб
КIудияб росулъ жаниб
ЦIияб мажгит бан буго
Наибасул цIар лъураб.
Заман рикIкIалъаниги,
Гьев кIочон тезе гьечIо
Нилъер Дагъистаналда,
ТIолабго Кавказалда!

*ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ,*
*Гъизилюрт шагьар.*

# Совет Союзалда гьединав прокурор вукIинчIо

**Араб рузман къоялда республикаялъул прокуратураялда тIобитIана, Дагъистан АССРалъул прокурорлъун лъабго болжалалъ хIалтIарав ЧIарада районалъул ГIириб росулъа Ибрагьимов МухIамад гьавуралдаса 100 сон тIубаялда бан, гьев ракIалде щвезавиялъул тадбир. Гьенир гIахьаллъана жакъасеб прокуратураялда хIалтIулел гIолохъанаб гIел гуребги, цереккун МухIамад Ибрагьимовгун цадахъ хIалтIарал батIи-батIияб гIелалъул пенсионерал, гьесул гIагарал ва божа- бокьарал.**



Виктор Эпп

Тадбир байбихьана гьеб нухда бачунев прокуратураялъул Ветеранзаул советалъул член Башир Билаловас кьокъабго кIалъайги гьабун, Дагъистан республикалъул прокурор Виктор Эппие рагIи кьеялдалъун. Гьес бицана М. Ибрагьимовасул хIакъалъулъ, жакъа къоялдаги прокуратураялъул хIалтIухъабазулъ гьесдехун хутIун бугеб хинаб, муруватаб асаралъул.

М. Ибрагьимовасул гIумруялъул ва захIматалъул хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ гIатIидаб кIалъай гьабуна республикаялъул прокуратураялъул ветеран МухIамад Камбатовас.

Бечедаб гIумруялъул хIалбихьи буго чи тIамуна гьев 1971 соналда ДАССРалъул прокурорлъун.

МухIамад Ибрагьимовасул захIматалъулаб хIаракатчилъи байбихьана КПССалъул ЧIарада райкомалъул техникияв секретарьлъун хIалтIиялдаса.

1944-1950 соназда М. Ибрагьимов хIалтIана ЧIарада районалъул халкъияв следовательлъун.

Гьелдаса хадув цIализе лъугьана Москваялде СССРалъул прокуратураялда цере ругел кIигосонилал курсазде. Цадахъго (заочно) цIалана Харьковалъул юридикияб школалдаги. ЦIалун вахьарав МухIамад хIалтIизе тIамуна КъахIиб (гьанжесеб Шамил) районалъул прокурорлъун. КIиго соналдасан гьев вищана КъахIиб районалъул райисполкомалъул председательлъун. КIудияб хIалтIи гьабуна гьес КъахIиб район социалиябгун экономикияб рахьалъ цебетIезабиялъе. Дида ракIалда буго, гьанже нахъаги кIудияб чагIаз гьесул хIакъалъулъ къадруяв, ритIухъав ва бажари бугев инсан хIисабалда ракIалде щвезавулев вукIараб куц.

МухIамад вукIана КъахIиб районалъул центр, гьанжесеб районалъул центр ХIебде бахьизе тIоцебе суал лъуравги.

Саратовалъул юридикияб институтги, МахIачхъалаялда Совпартшколаги лъугIизабун хадув Ибрагьимов хIалтIана 1958 соналда Гъуниб районалъул халкъияв судьялъун, цинги 1963 соналда райисполкомалъул председательлъун. Щуго соналдасан гьев вищула КПССалъул Гъуниб райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун. Гьев нухмалъиялда вугел соназда Гъуниб район чанго нухалъ мустахIикълъана партиялъул Дагъистан Обкомалъул ва Министрзабазул Советалъул хьвадулеб БагIараб Байрахъалъе. Дол соназда республикаялъул ва улкаялъул газетазда гIатIидго ва цогидаз мисал босизелъун хъвалеб букIана Гъуниб районалда ва Грузия ССРалъул Душети районазда гьоркьоб букIараб гьудуллъиялъул, цоцахъе гьарулел сапаразул ва социалистияб къецалъул. Гьеб гьудуллъи гIуцIаравги гьеб гIумруялде бахьинабулевлъунги вукIана партиялъул Гъуниб райкомалъул тIоцевесев секретарь МухIамад Ибрагьимов.


Данделъиялъул гIахьалчагIи

Дагъистаналъул прокурорасулгун рукIарал дандчIваязул, гьесул гIаданлъиялъул ва гIадатлъиялъул ва жидее гIумрудул нухда гьарурал


**Гуржиялъ Душети районалда гьудуллъиялъул дандчIваялда М. Ибрагьимов кIалъалев вуго – 1969 сон**

кверчIваязул хIакъалъулъ бицун кIалъана МухIамадида хадув республикаялъул прокурорлъун вукIарав Салман ХIажимухIамадов, республикаялъул Верховный судалъул председательлъун хIалтIарав Анвар МухIамадов, республикаялъул прокурорлъун вукIарав Имам Яралиев, юстициялъул министрлъун хIалтIарав Тажудин Бижамов, пенсиялда йигей, прокуратураялда хIалтIарай Загьидат ХIусейнова.

Жиндирго кIалъаялда **Анвар МухIамадовас** МухIамад Ибрагьимовасул хIакъалъулъ бицунаго абуна: *«Совет Союзалъул заманалда союзиял, автономиял республикабазда ва краязда прокуратураялъул тарихалда МухIамад Ибрагьимов гурони вукIинчIо лъабго болжалалда республикаялъул прокурорлъун хIалтIарав чи. Гьесдаса цIикIкIун болжалалъ прокурорлъун хIалтIана гIицIго СССРалъул Генералияв прокурор Роман Руденко».*

Ракьцоясулгун рукIарал ракIалдаса унарел дандчIваязул бицана профессор **МухIамадов ГIабдулацаги.**

МухIамад Ибрагьимовасул хIалтIухъабаздехун букIараб инсулаб бербалагьиялъул бицунаго, **Имам Яралиевас** абуна: *«Дун вукIана прокуратураялъул гIолохъанав хIалтIухъан. Ячун йикIана чIужу ва гIумру гьабулеб букIана мухьдахъ ккураб рокъоб. Гьеб заманалда прокуратураялъе рукъзал кьолел рукIана. Жеги лъимерги букIинчIелъул, цо рукъ бугеб квартира щвелин вукIана дун. Гьеб заманалда МухIамадица ахIана дун ва абуна лъимал гьаризе ракIалда бугищин. Дица абуна хьизан гьабун гIемераб мехги гьечIин, Аллагьас кьунани гьелги рукIине ратилин. Прокурорас абуна айила хозотделалде, дуе кIиго рукъалъул квартира кьолеб бугин».* Гьединал ва гьелда релълъарал МухIамад Ибрагьимовасул гIаданлъиялъул, сахаб гIамалалъул гIемерал хIужаби рехсана данделъиялда кIалъазе рахьараз.

Гьезго бицана, законалдаса къураб жо бихьани, гьев хеч гIадин чIолаанин, къанун хвезабулеб хIужа киданиги биччалароанин. Ибрагьимовасе рихараб букIана гьереси, кIигьумерчилъи, тIадкъараб хIалтIулъ бичча-бихьан тей. Гьев вукIана ваცIцIадав чи. Гьес абулаан нилъ ругин закон цIунизе тарал, гIадатияб халкъалъул мурадал тIуразе кколел чагIи. ГIадамасухъ гIенеккизе ва гIадан рагIизе кколаян абулаан гьес.

> Ибрагьимовасе рихараб букIана гьереси, кIигьумерчилъи, тIадкъараб хIалтIулъ бичча-бихьан тей. Гьев вукIана вацIцIадав чи. Гьес абулаан нилъ ругин закон цIунизе тарал, гIадатияб халкъалъул мурадал тIуразе кколел чагIи. ГIадамасухъ гIенеккизе ва гIадан рагIизе кколаян абулаан гьес.

15 соналъ Дагъистаналъул прокурорлъун вукIаниги, жиндие щолеб пайда – лъикIлъиялъул хIисабго гьабулароан. Гьесие аслияблъун букIана пачалихъиябги жамгIиябги ишазулъ ритIухълъи цIуни. Гьесул къадруялъул къимат гьаби кколарищ гьев СССРалъул Верховный Советалъул депутатлъун вищиги. Совет Союзалъул парламенталъул делегациязда гьоркьов гьев щвана чанго Европаялъул хIукуматаздеги.

Тадбир гIуцIаразе ва данделъиялде рачIаразе М. Ибрагьимовасул гIагарлъиялъул рахьалдасан баркала кьун кIалъана республикаялъул Верховный судалъул председателасул заместительлъун хIалтIулев вукIарав Сулейман Сулейманов.

Данделъиялъул ахиралда **Башир Билаловас** тадбиралда гIахьаллъи гьабурал прокуратураялъул гIолохъанаб гIелалде хитIаб гьабулаго абуна: *«ВатIаналъе, халкъалъе хъулухъ гьабиялъе, улкаялъул законал цIуниялъе, тIадаб иш ракIбацIцIадго тIубаялъе, намусалда, ваცIцIадго хIалтIиялъе нужее мисаллъун вуго М. Ибрагьимов. Гьес гIадин бацIцIадго цIуне прокуратураялъул цIарги къадруги»*, - ян.

***Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ***

# Заманаялъул матIу

## Щиб хъвалеб букIараб магIарул газеталъ 89 соналъ цебе

### Кулак кIочон тун вуго

ГIахьвахъ районалъул ТIадмагъилъ абулеб росулъ вуго Ибрагьимхалил Гъулбушов абун цо кулак. Гъесда 1935 аб. соналъ индивидуальный налог лъун букIана. Рокъоб бугеб къайиги бахчун, гъаниве-гьаниве хъван гьеб гьоркьоб ине гьабуна. ГьабсагIатги жеги 33 аб. соналъул ялъуни цIияб соналъул налог гьес кьечIо. Жеги налоговой списокалдацин щибниги жо хъван гьечIо. Киналго мискинзабаздаса босаниги, гьесдасан 33, 34-аб соналъул гьанал налогги босун гьечIо. Гьединго 1933-аб. соналъ гьесул бугеб жо бахъизе судалъ хIукму гьабун букIана. Гьелъулги сихI-махI къотIана. Паракъат щибго хъвалеб жоги гьечIого, кепалда кулакги вуго. Кулаказе гьабулеб жо гьечIилан гаргалел мискинзабиги руго. ТIадал идараби балагьун, кулаказеги кколеб закон билълъинабизе ккола.

*«МагIарул большевик» 1934 сон, №6, 18 октябрь*

### Асни ахIилин, ав лъица ахIилев жавабалде

ГIахьвахъ вуго нарсудлъун цо «цIакъав чи». Гьесда цIарги СагIдула буго, эвги Хунзахъа. Мехтун хадув эсда цеве кколев чи талихI къосарав гурони вукIинаро. 7 октябралда гьев «гьудул» радалго гьекъолдизе лъугьараб къагIида буго. Базаралде, бахьун къватIиб таманчаги ккун, цеве ккара-ккарасул керен ккун, чIвазе вуго дица мун абун, хъубал рагIаби рицунаго кIудияб инжитлъи халкъалда гьоркьобги гьабулаго вачIана. ЦIибилълъанхъизе лъугьунеб лъимадагIанги, эсда хIетI-бетIер ккве кIолебги букIинчIо. Къаси клубалда букIараб вечералдеги вачIун, гьес гордазул цIурдул гьурун, бахьун таманчагун кIудиял гьалмагьирал гьаруна. Милициялъ жанив тIамулеб заманалдаги данде чIун кIудияб хулиганлъи тIатарал ишал хьвадизаруна. Дир хIисабалда, гьав нарсудиявлъунги киса бегьулеб, нарсудалъул сторожлъунцин бегьуларо. Главсуд, дуда щибилан ракIалде кколеб?

### Рищиязул компаниялде хIариколосезул хIадурлъи

Рищиязде хIадурлъиялъул компаниялде унго-унгояб большевикияб кIварги кьун хIариколосезул захIматчагIаз цIиял хIалтIаби гьаруна, гьезда гьоркьоб гьаниб рехсараб хIалтIиги буго.

1. Колхоз большевикияб ва колхозникал рес бугеллъун гьареян абураб гьалмагъ Сталинил лозунгалъул бичIчIи кьурал хIалтIаби рорхизариялдалъун колхозниказда цебе чIана колхоз большевикияб ва колхозал рес бугеб гIумруялде рачине ккей. Гьеб мурадалда колхозниказ жодода кодоб тараб гIи-боцIи колхозалде кьуна: гIиял 17 бетIер, гIачиязул 13 бетIер, гIучIрузул 55 бетIер, бусбузул 49 бетIер, чуязул 4 бетIер.

Гьединго бичIчIикьеялъул хIалтIи борхизабиялдалъун колхозалде 6 цIияв член цIана. ГьабсагIат ХIариколо колхозалда гьечIеб 14 гурони рукъ гьечIо.

2. ГIи-боцIи тIаде щвелалде цебеккун хIадурлъи гьабизе гьутаналде 23 чи витIана. Гьелдаго цадахъ гьутаналда 125 тонна, магIарухъ 1,5 тонна хер хIадур гьабун буго.

*М.М.*
*№11, 3 ноябрь*



### БацIада росдал советалъул кансилар классиял тушбабазул цIун буго

Росдал советалъул секретарь Рамазанов МухIамад гIарабист эменги Лак районалда 27-30 соназда дибирлъун вукIарав, рищияздаса махIрум гьавун вукIарав кIудияв мола. Советалъул председателасул заместитель Зубайдат ХIажиева йиго гIарабистасул яс, советалъул счетовод МухIамад ГIумаров 25-26 соназда ЧIарада районалъул Нукъуш росулъ гIараб малъулев вукIарав чи.

*№11, 3 ноябрь*

### Игьалиб консервзаводалъ план 144 проценталде бахинабун тIубазабуна

Исана пихъ гьечIеб сон букIиналде балагьун, Игьалиб бугеб консервзаводалъе план бихьизабун букIана 120000 гелавкадул банка гьабизе. Куракул, ахбазаналъул, мокърол, генул ва гIечул кинабго дандекъан заводалъ гьабуна: компот – 21995 банка, пюре – 146614, повидло – 4295 банка. Кинабниги 172902 банка. Гьеб ккола планалъул 144 %. Гьеб хIалтIиги гьедин тIубазе гьабун, заводалъул нахъе тIокIлъараб чакрил ва гьалайдул запаси буго.

*Сайид ХIусен*
*№18, 30 ноябрь*

### Ильичил чирахъ росабалъ

Дагьаб цебеккун ГIахьвахъ районалъул лъел электрикияб станция баялъул хIалтIи лъугIун буго.

1935 соналъ байбихьизе буго станциялъ киналго гIахьвалазеги сверухъ ругел: Кванкьеро, КIудиябросо, КIаратIа ва цогидазеги канлъи кьезе.

*№ 19, 3 декабрь*

### Орджоникидзе МахIачхъалаялде щвана

Сон бакъани-маркIачIуда мехалда СССРалъул бакIаб промышленностиялъул нарком гьалмагъ Орджоникидзе МахIачхъалаялде вачIана. МахIачхъалаялъул киналго захIматчагIи цадахъ пионералги рачун кIудияб хIурматалда Орджоникидзеда данде рахъана. Орджоникидзеца МахIачхъалаялда цо чанго къоял разе руго ва эс кIвар бугел цо чанго ишазухъ халги гьабизе буго.

*№11, 3 ноябрь*

### ГIахьвахъ район цIадирабазухъ балагьун буго

Жакъа къоялда (18 октябрь) жаниб ГIахьвахъ цониги кооперативалда цIадираби гьечIо. «КъачIазе» абун ГIахьвахъ рукIаралщинал цIадираби Болъихъе ракIарун руго. Гьел ракIарун аралдаса нахъеги моцIгIанасеб заман балеб буго.


Maharul BOLŞEVIK
„Большевик гор"
14 MAJ № 44 (181) 1936 SON
16 AB. MAJALDA NUXAZUL SOVEŞANIJA RAHULA
Hi rool kvanalel bakazde gocinari huzzizin!
Japonijazul qvatiseb politikajalul haqalul Xirota
PARLAMENTALUL SESSIJALDA KALAJ
Balajal pacalixazda
Italija-Abissinijazul raq.
Italijaz Addis Abeba bosana
Raq zigi luhiço.
ABISSINIJA ZIDERGOLUN HABIJALUL HAQALUL DEKRET
„Rimalul reqel" şibzo kkoleb
Mussolinil kalaj
Italijazul vakilzabaz Liganasijalul sovet rexun tana
ANGLIJALDA BUGEB BALAHI
„Italijaze hezul tade kanzijalul pix bakarize biceage".
Gresijalda hammab zabastovka

Болъихъа цIадираби рачIинегIан абун, ГIахьвахъ квасул заготовка чIун буго. Абизин, 1 ноябралда лъугIизе букIараб квасул заготовка, гьеб цIазе жо щоларого, паракъат тун буго.

Гьабжони кIудияб заралчилъи буго.

*Комсомол, 27 октябрь*

### «МагIарул большевикалде»

ГIахьвахъ районалъул марказ (центр) бугеб бакI цодагьаб цебегIан кули букIана. 1933 соналъул июнь моцIалдаса байбихьун 7 ноябралде – тIолго дунялалъулго пролетаразул праздникалде «Штабалъул» сипат шагьаралъулаб гIадин лъугьана.

Больница бан лъугIизабун – гьелъие 6 кIудияб рукъ бугел рукъзал рана. Жинда жаниб 5 кIудияб рукъ бугеб райпоялъул склад бана. ЛъикIаб кIудияб столовая ва пекарня бана. 7 ноябралда октябрь инкъилабалъ 17 сон тIубараб къоялде тIуран ран лъугIизе руго 14 рукъ жаниб бугел РИКалъул рукъзал. Цо лъагIалида жаниб гьел рукъзал рараб гIечIого, росабалъ 9 школа бана, гьенир жанир лъимал цIалулел руго.

*Х. Гьудов, 7 ноябрь*

### ГIухьби ансадерица гIадин тIоритIизе ккола

Хунзахъ районалъул Унсоколо росдал Советалъул гIухьбузда дандчIвай гьаби гIуцIараб, планияб къагIидаялда, росдал киналго гIуцIабазул гIахьаллъиялда буго. Гьезул гьел гIухьбузе ва гIияеги кумек гьабулареб цониги гIуцIи гьечIо. Гьез жидер бакIалдасан лъарагIалде унел гIияде ва гIухьбузде гьадинаб хIалалъ дандчIвай гьабуна. Росдал Советалъ гIияе ва гIухьбузе чIезе бакI, гIухьбузул мугжул, бутIрул кIкIвазе бакI ва ва чагIи хIадур гьарун рукIана. Гьезие хъулухъалъе гIадамал чIезарун, кигIан кIваниги квен, кьезе гIеч хIадур гьабун букIана.

РекIелгъеялъе зурма-къали, кьурди-хъат, кечI ахIизе чагIи чIезарун, кIудияб бертин гьабуна.

Консервазул заводалъул заведующияс гIухьбузе 2 пуд чIахIияб куракул гьабураб пюреялъул ва 10 кило бугеб тайпаялъул чIахIияб куракул кон-сервал чи рикIкIун цо-цо махоркаги кьуна.

ТIилазул артелалъ чи рикIкIун цо-цо тIил ва удаманасе хьалиянги кьуна.

Пихъил кооператив гьалмагълъиялъ гIухьбузе анлъго пуд гIечул кьуна.

*М. А.*
*27 ноябрь*

### РабигIат – Советалъул председатель

Гьазибег районалъул центр Дилималда Совет бищун лъугIана. Рищи нухтIа тIамизе вачIарав РИКалъул вакил живго председатель Гайдалов вукIана. Совет бищун цIакъ берцинго тIубана. Советалде рищана колхозалъул, кооператив гьалмагълъиялъул членазда ва мискинзабазда гьоркьоса 46 чи. Гьезда гьоркьове ккана гьанжелъизегIан рукIунарел рукIарал, гьенир хъулухъазда ругел гIурус миллаталъул 3 чиги.

Рищарал депутатазда гьоркьое росулъго бищунго активлъун хIал тIулел руччабазда гьоркьоса 18 чIужугIадан ккана. Советалъул президиумалдеги 3 чIужугIадан, ревизкомалде 2 чIужугIадан йищана. Советалъул председательлъунги жинда хьвай-цIалиги лъалей, мискинаб хъизамалда гьоркьой гIурай РабигIат абулей гIадан йищана.

*Мухбир, 30 ноябрь*

# «Дир цIалдохъан жанив гьечIеб рукъ батизе гьечIо Хунзахъ»

**Лъималазул къадарги цIикIкIун, кIийиде бикьизе ккана нижер щуабилеб класс. ГIурус мацIалъул дарсидаги кIийиде рикьана ниж.**

**«Атаева Маргарита Петровна»-гьадин хъван бихьана мугIалимзабазул сияхIалда. «ВахI, нилъер фамилия бугей, амма цIарги отчествоги гIурусал – щийдай гьай?» – ан пикру гьабуна дица.**

**Ва гьале – нахъисеб къоялъ классалде жание лъугьун ячIана, гьурмада недегьаб гьими басандулей, хIеренаб балагьиялъул мугIалим – Маргарита Петровна.**

**Гьелъ нижее цохIо соналъ гурони дарс кьечIо, амма щибаб гьелъул дарс жакъа гIадин ракIалда буго.**

**Маргарита Петровнаялъ дарсал кьуна дир кIодоэбелалъеги, хадуб инсуеги ва гьале – гьанже диеги.**

**Гьелдаса нахъе ана гIезегIан сонал. Амма Расулил «Вера Васильевна» рагIидалги, МахIачхъалаялда бугеб гIурус учительницаялъе бараб памятникалда цевесан унагоги, дида пархан ракIалде ячIуна Маргарита Петровна. Пикру ккана гьелъухъе гьоболлъухъ ине.**

**- Маргарита Петровна, дуца нижее гIемер бицунаан дурго лъимерлъиялъул лахIзатазул хIакъалъулъ. Бокьилаан цоги нухалдаги гьеб заман ракIалдещвезабуни.**

- Дун гьаюна Горький (гьанжесеб Нижний Новгород) шагьаралда хIалтIухъабазул хъизамалда. Гьенибго 10 классги лъугIизабун, цIализе лъугьана Кострома шагьаралда бугеб педагогикияб институталде.

10 сон барай чIужу йикIана дун КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб заманалда. Нижер хъизамалъеги гьел рукIана цIакъ захIматал сонал. Къадги къасиги кьвагьи-гIанхъи букIунаан тIаде ралел бомбабазул. Амма нижер шагьар кинго бахъизе кIвечIо.

Дир кIиго вацги гIахьаллъана рагъда. Гьезул цояв рагъда чIвана, цогияв рагъ лъугIун кIиго-лъабго сон индал, щварал ругъназул хIасилалда къадаралде щвана.

**- Учителасул пиша тIаса бищизе кинха дур пикру ккараб?**

- Дир эбел-эмен рукIана заводалъул гIадатиял хIалтIухъаби. Гьезул цIали-къалиги букIинчIо. Эбелалъул кIудияб анищ букIана ниж цIализе лъугьине. Диего бокьана гIурус мацIалъул учительлъун яхъине. Гьедин, университет лъугIигун, рикьа-къотIиялъул хIасилалда кка-на дун Дагъистаналде. 1953 соналдаса бахъараб жакъа къоялде щвезегIан гьанийго хутIанаха дун (елъулаго).

**- Дагъистаналде ине дуегойищ бокьараб?**

- Дир рес букIана Казахстан, Сибирь ялъуни Кавказ тIасабищизе. Дие щаялиго Дагъистаналде ине рекIее къабуллъана. ГьитIинго кинофильмазухъги балагьун, Кавказалъухъ рокьиги ккун йикIарай дие, гьале рес щвана гьенир хIалтIизе ине.

Гьедин ккана дун МахIачхъала шагьаралде, Лъай кьеялъул министерствоялде. Гьениб бихьизабураб чанго районалда гьоркьоса дицаги дир гьудулалъги тIасабищана Хунзахъ район. Гьеб букIана 1953 сон.

Ниж рачIунел ругин абун телеги кьечIого, данде вачIунев чиги ккечIого, дунги гьудулги, ролъ-пурчIина баччулеб трехтонка-машинаялде тIадеги рахун, кьокьана Хунзахье.

Гьедин щвана ниж ГIараниб бугеб «Горянка» школа-интернаталде. Гьений дун хIалтIана кIиго соналъ, хадуй лъикIай учитель хIисабалда дун ячана Хунзахье. Хунзахъги кIиябго школалда хIалтIана. КIиабилеб школа рагьулелъул, мунагьал чураяв Ясулов ХIажица гьение ячана дун.

Дир гьудулин абуни, цо лъагIалица Хунзахъги хIалтIун, тIадюссун ана. Дир вукIинесев бетIергьанчи – МахIач Атаевас гьелъие открепление кьуна. Дунин абуни, гьесие росасе ана. Доб мехалъ дов районоялда хIалтIулаан. Хадуб ниж гIемер унаан Горькиялде гьелъухъе щвезе.

**- МагIарухъе – Хунзахъе унелъул, кинал пикрабигун нуж къватIире рахъарал? ХIинкъи-къайго букIинчIищ, чияр бакIалде унелъул? Кин нуж къабул гьарурал?**

- Нижее бачIинахъего интернаталда цо рукъ кьуна. Гьенир рукIана лъабго ясги цо гIолохъанчи Павликги – киналго гIурус учительзаби. ЖанахIалъувги вукIун, ворчIухъан гIадин, нижее цIуна-къай гьабун вукIунаан гьев. Анир ясал рикъулел рагIулинги абун, кирего ниж щвезаризеги рачинеги вилълъунаан гьев. Хадуб, дирги МахIачилгун лъай-хъвай ккедал, гьесги ГIабдулатIип ХIамзаловасги (гьев хIалтIулаан районоялда), гьанжеялдаса нахъе гьазул тIалаб-агъаз жидеца гьабилинги абун, гьев Павлик батIияб бакIалде вахъинавуна.

**- ТIоцересел дарсал ракIалда ругищ? Лъималаз кин нуж къабул гьарурал?**

- Киданиги кIочонаро тIоцересел къояз ккараб лъугьа-бахъин. Рагьун журналгун, цебесан гьелда лъималазул фамилиял ва цIарал хъвалей йикIана дун. Цо ясалда гьикъана дур фамилия щибан.

- МухIамадова, - ян абуна гьелъ.

- ЦIар?

- Написат.

- Не надо писать, я сама напишу. Ты скажи, как тебя зовут, - ян абуна дица, гьелъие жиндицаго хъвазе бокьун бугинги ккун.

- Написат.

- Я поняла, что ты умеешь писать. Как тебя зовут?

- Написат.

- Ладно, потом поговорим с тобой, - янги абун, гIодой чIезе йитIана дица гьей яс. Хадуб, Написат абураб цIар букIунеблъи лъайдал, релъиларищха ниж.

Вай, гьел лъималазе ниж рокьулел рукIараб куц! Интернаталда рукIана росабалъа ва районаздаса рачIарал лъимал. Эбел-эмен аскIорги гьечIого, нижин абуни, гьез хьолбохъа рорчIизего риччалароан. Щиб букIаниги бицеян гьардолаан, гьезда цадахъ дарсалги гьарулаан, цадахъ кьижизеги рачунаан гьел ясаз ниж. Цебе лъималазул кIудияб гьира букIана гIурус мацI лъазабизе. Доб мехалъ гьанже гIадал ресалги рукIинчIелъулха мацI лъазабизе.

Дир тIоцерел цIалдохъаби - КъахIиса яцал ГIабдурахIмановазулги дирги нахъалъагIан бухьен къотIичIо, гьел дихъе кидаго щвезе рачIунаан.

Амма, гьайгьай, цIикIкIунисел дир цIалдохъаби Хунзахъа рукIана. Дир цIалдохъан жанив гьечIеб рукъ Хунзахъ росулъ батиларин ккола дида.



ЧIахIияб ригьалъул гIадамазулги нижедехун букIана кутакалда лъикIаб бербалагьи. Масала, чирахъалъе керосин босизе унаан ниж. Гьениб цIакъ кIудияб ирга букIунаан, амма киназго ниж цере риччалаан. Гьединго, къваригIараб-тараб цIехон нижехъе рокъоре щвезеги рачIунаан, щиб-щибниги босун.

**- Нужеего захIмат букIаниц магIарухъ бугеб гIумруялдеги гьава-бакъалдеги ругьунлъизе?**

- БитIун бицани, тIоцебесеб заманалда ругьунлъуларого рукIана. Рокъобе ракIги лъун, ракIбакъван рукIунаан. Амма гIадамазул хинаб бербалагьиялъ нижеда гьеб кинабго кIоченабуна.

**- МахIач Атаевасул Хунзахъ гIемер бицуна, махщел тIадегIанав учитель хIисабалда. Кин дурги гьесулги лъай-хъвай ккараб?**

- Гьев доб мехалъ хIалтIулев вукIана районоялда. Цо нухалъ къасимехалъ клубалде концерталде ана ниж. Гьенив цо гIолилав вукIана бандурка хъвалев, ниж кьурдизе журана. Гьенир кьурдулаго тIоцебе лъай-хъвай ккана МахIачилгун.

**- Гьесул хъизамалда нус хIисабалда кин мун къабул гьаюрай?**

- Гьезиеги дун рекIее гIуна. ТIоцее МахIачица дун гьение ячана гIурус учитель йигинги абун, лъай-хъвай гьабизе. Гьесул эбел – Узлипатица дида абуна гьабсагIат нилъеца чай гьекъезе бугин. Гьеб параялъго, бацIцIадги гьабун, чухIа-кIутIизе букIине ражидал бетIерги кьуна. Дидайин абуни, бичIчIуларо чаялдаги ражиялдаги бугеб гьоркьоблъи. Гьединги, гьармухъчаялде гьоркьобе базе къваригIун букIун буго.

МахIачил эмен лъикIаб хьулухъишалда вукIана, гьединлъидал гьезул хъизамалда гIурус мацIги лъикI лъалаан. Гьесул эбелалъе дун цIакъ йокьулаан, кидаго адаб-хъатирги гьабулаан. Амма, дун ячинехъин йигин МахIачица абидал, гьелъ абуна, гьобол хIисабалда къабул гьайилила, амма чIужулъун ячине разилъиларин. Дуца гIурусай ячине бокьиларин абуна гьелъ гьесда. Нагагь, дуца дида дандеги вахъун гьеб иш гьабуни, жий ЦIолбокьа гъоркье кIанцIизе йигин хIинкъиги кьуна гьелъ. Гьезул рукъзалги битIун кьурул рагIалда рукIана. Гьеб мехалъ МахIачица гьелъие махсара гьабуна, хIадурейила, жинца ячинила мун гьениса гъоркье кIанцIизайизе. ЧIечIо МахIач, гьей мукIур гьайичIо. Доб заманаялъ гьанже гIадин батIи-батIиял миллатазулгун гьарулел ригьналги гIемер рукIинчIо. КIиго-лъабго моцIидасан гьелда гьеб кинабго кIочон тана, дун гьелъие йокьана. Хасало гьелъ дун печь бакараб хинаб рокъой толаан, жийгойин абуни, квачараб рокъое унаан кьижизе.

**- МагIарул мацI лъазабизе хIа-ракатго бахъичIищ дуца?**

- БитIун бицани, лъазабичIо. Гьелъие гьадинаб гIиллаги букIана. Хунзахъа МалахI абурав чиясе росасе ана цоги гIурус учитель – Мария. Лъималгун цадахъ эбел-инсухъе щвезе гьей ингун, лъималазда цо рагIи гIурус мацIалда абизабизе кIун гьечIо долда. Гьелъул эбел гIодизе лъугьун йиго, жинца абураб жо бичIчIулеб гьечIин гьездаян. Дунги щаялиго хIинкъана, дир лъималги гьединго лъугьинин. Амма дир лъималазда кIиябго мацI лъана. Щаялиго, дида аскIоре ккаралги дида кидаго гIурусалъ кIалъалаан. Цогидаз бицунеб бичIчIула дида, амма дунго гаргадизе жеги хIалбихьичIо.

**- Маргарита Петровна, Хунзахъ хутIиялдаса ракI бухIанищ дур?**

- Дун кутакалда йохарай ва талихIай йиго БетIергьанас дир къисматалда дие къачIан батараб сайгъаталдаса. Дица Хунзахъ тIалъи дирго кIиабилеб ВатIанлъун рикIкIуна, киналго хунз – гIагарал чагIилъун. Амма гьанже цIикIкIиндал, ракI рокъобе Новгоролалдеги цIалеб буго. Бокьилаан, дирго лъимерлъи арал къватIахъ сверизе, цо лахIзаталъниги доб гьайбатаб заманалде, гIурусаз абухъе, «в прекрасное далеко» тIадюссине.

*Гара-чIвари гьабуна*
***МухIамад МАНАПОВАС.***

# ХъахIал къункърабазул ахIиялъухъе

**МахIачхъалаялъул №58 школалдаги кIодо гьабуна ХъахIал къункърабазул къо. Гьеб байрамалъе къучI лъуна ХIамзатил Расулил «ХъахIал къункърабаз».**

**Гьеб къоялъ, ай 22 октябралда, нилъеца цоги нухалда ракIалде щвезарула рагъда тIагIарал, бицуна халкъазул гьудуллъиялъул хIакъалъулъ.**

**Поэзиялъул байрамалде данделъун рукIана шагIирзаби Аминат ГIабдулманапова, Супьянат Мамаева, Нурьян Арсланова, ГIалихIажи МухIамадов, Супьян ГIумаров. Гьединго тадбиралда гIахьаллъана Р. ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялъул миллиял программабазул отделалъул нухмалъулей Ольга ГIалиева, рагъулав пенсионер, шагIир Юсуп Мустафаев, шагьаралъул школазул рахьдал мацIазул учительзаби, 58-аб. школалъул учительзабазул ва цIалдохъабазул коллективал.**



Бицунеб буго Шамил ГIалиевас

Дандеруссин рагьана школалъул директор Шамил ГIалиевас. Гьев вуго поэзия бокьулев, гьеб бичIчIулев, жинцагоги кучIдул хъвалев нухмалъулев. Гьелъги батила поэзиялъул байрамал гьеб школалда тIадегIанаб даражаялдаги тIоритIулел. Шамил ГIалиевас цоги нухалда ракIалде щвезабуна кIудияв шагIирасул творчествоялда «Къункъраби» кечIалъ кколеб бакI ва ХъахIал къункърабазул къоялъул тарих.

Тадбир гIуцIадго нухда бачана тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместитель Муслимат Жамалудиновалъ. Байбихьуда гьелъ цIалана жиндирго кучIдул.

КIалъазе рахъарал шагIирзабазги бицана ХIамзатил Расулилгун букIараб лъай-хъваялъулги гьесул махсарабазулги хIакъалъулъ. ЦIалана шагIирасул кучIдул гIурус ва Дагъистаналъул мацIазда.

Байрамалъул гIахьалчагIазе лъикIаб асар гьабуна ГIалихIажица цвантIихалда рачарал магIарул бакънази, пандурги хъван, ахIараб кечIалъги. Гьединго балагьарал пана гьаруна школалъул цIалдохъабазул церерахъиналъги. Гьеб къоялъ цIидасанги рагIана Дагъистаналъул халкъазул гьудуллъиялъул гьаракь. Миллиял мацIазда кучIдулги ахIана. РукIана къурдабиги.

ЦIалдохъабаз лъай-хъвай гьабуна шагIирзабазулгун. Гьез цIалдохъабазе ва школалъул библиотекаялъе кьуна жидерго тIахьал ва «Лачен» журналал.

Ва ахиралда - Эркенаб микрофон. ЦIалдохъабазги байрамалде рачIарал гьалбадерицаги цIалана ва рикIкIана ХIамзатил Расулил кучIдул.

Шамил ГIалиевас, тадбир къалаго, баркала кьуна шагIирзабазе ва гьалбадерие.

- Жакъа нужеца лъималазе сайгъат гьарурал рохалил лахIзатал гьезда гIемераб мехалда кIочене гьечIо. Жакъа рагIульги буго кIудияб къуват. ШагIир ккола миллаталъул цевехъанги вакилги. Нужеца малъизе ккола гIун бачIунеб гIелалда Дагъистанги гьелъул гIадаталги цIунизе. Гьеб кинабго гьезда батула нужер шигIрабазулъ, - илан абуна гьес жиндирго кIалъаялда.



ГIисинал гьунарчагIазул церерахъин

# Литературияб горсвери

**Тахшагьаралъул №11 гимназиялдаги тIобитIана шагIирасул творчествоялъе сайгъат гьабураб литературияб байрам. Гьенир гIахьаллъана шагьаралъул школазул рахьдал мацIазул учительзаби ва цIалдохъаби, республикаялъул Лъай кьеялъул министерствоялъул ва тахшагьаралъул мэриялъул вакилзаби, шагьаралъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев Мурад Шафиев ва цогидалги гьалбал.**

Школалъул жанахIалъуб гIуцIун букIана шагIирасул тIахьазул выставка ва гьесул лъимерлъиялъул, гIолохъанлъиялъул лахIзатазул бицунел стендал. МагIарул кванил тIагIам сверухълъиялдаго тIибитIун букIана гьеб къоялда. Гьале гьаб цояб рахъалда – шагIирасул ЦIадастанги, киниги, кинидахъ кечIги, эбелги. МагIарул росдал сипаталда къачIараб жанахIалъ берцинаб асар гьабуна гьалбадерие. Эбелалъул кинидахъ кечIалъ кверги ккун, нухарегIана вукIинесев шагIир поэзиялъул кIудияб дунялалде.

Гьеб киналъулго хIакъалъулъ гьалбадерие бицана школалъул директор Зугъра Дибировалъ. Школалъул данделъабазул залалда гьалбадерида дандчIвай гьабуна цIалдохъабазул ва учительзабазул коллективаз. Гьале сценаялдаги – гIолохъанав Расул. Гьесул хIикматаб шигIруялъ дунялалда рагIизабуна гьитIинаб Дагъистан:

**- Мун - дир гIумруялъул**
**нухлул ахалъи,**
**Мун - дир гIумруялъул**
**нухлул тIаралъи,**
**Мун гьечIони,**
**гьечIо дие бакъгун моцI,**
**Мун гьечIони,**
**гьечIо дие гьаб гIумру… -**

гьадин ахIана шагIирас Дагъистаналъул мугIрул тIогьаздасан. Ва дунялалдаго рагIана гьесул гьаракь – гьедин литературияб салоналде гьалбал къабул гьаруна гIолохъанав Расулил роль хIарав авар мацIалъул учитель МухIамад Манаповас гьалбал. Цин - цIалдохъабаз, цинги – рахьдал мацIазул учительзабаз рикIкIана, цIалана, ахIана ХIамзатил Расулил кучIдул.

Гьединго тадбиралда ХIурматалъул грамотабаздалъун кIодо гьаруна Р.ХIамзатовасе сайгъат гьарурал тIолгороссиялъул къецазда бергьарал ва призерал, шагьаралъул школазул цIалдохъаби. Гьез бицана конкурсалда жидецаго гьабураб гIахьаллъиялъул. ЦIалана шагIирасул кучIдул, ракIалдасан рицана шагIирасул хIакъалъулъ жидецаго хъварал сочинениял.



Тадбиралда гIахьаллъарал 11 гимназиялъул рахьдал мацIазул учительзаби

Гьалбадерицаги абуна рагIи шагIирасул хIакъалъулъ. РикIкIана гьесул кучIдулги.

Гьале дандеруссиналъул ахир – херлъарав шагIирас къо-мех лъикI гьабулеб буго гIумруялъулгун, нилъеде Дагъистанги васигат гьабун. Ва нахъеги гьес ахIулеб буго:

**- Зодихъ берцинаб жо -**
**гIолохъанаб моцI,**
**ГIодоб берцинаб жо –**
**махI гьуинаб тIегь.**
**Амма дир берцинаб**
**бакI гьикъун хадуб,**
**Дир ракIалъ ахIула**
**дур цIар – Дагъистан.**

Ана шагIир. Гьев санайил тIадвуссуна нилъехъе, жиндирго хъахIал къункърабазул куркьбаздаги рекIун. Жиндирго Дагъистаналъухъе. Нилъехъе, тIадегIанал цIвабилъун жиндие рукIарал ва хутIарал.

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*

# ШаригIаталъул эмен-гIелмудул ралъад

**Британиялъул гIалимчи Джон Беделлица хъвана: «ГIарцулаб каламги меседил вуцIцIунчIейги рекъонккезаби – гьединаб къанагIатаб гьунар букIана ГъазимухIамадил», - ан. Шамил имамас абулаан «калам дагъаб миккиян», «гамачI кинигин вуцIцIун чIезе бажари бугеван». Цогидазул пикруялда рекъон, «гьесул кIутIбуз тIаде цIалаан гIадамазул ракIал ва гьесухъа бажарулаан цо хIухьлаца инсанасул рекIелъ буран багъаризабизе». Гьедин хъвалеб буго XVIII гIасруялъул жамгIиялгун политикиял хIаракатчагIазул хъвай-хъвагIаязда Северияб Кавказалъул тIоцевесев имам ГъазимухIамадил хIакъалъулъ.**



Нилъеца гIемер бицуна Шамил имамасул, амма рагъулав цевехъанги диниявгун политикияв хIаракатчиги гьесул вахъиналъе къучI лъурав ГъазимухIамад имам щаялиго гьоркьов хутIула. Гьев гьавуна 1795 соналда Унсоколо районалъул Генуб росулъ ва бахIарчиго хвана 1832 соналъул 17 октябралда, гIагараб росу цIунулаго.

ГъазимухIамад цIалана росдал мактабалда, хадув - Унсоколоса ГъазимухIамадил мадрасаялда. Гьенив гьесда цадахъ цIалана Шамилги. Гьелдаса нахъе ГъазимухIамадги Шамилги цIалана Рихьуниса МухIамад-хIажихъ, ХIариколоса Лачениласухъ, ГIоротIаса ХIажиясухъ, ГьаракIуниса СагIидихъ ва цогидал гIалимзабазухъ. 12 соналъги цIалун, гьез лъазабуна доб заманалъул динияб гIелмуялъул аслияб къучI. Хадуб ГъазимухIамадица тIарикъат босана МухIамад Ярагъиясдасаги Гъазигъумекиса Жамалудинидасаги. Жамалудиница жиндир муридлъун къабулги гьавуна гьев. ГъазимухIамадил квербакъиялдалъун Жамалудин устарасул муридлъун вахъана Шамилги.

Гендерил жамагIаталъул гьариялда рекъон, ГъазимухIамад тIадвуссана росулъе, ва гьев тIамуна росдал къадилъунги кIудияб мажгиталъул имамлъунги. Гьенибго мадрасаги рагьана гьес. Дагь-дагьккун гьесул цIар тIибитIана МугIрузулаб Дагъистаналда, ва гьесухъе цIализе хьвадана батIи-батIиял росабалъа мутагIалимал.

Машгьурал диниял гIалимазухъги цIалун, «лъаялъулги гIакълуялъулги ралъадилан» цIар тIибитIарав ГъазимухIамадица байбихьана Дагъистаналда шаригIат билълъанхъизабизе. Росабазул бегавулзабазухъа гьес тIалаб гьабулаан, гIадаталги хIисабалде росичIого, шаригIаталъул низам хIалтIизабеян ва гIурусазулгун киналгIаги гьоркьорлъаби гьаругеян абун. Профессор Гаммерица хъвалеб буго: «ХIакъикъаталда, ГъазимухIамадица къучI лъуна хадубккун гьесул ищцоял ХIамзатбегицаги Шамилицаги хIалтIизабураб политикаялъеги, практикаялъеги, стратегиялъеги ва тактикаялъеги», - ян.

ГъазимухIамадица гьукъана мехтизарулел жал гьекъезе, хъалиян бухIизе, къурдизе, кучIдул ахIизе, батIи-батIиял хIаязде машгъуллъизе. Гьес малъулаан, чIужугIаданалъ черх бахчизе кколин ва бихьинчияс мегеж тезе кколин абун. Имамасул хIаракаталдалъун Дагъистаналда, хасго магIарухъ, дагълъана бидухъ рецIел босиялъул гIадат хIалтIизаби. Гьукъана гьес налъухъанасухъа яги гьесул гIагарав чиясухъа ракь бахъизеги.

ГъазимухIамадица байбихьана Имамат – рагъулабгун динияб пачалихъ гIуцIизе. Гьезул бетIерлъуда вукIана имам. Имаматалъул центр букIана Генуб росу. Гьенибго цIунулаан пачалихъияб хъазнаги. 1830 соналъул байбихьуда Генуб росдада гIагарлъухъ гьес бана хъалаг. ГъазимухIамадица Дагъистан бикьана наиблъабазде ва тIамуна гьезул нухмалъулел. Наибасда тIалъулаан, хIажалъараб мехалда, рагъулаб бо гIуцIизе.

ГъазимухIамадица къучI лъураб ва хадубккун Шамилица гIуцIун бахъинабураб Имаматалъ 30 соналъ рагъ гьабуна жидедаса гIемерго цIикIкIараб къуватаб ва гучаб гIурус пачаясул пачалихъгун.

### Адабияталда имамасул сипат

ГъазимухIамад вукIана пагьмуяв гIалимчи. Гьес гIараб мацIалда хъвана диниял тIахьал. Масала, востоковед Ясин Расуловас гIурус мацIалде буссинабуна 1820-абилел соназда хъвараб «Дагъистаналъул чIухIби диналдаса рахъун рукIиналъул баян» абураб ГъазимухIамадил тIехь. Имамас гьениб дандеккколеб буго шаргIги гIадатги ва шаргIалъул тIокIлъи бихьизабулеб буго. Гьеб тIехьалъе лъикIаб къимат къуна доб заманалда ГьаракIуниса СагIидицаги.

Хъвалаан гьес къасидаталги. Масала, «Асари ал-Яраги» абураб мажмугIалда батун буго 1828 соналда ГъазимухIамадица хъвараб «Гъазаваталде ахIи» абураб къасидат. Имамасул лъабго къасидатги гъазават лъазабун хадуб магIарулазде гьес гьабураб хитIабги басмаялда бахъана Дагъистаналъул гIалимчи-биограф Назир ад-Доргъелица «Услада умов в биографиях дагестанских учёных» абураб жиндирго тIехьалда.

ЧIохъа ХIажи-ГIалица хъвалеб буго, имамасул гIелмияб даражаялъги гIакълуялъги гIадамазул ракIал тIаде цIалаанилан. «Имамасда рекIехъе лъалаан ункънусгоялдаса цIикIкIун хIадис, ва гьес гIемер рехсолаан гьел. КинабгIаги щаклъи гьечIо имамасул бахIарчилъиялда, цебелъураб масъала тIубазабизе гьес гьабулеб букIараб хIаракаталда ва гьелъие ритIухъав вукIиналда. Гьев вукIана къварарав, нахъекъай лъаларев, захIмат бокьулев ва гьабураб хIукмуялдаса къуруларев инсан», - ан хъвана ХIажи-ГIалица.

Кавказалъул рагъул соназда Дагъистаналда рукIарал гIурус шагIирзабазгун хъвадарухъабазги кIвар буссинабуна ГъазимухIамадил хIаракаталде. Масала, поэт Александр Полежаевас хъвана «Эрпели» ва «Чир-Юрт» абурал поэмаби. Гьениб имам вихьизавун вуго гIакъилав ва къадрув цевехъанлъун.

Халкъалда гьоркьор тIиритIун рукIана ГъазимухIамадил кIодолъи загьир гьабулел биценал. Цо биценалда рекъон, Генуб ккараб рагъул заманалда хъаладухъ сверунккун рукIаго, кватIичIого жив хвезе вукIин лъарав ГъазимухIамадица Шамилида абунила: «Дир хирияв гьудул, дида макьу бихьана. Гьаниса эркенлъизе вуго гIицIго мун ва дуца бетIерлъи гьабизе ккола гъазаваталъе», - ян.

Цогидаб биценалда рекъон, Таргъуялъул шамхаласухъе бачIун буго Мадинаялда вукIарав дагъистанияс хъвараб кагъат. Гьениб бицунеб бугоан, жинда макьилъ гIемер вихьулаанила МухIаммад авараг ва ахираб заманалда гьесда цадахъ вихьулила жинда лъаларев батIияв чиги. Щив гьеван гьикъидал, аварагас абунила, ГъазимухIамад вугилан. Гьев хIажичияс цIехолеб бугоан, пуланаб сипат-черхалъул чи кколищ гьев ГъазимухIамадан абун. Кагъат цIалун бахъиндал, шамхалас ахIун вуго ГъазимухIамад имам жинда лъалев ГIоротIаса ХIажияв ва гьесие цIалун буго Мадинаялдаса бачIараб кагъат. «АллагIасул цIаралдалъун гьедула, нилъер МухIаммад авараг загьирлъилелдего дицаги ГъазимухIамадицаги гIумру гьабулеб букIарабани, дица гьедун абилаан ГъазимухIамад авараг кколилан абун!» - ан.

2020 соналда тарихчIужу ПатIимат ТахIнаеваль хIадурана ва басмаялда бахъана Генуса ХIасаниласул «Имам ГъазимухIамад: Кавказалъул рагъул соназул магIарул хроника (1827-1831 с.с.)» абураб тIехь. Гьелда къун руго ДФИЦалъул Тарихалъулгун археологиялъул ва этнографиялъул институтазул гIалимзабаз гIурус мацIалде таржама гьаруралги, гIажамалдаса гьанжесеб магIарул мацIалде руссинаруралги ХIасаниласул хъвай-хъвагIаялги, гIажамалда букIараб тIехьалъул факсимилеги, имамасул тарихалда хурхарал сураталги ва ХIасаниласги ГъазимухIамадицаги хъварал назмабиги.

### БахIарчияв имамасул бахIарчияб хвел

Имамасул хIакъалъулъ бицен рехсолеб буго исана цIидасан басмаялда бахъараб МухIамаднаби Ибрагьимовасул «АхIулгохIда ахираб хоб» абураб къисаялдаги. Гьениб къун буго бетIерай багьадур Жавгьаратилги, гьелъул гьудул ПатIилги, ГъазимухIамадилгун Шамилил яцгIаллъун кколей Бартиханил Паризатилги накъит. Паризатица абула, имамас жидеда бицанин, кватIичIого жив гIумруялдаса ватIалъизе вугин абун. «Шамилил гIумру халатаб букIина. Дида макьилъ бихьана гIуруца хъамун бачIунеб кIиго чIалу: цояб дир, цогидаб Шамилил. Дир чIалу гIуруца босун ана. Шамилилаб рагIалде рехун бачIана. Гьебин абуни, букIана цIинидул чIалу. Абула цIинидаса щвараб пайда абадияб букIунилан. Гьел рагIабиги абун, ГъазимухIамадица макьу къотIана: жив шагьидлъизе вугилан, Шамил нахъе хутIизе вугилан», - ин хъван буго тIехьалда.



Авторас кIудияб къимат кьолеб буго имамасул хIаракаталъе. «ГъазимухIамадица жиндирго тIолабго гIелму, гIакълу, бажари ва гьунар хIалтIизаризе лъугьана Кавказалъул халкъазул ахIвал-хIал гьваридго лъазабиялъе. ТIабибас дару гьабилалде цебе цин гIузраби цIехолелго гIадин, гьасги цин жамгIиябгун сиясияб хIакъикъат лъазабуна, цинги гIузрабиги гIиллабиги ралагьана, хадуб гьел тIагIинариялъе нухги бихьизабуна. ГIолохъанав гIалимчи лъугьинчIо цо-цоккун магIарулал сах гьарулев гIадатияв местIерлъун. Гьев лъугьана халкъ цадахъго сах гьабулев рухIияв тIабиблъун», - ан хъван буго тIехьалда.

ГъазимухIамадил сипат рагьулеб буго, росдал мажгиталъул имамги, къадиги, рагъул цевехъанги ва гьудул-гьалмагъзабиялъул тIалаб гьабулев чиги хIисабалда. Масала, «Ген-

дерил къварилъухъе рагъ щведал» абураб бетIералда М. Ибрагьимовас махщалида бихьизабун буго гIурус аскаралде данде гъазизабаз гьабулеб букIараб рагъ. Жидеда данде багъулеб аскаралъул къуват цIикIкIараб бугеблъи бичIчIарав имамас хитIаб гьабулеб буго гъазизабазде. Жеги чIужу ячинчIев гIолохъанчиги, «гьанжего гьанже хъизам гьабуравги», гьаб рагъулъ шагьидлъизе ракIалъ къабул гьабуларевги чиясе бодулъа нихъе ине ихтияр бугин абула гьес. Хадуб жинцагоги хIал гьабун нахъе ритIула цо-цо гъазизаби. «Цо-цоял ритIаниги, ине инкар гьабун, гьенирго чIолел рукIана. ЧанцIулго имамас витIизе хIаракат бахъаниги, гьедин чIана Шамилги.

Гьеб рагъулъ захIматго лъукъула Жавгьаратил вац Юсуп. Гьев рокъове щвезавизе кколин багьанаги батун, ГъазимухIамадица Шамил нахъе витIула. Щай? Доб макъуги ракIалде щун, гъазаваталъе нухмалъи гьабизе мустахIикъав Шамил Гендерил къварилъухъ ккараб рагъулъ шагьидлъунгутIизе.

ГъазимухIамадил хитIабги гьаб сангаралда нахъа гьабулеб рагъул гIахьалчагIи шагьидлъизе ругилан гьабураб каламги битIун ккола. ХIинкъи гьечIеб бакIалде Юсупги щвезавун тIадвуссарав Шамил «хIалуцараб ахIвал-хIалалда гъазизабазе бетIерлъи гьабулев вукIарав ГъазимухIамадида» вихьичIо.

Имамасул ахирисеб рагъул хIакъалъулъ гьадин хъвалеб буго М. Ибрагьимовас: «ГъазимухIамадица тавбу гьабуна, зикру бачана, шагьидаб хвалил хиралъиялъул хIакъалъулъ Къуръаналдаса чанго аят цIалана ва, хвалченги лъалиница къватIибе цIалаго, нуцIида цеве щвана. Киназего мисалги бихьизабун, ГъазимухIамад, гьалмагъзабаздехун ахирисел рагIабиги абулаго, тIоцеве къватIиве кIанцIун ана тушбабазде тIаде.

ГIурусазда гъорлъе жуван, хвалченги ханжарги цадахъ хIалтIизабулаго, кIварав тушманасул рухIги босулаго, имамас цо свери гьабуна. Рукъалъул тIохдасан солдатас речIчIун бачIараб ганчIица имам гIодов ккезавуна. ТIаде къарукъун рачIарал тушбабазул хучдуз ворлъворлъарав ГъазимухIамад эхеде ворхун вачIана ва гьес, шагьадатги битIун, къилбаялдеги вуссун, суждаялда шагьидияб хвел къабул гьабуна. Ругъназ вас-васарав имамас «Аллагь!» - ан биччана ахирисеб хIухьел».

Гьал мухъал цIалидал, битIахъе рухIдаллъизе бачIуна хIинкъи лъаларев имамасул къадрудаб шагьидлъиялда. Жиндирго берзда гьеб сурат бихьарабгIанги мухIканго, щибаб гали рехсон, имамасул ахирисеб лахIзат цIалдолесда цебе лъолеб буго МухIамаднабица. КIанцIе тушманасда тIадеян гъазизабазда малъарун чIечIого, хвалиде данде кIанцIарав имамас мисалги бихьизабуна жалго цIунизелъун гьитIинабго рокъор рахчун рукIарал бусурбабазда. Цоцоккун къватIире кIанцIун, тушбабазул рухIал рахъулаго, шагьидлъана имамасул вацIал, «цIакъав бахIарчи, мурид МуртазагIалил МухIамадсултан», «хвел тIаде щвезегIан кьерун чIечIел» хутIарал магIарул бахIарзал.

Имамасул букIана 37 сон…

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

# ДугIа – балагьаздаса цIуниялъе сабаб

**Жакъа дунялалда кколел ругел лъугьа-бахъиназ асар гьабичIев чи ватиларо нилъеда гьоркьов. Къойилго Палестинаялда холел ругел нилъер динцоязда ракI гурхIиялъ, чара хун руго гIемерисел. Республикаялъул щибаб мажгиталда Палестинаялда рагъ къотIагиян дугIа гьабулеб буго. Къойилго Интернеталдаса бихьулеб хIакъикъаталъ, рагъда хварал ва къварилъиялда ругел лъималазул гьурмаз ракI унтизабичIого, бадиб магIу хулизабичIого толеб гьечIо. Нилъехъа гьабун бажарулеб жо гIицIго дугIа гурони гьечIо. Кинаб къуватха бугеб дугIаялъул? Бокьарав бусурбанчиясул дугIа къабул гьабуладай Аллагьас? ДугIаялъул пайдаялъул хIакъалъулъ ЧIикIаса СагIид-апандияс хъвараб «Къуръаналъул ахIуде гIавамал кантIизари» абураб тIехьалдаса бутIа кьолеб буго гьоркьехун.**



«Балагьал нахъчIваялъеги хIажатал тIураялъеги дугIаялъул букIуна кIудияб пайда. Гьелъул хIакъалъулъ руго Аварагасул (с.гI.в.) хIадисалги ва гьединго гIалимзабаздасан рачIарал хабарги. Аварагас (с.гI.в.) абун буго: «ТIадегIанав Аллагьасул хIукму-къадар нахъчIваларо дугIаялъ гурони, гIумруги халалъуларо, лъикIлъи, ай садакъа-хайрат гьабиялъ гурони». Ай, дугIаялъ балагь нахъчIвазе яги гIумру халалъизе садакъа-дугIа сабаблъун ккола, хIукму-къадарги гьедин букIиналдалъун. ТIадегIанав Аллагьасда гьарулелъул, дугIа гьабулелъул, ракIбацIцIадав лагъасе Аллагьас кьола нигIмат, жаваб гьабиялдалъун. Жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабас абулеб буго: «Нужеца балагьал тIаса рорхизе гьаре дугIаялдалъун», - илан.

Аллагь разилъаяв Анасидасан бицана: «Нуж дугIа гьабиялдаса гIажизлъуге, дугIагун вугев чи киданиги гьалаглъиларо».

Свалат-салам лъеяв Аварагас абуна: «ТIадегIанав Аллагьасе бокьула сахлъи ва балагьаздаса цIуни гьаризе. ДугIаялъ мунпагIат гьабула балагь рещтIиндал тIаса босизеги рещтIунеб нахъчIвазеги».

«Нужеца гьаре, Дица жаваб гьабила», – ян ТIадегIанав Аллагьас абун бугелъул, нилъее дугIаялъе жаваб гьабичIого толеб гьечIо. Амма цо чияс жиндирго мурадлъун бугеб, балагь тIаса боси букIаниги, ялъуни цо кинаб бугониги жиндие хIажатаб жо тIалаб гьабун бугониги, гьарараб мехалда, гьебсагIатго жаваб гьабичIони, гьелъие рукIуна батIи-батIиял гIиллаби.

Басра шагьаралда базаралъул къотIносан унаго, Адгьамил Ибрагьимида сверун лъугьун, жамагIаталъул цо къокъаялъ абун буго: «Я Аба-ИсхIакъ! Нижеца ТIадегIанав Аллагьасда гьарула, жаваб гьабуларо», – ян. Ай, гьезие бокьун буго Аллагьас гьезул дугIаялъе жаваб гьабунгутIиялъе гIилла лъазе. Гьас жаваб гьабун буго: «Нужер ракIал хун руго анцIго жоялдалъун:

**тIоцебесеб** – нужеда Аллагь лъала, амма Досул амру тIубазе гьабулеб гьечIо;

**кIиабилеб** – нужеца абула нижее Авараг (с.гI.в.) вокьулилан, амма гьесул суннат нужеца тун буго;

**лъабабилеб** – нужеца Къуръан цIалула, амма гьелда гIамал гьабуларо;

**ункъабилеб** – нужеца ТIадегIанав Аллагьасул нигIматал кванала, щукру гьабуларо;

**щуабилеб** – нужеца абула щайтIан нижер тушман бугоян, гьелъие бокьухъеги хьвадула;

**анлъабилеб** – нужеца абула алжан хIакъаб бугилан, ай букIиналда божула, амма гьелъие мустахIикъаб гIамал гьабуларо;

**анкьабилеб** – нужеца абула жужахI букIин хIакъаб бугин, амма гьенире ккеялдаса цIунулеб гIамал гьабуларо;

**микьабилеб** – нужеца абула хвел хIакъаб бугилан, амма гьелъие нуж хIадурлъуларо;

**ичIабилеб** – нуж макьидаса рорчIула, ай радал тIаде рахъуна, ва нуж машгъуллъула гIадамазул гIайибал цIехеялде, ай гьелда хадур лъугьуна, нужерго гIайибалин абуни жахIалго тола, ай гьел рихьуларо, гьезул кIварги гьабуларо;

**анцIабилеб** – нужеца нужерго хварал чагIи рукъула, амма гьезул пикру гьабуларо».

## СУАЛ-ЖАВАБ

**- БесдалазуI боцIиялдасан хварав чиясда хадуб садакъа гьабизе бегьилищ?**

- Цо чияс жив хун хадуб лъикIаб рахъалде буссине гьабизе васият гьабураб боцIи бесдалазул кколаро. Лъабго бутIа гьабун цо бутIаялдаса цIикIкIун гьечIони, гьеб васияталда рекъон лъикIаб рахъалде буссине гьабизеги кола. Лъабил бутIаялдаса цIикIкIараб къадар васият цо чияс гьабун батани, гьесул гIисинал, балугълъиялде рахинчIел бесдалалги гьечIони, ай киналго варисзаби балугълъиялде рахарал, чIахIиял ругони, лъабил бутIаялдаса цIикIкIараб къадар варисзабазул разилъиялдалъун бегьула хварасда хадуб гьабизе, гьел разилъичIони, бегьуларо. Амма балугълъиялде рахинчIел бесдалал ругони, кигIан дагьаб васият бугониги, васияталда бугелдаса цо капекги тIокI гьабизе бегьуларо. Гьеб буго бесдалазул боцIи. Хварав чиясда тIад батани чияе кьезе налъи, гьеб васияталда хъвачIого, ай тарикаялдасан бецIила.

Бесдалал хьихьарал гIемер улбуз тIалаб гьабула гьел лъималазул инсуда хадуб садакъа гьабун, гьесул ретIел бикьизе. Гьеб бегьуларо. Гьеб ретIел, бокьани, бичун гIарцуде буссине гьабила лъималазул эбелалъ, бокьанани, гьел балугълъиялде рахинегIан цIунун тела, лъималазе маслахIат кин бугониги маслахIатаб гьабила. Гьалдаго релълъун цогидаб магIишатги батIалъи гьечIо, лъималазе маслахIаталъе гурони, хвезе гьабиларо.

Гьезие бачIараб закат-сахI, садакъа-хайрат, гьелдаса эбелалъ кваназе бегьула, исраф гьабизе бегьуларо. Лъималазул эбелалъе садакъа гьабизе ихтияр буго жийго бетIергьанаб боцIудалъун, лъималазул я лъималазул инсудехун жубай гьечIеб. Масала, жий хIалтIун бачIараб харж, пенсия, хур бекьун, жиндирго гьийиналдалъун гьабураб магIишат гIадаб.

Жидеего щолеб ирсалъул къадаралда садакъа гьабизе бокьаралги ратула цо-цо бесдалал хьихьарал улбул. Гьебги бегьуларо. Бегьизе ккани, шартI буго, ирсги гьабун, жив-живасе щолеб къадар батIаги гьабун, хадуса. Цинги бегьула лъималазул эбелалъ жиндиего щвараб къадаралда бокьараб гьабизе. Ирсги гьабичIого, боцIи-мал гьоркьобго букIаго бегьуларо.

Масала: гьаб гIечалда гъорлъ дирги, микьго бутIа гьабун, цо бутIа бугелъул абураб магIнаялда, гьеб гIечалдаса микьил бутIа къотIун нахъе босани гьол лъималазул эбелалъ, гьеб къотIун босараб микьил бутIаялъулъги букIунила киназулго бутIа. Гьединлъидал, жийго лъикIай лъугьун, гьедин босараб малалъул гьей бетIергьан яхъуней гьечIо, бетIергьанлъун яхъинчIеб боцIул садакъа гьабизе бегьуларо. Пенсиялъе бачIараб гIарац васияталъеги бегьула, бокьаралъеги бегьула.

**«МажмугIатуль фаваид»**

**- Садакъалъе нийят кин гьабилеб?**

- Садакъаялъе нийят гьадин гьабила: «Дица нийят гьабула (пуланав чиясул вас пуланасул) васийят тIобитIизелъун варисзабазул амруялдалъун рухIалдаса, черхалдаса мунагьал чуриялъе сабаблъе хобалъул гIазабалдаса, хIисаб-суалалдаса Аллагьасул Къудраталдалъун хвасарлъиялъе гIоло дун вакил гьавураб садакъа халкъалъе хIалалаб бацIцIадаб къагIидаялда бикьизе ТIадегIанав Аллагьасе гIоло Аллагьу акбар», - абун.

*«Хвел-хобалда хурхараб 100 суал» абураб тIехьалдаса*

# Расул ХIамзатов ва алмахъал

**Россиялъул президент В.В. Путинил лъазабиялда рекъон, 2023 соналда кIодо гьабулеб буго Расул ХIамзатовасул 100-сонилаб байрам. Гьелда бан «Наш дом» абураб ДРПООялъул данделъиялда хIукму гьабуна ХIажимухIамад ХIажимухIамадовасул «Расул ХIамзатов ва алмахъал» абураб тIехь басмаялда бахъизе. Гьеб тIехьалдаса хъвай-хъвагIаял редакциялде ритIун рачIана СалихI СалихIовас.**

## Горький шагьаралда Расулил тадбир

1970 соналда Дагъистаналда ракь багъарана ва Казбек районалъул школазул цIалдохъаби ритIана РСФСРалъул регионазул школа-интернатазде. Гьезул цоял рукIана Горький шагьаралъул №8 ва Воронежалъул №6 школа-интернатазда.

1971 соналда Горький шагьаралъул байрамалда ХIажимухIамадица цIалана Расул ХIамзатовасул кечI. Шагьаралъул кIудияб залалда рукIарал гIадамаз разиго хъат кьабуна Дагъистаналъул шагIирасул гьунаралъе.

## Калининаулалъул школалъул сценаялда – «МагIарулай»

1970-абилел соназда, РФялъул Журналистазул союзалъул член АхIмадпаша Хайрулаевасул нухмалъиялда гьоркь, Калининаул росдал гIолилаз хIадурана Р. ХIамзатовасул асаралда рекъон лъураб спектакль.

Гьездаса мисалги босун, Калининаул росдал школалъул педагог Райсат Арсанбиевалъги лъуна «МагIарулай» абураб къисаялда рекъон спектакль. Гьениб ХI. ХIажимухIамадовас хIана Асиятил инсул роль.

## Расулие – къиматаб цIоко

Араб гIасруялъул 70-абилел соназда Расул ХIажимухIамадовас байбихьана багъа хирияб цIоко бугел нутрияби хьихьизе. Нутриялъул чIегIераб цIокоялъул рукъулаан тIагърал, хъубчул ва гь.ц. ГIадамаз гьираялда босулаан гьеб ва хъизамалъе лъикIаб хайир щолаан.

Район тун къватIибги тIибитIана ХIажимухIамадовасул хъизамалъ нутрияби хьихьулел ругин абураб хабар. Цо къоялъ гьезухъе вачIана Расулил чапар, анцIгониги цIоко жиндие теян абураб ругьелгун. ХIажимухIамадица ракIалде щвезабулаан, нутриязе кьезе хасал – гьелъул цIоко щулалъизабулел ва квас гвангъизабулел – хурдул ракIарулаанин жидеца, шагIирасул гьари тIубазабизе.

## Расулил кечIгун сапарал

ХIажимухIамадил гьитIинго анищ букIана прокурорлъун вахъине. 1979 соналда гьев цIализе лъугьана Д. Курскиясул цIаралда бугеб Саратовалъул юридикияб институталде ва 1984 соналда лъугIизабуна гьеб.

1982 соналда, Саратовалъул вузазда гьоркьоб лъазабуна ихдалил конкурс. Гьелда гIахьаллъана юридикияб факультеталъул студенталги ва гьезие щвана кIиабилеб бакI. ГIахьалчагIазда гьоркьов вукIарав ХI. ХIажимухIамадовас гьениб рикIкIана «Буго ракълил комитет» абураб Расулил кечI. РикIкIун бахъиндал, жюриялъул цояс махсара гьабун буго, гIурус мацIалда гьеб цIализе нижехъаги бажарулин, Расулил рахьдал мацIалда хIалбихьея цIализеян абун. ХIажимухIамадицаги цIалун буго.

Саратовалъул комсомолалъул обкомалъул хIаракаталдалъун 1983 соналда вузазул студентазда гьоркьоб тIобитIана «Фронталдаса кагътал» абураб конкурс. Гьеб гIуцIун букIана Николай Чернышевскиясул цIаралда бугеб Саратовалъул драмтеатралда. Гьенир церерахъарал гIолилазул гIуцIана «Данко» абураб гьунарчагIазул къокъа. Гьелъие нухмалъи гьабулеб букIана А. Фадеевас. Къокъаялда гьоркьов, Р. ХIамзатовасул ракьцояв хIисабалда, вукIана ХI. ХIажимухIамадовги. Рехсараб къокъаялъ лъуна «Фронталдаса кагътал» абураб спектакль. Студентаз рикIкIунел рукIана Р. ХIамзатовасул, В. Высоцкиясул ва цогидал советиял шагIирзабазул кучIдул. ХIажимухIамадида тIадкъана «Буго ракълил комитет» абураб Расулил кечI магIарул мацIалда рикIкIине. Гьеб программаялъ «Данко» къокъаялъ сапарал гьаруна Саратов ва Астрахань областазде.

Тукаде Расулил тIехь бачIун бугебльи лъараб мехалда, гьел росизе рачIаразул халатаб читIир букIунаанин бицунаан А. Фадеевас.



## КIиго профессор-ветеран

ГьебгосоналдаХIажимухIамадица кьолеб букIана КПССалъул историялъул экзамен. Гьеб дарс кьолаан КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, отставкаялда вугев полковник, машгьурав гIалимчи, профессор И.А. Ивановас. Студентаз абулаан гьев кутакалда къвараравр ва тIалабчилъи цIикIкIарав, амма ритIухъав экзаменатор вугин абун. ХIажимухIамад гIодов чIана гьесда цеве, билеталда рукIарал суалазе жавабал кьезеян абун. И.А. Иванов гьесда гьикъарана, Дагъистаналдаса ватани, магIарулав вугищан, Расул ХIамзатов лъалищан цIехана. Лъалин жаваб кьуна ХIажимухIамадицаги.

Гьелдаса хадуб профессорас цо чанго суал кьуна Расулил хIакъалъулъ: гIагарлъи бугищ, дандчIван вукIанищ, Расулил гIумруялъулги гьудулзабазулги хIакъалъулъ щиб лъалеб ва гь.ц. ХIажимухIамадицаги гьираялда бицунеб букIана жинда лъалебщинаб жо. РакIалде щвезаруна гьес гIурус мацIалъулги гIурус шагIирзабазулги хIакъалъулъ Расулица абурал гьал рагIабиги: «ГIурус мацIги ва Александр Пушкин, Лев Толстой, Михаил Лермотов, Антон Чехов рукIинчIелани, дун хутIилаан цо кIкIалалъул шагIирлъун». Расул ункъмухъилаб кечIги рикIкIун буго гьес.

Гьеб мехалда профессорас ХIажимухIамадида бицун буго жив МахIачхъалаялда рагъулаб училищелда цIаланин абун. «Дир рагъулаб нух байбихьана Дагъистаналдаса. Вагъана Сталинградалдаги. РакIалда буго ГIабдурахIман Даниловас Дагъистан гъункизабураб куц. Тушманасе нух гьукъиялъул мурадалда хандакъалги рухъизарун, фашистазде данде къеркьезе республикаялъул халкъал цолъизаруна гьес. Рагъул балагьалдаса лъутун рачIарал ракълилал гIадамалги тIолабго СССРалъул заводазул къайиги махщелчагIиги къабул гьарулел рукIана Дагъистаналъ. 1942-1943 соназда Дагъистан букIана фронталда гIагарлъухъ бугеб, республикалъун», - ан бицана гьес. Жиндир анищ бугин МахIачхъалаялде вачIине ва Расул ХIамзатов вихьизеян тIадеги жубана.

ХI. ХIажимухIамадовас бицана шагIирасул инсул, Дагъистаналъул халкъияв шагIир ЦIадаса ХIамзатил гIумруялъул ва творчествоялъул, рухIияб рахъалъ Расулие мисаллъун гьев вукIиналъул ва гьесул кIиго вас рагъда чIваялъул хIакъалъулъги.

Профессор кIваркьун гIенеккун вукIана студентасухъ. Билеталда букIараб цо суалги кьуна гьес ва зачеткаялда лъуна «отлично». Расул ХIамзатовгун дандчIвани, гьесда жиндир саламги баркалаги бицеянги абуна гьес.

1983 соналда ХIажимухIамадица кьолеб букIана цоги экзамен. Преподавателас – КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, юридикиял гIелмабазул доктор, профессор Фарберица гьесда гьикъана, Кавказалдаса, Дагъистаналдаса вугищ мунан абун. Вугин абидал, нахъеги гьикъана, магIарулавцин гурищан.

ХIажимухIамадица босана билет ва, хIадурлъун вахъингун, профессорасда цеве гIодов чIана гьев. Гьес цин гьикъана Расул ХIамзатов лъалищан, гьесул асарал цIалулищан абун. Хадубги гьикъана партиялъул райкомалъул шофер лъалаанищан. Гьев шоферас, инсуца жиндиего къураб МухIамад абураб цIарги хисун, жиндиего босун бугоан Иванов Иван Иванович абураб цIар («Дир Дагъистан» тIехьалдаса).

Расулил хIакъалъулъ бицунаго, профессорас ракIалде щвезабуна 1970-абилел соназда, МахIачхъалаялда вукIаго, Хъвадарухъабазул союзалдеги кIалъан, Расулихъе инги, шагIирас жиндие гьабураб ракI разияб гьоболлъиги. Профессор мухIканго бицун буго Расулида тIад ретIараб партал кинаб къералъул букIарабалиги. Ахиралда, тIад хъвай-хъвагIайги гьабун, шагIирас гьоболасе кьун буго «Дир Дагъистан» абураб тIехьги.

## «Къункъраби»

Институталда цIалулаго, лекция цIалулев вукIарав профессорас (рагъул гIахьалчияс) кIудияб адабгун бицуна гIурус мацIалде Наум Гребневас буссинабураб ва машгьурав композитор Ян Френкелица бакъанургъараб Р. ХIамзатовасул «Къункъраби» абураб кечIалъул хIакъалъулъ. РакIалде щвезавула гьес тIоцебе гьеб кечI ахIарав Марк Бернесги. «Къункъраби» лъугьана КIудияб ВатIанияб рагъул солдатазул хIурматалда хъвараб гимнлъунин абула профессорас. Курсцояв П. Дворянкиница гьикъула, гьеб кочIол автор киса кколеван абун. Гьесие жаваб кьола, ХIажимухIамадица бицинин гьебан абун. ХIажимухIамадица бицуна, гьев Дагъистаналдаса кколин абун.

Лекциялдаса хадув курсцояв ва-

чIун вуго ХIажимухIамадида аскIове. «Дир кIудияй эбелалъе цIакъ бокъулаан «Къункъраби» абураб кечI. Гьебги биччан, гIодулаан гьей, рагъда тIагIарав кIудадаги ракIалде щун», - ан бицана гьес. ХIажимухIамадица гьесдаги абуна, Расулил кIиго вацги рагъда хванин абун.

## Р. ХIамзатовасухъ «щуйилаб»

Цо семинаралда ХIажимухIамад ахIула дарс бицине. Гьев хIадурлъун вукIинчIо, ва гьес байбихьула «КIудияв вац» абураб Расулил кечIалъул хIакъалъулъ бицине. Расулил йиго кIиго эбел: цо – Дагъистан, кIиабилей – Россиягун Москва.

КIиго эбел – кIиго кваркьи,
КIиго кечI - кIиго квер, кIиго бер гIадин.

КIияйго эбелалъе налъулав вуго дун, – ан хъвана шагIир ХIамзатовасин.

Преподавателасда бичIчIана кинабго. «Р. ХIамзатовасухъ дуе щуйилаб буго, амма дарсихъ – кIийилаб», - ан абун буго гьес.

«Расулил хIакъалъулъ дица бицаралъе лъураб щуйилги гIола дие», - ян жаваб кьун буго ХIажимухIамадицаги.

## Идрисов Идрис - Расулихъ гьоболлъухъ

2000-абилел соназде щвезегIан Алмахъалдаса Мухтар Идрисовас гIумру гьабулеб букIана МахIачхъалаялда, Расулил мадугьалихъ. Мухтар вукIана ДАССРалъул КГБялъулги МВДялъул цолъизабураб медицинаялъул хъулухъалъул майор. Гьес гIурус мацIалде руссинарулаан магIарул мацIалда хъварал кучIдул (Р. ХIамзатовасул, Ф. ГIалиевалъул ва гь.ц.). Мухтарги Расулги рукIана гьудулзабилъун.

1987-1989 соназда Мухтарихъ рокъоб гIумру гьабулаан ХIажимухIамадил хъизамалъ. Цо къоялъ гьесда ракIалде ккана, Россиялъул шагьаразда вукIаго, шагIирасул хIакъалъулъ загьир гьарурал пикраби Расулида рицине.

Расулил рукъалъул кIалтIе бачIана «Волга». Гьениса къватIире рахъана шагIирги гьесул гьудулзабиги. ХIажимухIамад ана гьезда аскIове ва, саламги кьун, кверал рачана. Абуна жив Алмахъалдаса вугилан. Расул гьимана ва Расулица гьев гьоболлъухъе ахIана. ЦIадаса ХIамзат цIалана Алмахъалдаса машгьурав гIалимчиАмиргIалишайихасухъ. Элдар шайихги ХIамзатги рукIана гьудулзаби ва цадахъ цIалана КъахIиса ХIасанапандихъ. Гьединлъидалги алмахъазде Расулил букIана лъикIаб бербалагьи. ХIажимухIамадица бицана жинда ракIалда букIараб (Саратовалда цIалулаго, Ростов-Доналда хIалтIулаго ва цогидал бакIазда дандчIварал гIурусаз дур рахъалъ абурал дудаги бицинин), дуе квалквал гьабичIого, жив гьанже рокъове инин лъугьарав гьев Расулица чIезавулев вукIана. Амма, дур ракI гьезабизе гьалбал ругинги абун, ХIажимухIамад нахъе ана.

***Хъвана СалихI САЛИХIОВАС, Казбек районалъул Алмахъ росу***

# Комсомолалъул къо




**Советияб заманалда 29 октябрь рикIкIунаан Комсомолалъул (ВЛКСМ) къолъун. Къиматаб тарих, ракIалдещвеял танин абизе бегьула комсомолалъ доб заманалда. Гьелъги батила, исана гьеб къо чанго бакIалда кIодо гьабун ракIалдещвеялъулал тадбирал тIоритIана.**

Дунгун гара-чIваризе ккарав Эльдаров Абулпашарица бицана, жив Советияб армиялде ахIун, хъулухъ гьабизе кканила рагъулаб часталъул духовой оркестралде.

Гьеб хабар лъалхъизабун, цин дагъабго Абулпашарил хIакъалъулъ бицинин. Гьесул гIумруялъул буго 76 сон. Абулпашарил эмен вукIана Хасавюрт, Буйнакск, Казбек районалъул мухъалда чIахIияб кьералъул гIадамазда лъикI лъалев Эльдаршайих. ЛъикIав цIалдохъан вукIун, Абулпашарица лъугIизабуна Хасавюрталъул педучилище (гьанже педколледж). Гьев вукIана спортсменги, лъикIаб лъаялъул студентги, 11 сонаалъ хIалтIана школалда мугIалимлъунги. Хасго гьесда лъикI лъалаан музыкаялъул дарсал кьезе, бажарулаан батIи-батIиял музыкалиял инструментазда бакъназ рачине, нотаби лъикI лъалаан. Гьедин ккарав вукIана Абулпашар Москваялде рагъулаб часталъул духовой оркестралде хъулухъ гьабизе. Комсомолалъул къо ракIалде щвезабун гьес бицана:

- 1968 соналъ комсомолалъул 50 сон тIубаялде гьабураб юбилеялъул концерт букIана Москваялда «Дом Советской Армии» абураб кIудияб кIалгIаялъуб.

Гьениб музыкантазда гьорлъ дицаги гIахьаллъи гьабуна. Музыкант хIисабалда гуребги, дица цогидал номералги гьаруна, доб заманалъул солдатасул ретIелги ретIун рагъул лахIазатал рихьизарун.

ЦIакъ бокьулеб армиялъул хъулухъ гьаби букIана нижер. ЧIахIи-ял армиялъул хъулухъчагIи хвани, гьел оркестргун «нухарегIулаан», концертал кьун, къадру кIудиял тадбиразулъги гIахьаллъулаан ниж. ЛъикIаб квен щолаан, рагъул берцинаб ретIел букIана. Гьеб гуребги, Москваялда гIуцIарал батIи-батIиял концертазде билетал кьолаан нижее, хъулухъалдаса эркенаб заманалъ гьенире ине. Цо нухалъ Москваялъул Колонный зал абулеб бакIалда гьабулеб концерталде ана дун, цадахъ хъулухъ гьабулел гьалмагъзабигун. Гьениб унеб букIана Северияб Флоталъул рагъулаб ансамблялъул концерт. БатIи-батIиял кьурдабазда, кучIдузда гьоркьоб цо-цо гьиралда гIенеккизе рокьулел къокъал лъугьа-бахъиналги рицунаан гьенир. РакIалде щола гьедин сценаялде кIалъазе вахъарав флоталъул кIи-кIи цIва погоназда бугев генералас бицана, жиндир цIакъ лъикIав гьалмагъ вукIанила Совет Союзалъул БахIарчи МухIамад ХIажиев. Гьевгун цадахъ хъулухъ гьабунила жинца чанго соналъ. ГIицIго цохIо дов тIад вугеб подлодка немцаз Баренцево ралъдалъ гъанкъизабураб мехалъ, жив цоги бакIалде витIун вукIанилан. Гьединал ва цогидал лъугьа-бахъиналги рицун рукIана флоталъул гьев генералас МухIамад ХIажиевасул хIакъалъулъ. Баренцево ралъдалъ доб МухIамад ХIажиев тIад вукIараб гама гъанкъараб бакIалде щведал, гумуз гьанжеги сигналал кьола, кIудияб бахIарчилъи бихьизабун хварал морякал ракIалде щвезарунин бицана гьес.

***СалихI САЛИХIОВ***

## МАГIАРУЛАЗУЛ ХАЛКЪИЯБ КIАЛЗУЛ ГЬУНАР

**(45 соналъ цеве гIолохъанго нилъедаса ватIалъарав магIарулазул машгьурав фольклорист ГIалихIажи Ахлакъовас данде гьабураб «Аваразул кьалул кучIдул-балладаби» тIехьалдаса.)**

### Сулейманил яц

- Энила, дир эбел, гIурччин магъилъе,
ГIурччинаб чIарайги чIахIлъулеб буго.
- Вай, унгела, дир яс, гIурччин магъилъе,
Я дунго гьечIого, гьалмагъ гьечIого.
Эбелалъ малъараб ясалъ гьабичIо.
ГIурччинаб хурие чIарадулаго,
ЧIарал квацIиги цIун тIаде йикIидар,
ТIадего гIунтIана вацасул гьалмагъ.
- Ассалам гIалайкум, тIинай меседо!
- ВагIалайкум салам, вацасул гьалмагъ,
Дир тIулил Сулейман кивегIан тарав?
- Дур тIулил Сулейман хьундерил магъилъ[1],
Хъазахъазул гуллид керенги борлъун,
Шотлоха[2] буртина тIадеги рехун.
Гьунсаги йилълъана эбелалъухъе.
- Бежела, дир эбел, къали ролъул чед,
Энзе ккон йигин дун вацасда хадуй.
ЧIвае, тIулил яцал, кагIакал[3],
Лъугьизе ккон йиго вацасда хадуй.
Гьунсаги яхана хьундерил магъилъ,
ГIемерал тирана гьунзил[4] авлахъал,
Тира-сверун щвана ссандул ракьанде.
Ясалгин сукIулел магьидул рукьби
СукIумо ратана хьархъил ракьанда.
Ясазда сверулел саяхъал берал,
Чаргъадица рахъун, нухъаз кун руго.
Валълъенев вихьула чIегIерав хьванав,
Жундерго хIухьелалъ чуги щинкIумо[5],
Чодолаб хIухьелалъ живгоги щинкIун.
- Ассалам гIалайкум, тIинай меседо!
- ВагIалайкум салам, чIегIерав хьванав!
- ГIадам-чи щолареб хьундерил магъилъ
Мун кисан ячIарай, тIинай меседо?
- Сулейманин абун тушман вукIарав,
Гьев чIварасе энзе ячIун йикIарай.
Сулейман чIварав щив, чIел босарав щив?
Ярагъ борчарав щив, чу рекIарав щив?
- Сулейман чIварав дун, чIел босарав дун,
Ярагъ борчарав дун, чу рекIарав дун.
Яхала, меседо, чол къолоние, -
Дилъа ячун лъели, мунго рекIени?
- Чода рекIун энзе гуржияй гуро,
РекIому елълъенде лъебелай гуро!
Гали чIа-чIаралъуб магIил хIорги ккон,
Тирун-сверун щвана хьванасул рагьтIе,
Дандего кIалъана кар байилаб чу:
- Вай, дун гIуралдаса ролъ бан хьихьараб –
Вай, мун киб букIараб, кар байилаб чу?
- Вай, мун гIуралдаса ролъ бан хьихьараб
Дидаса хIинтI хехаб тIадеги бачIун,
КьотIумо рехана вацасул габур.
Гьунсаги йилълъана тIаса рокъое.
Дандего гвангъана бакъ гIарцул ярагъ.
- Вай, дун гIуралдаса магIида бачIеб,
МагIида бан буго вацасул ярагъ.
Будун-дибир вегьун, магъари лъуна,
Мадугьаллъи бачIун, бертин гьабуна.
Квализе рекIана чIегIерав хьванав.
- Квалуге, квалуге, чIегIерав хьванав,
Хьибилги тирумо, кьижун вукIана.
ХващтIан тIаде яхун, лъабцIул хат къабун,
Хубухун тIад лъуна вацасул тIагъур.
МагIида бан бугеб вацасул ханжар
ЛъабцIулниги чIвана хьванасул чохьолъ.
Гьесул рокъой йигей херлъарай эбел,
Чирахъуй якизе – гьейги хьун тана.
ЦIияб каки чури, какалги рана,
Керен цебе тIамун, дугIа гьабуна,
Жаназа тIад къайзе хIал кьейги абун.
Вацасулаб чода дунго рекIана,
Тушманасул чода жаназа къана,
Гьунсаги яхана эмсул росулъе.
Елълъеней йихьула херлъарай эбел,
ГIанса гIунтIаралъуб магIил хIорги чIон.
- ГIодуге, гIодуге, чехьалъул эбел,
Нилъер рокъобени – цохIо жаназа,
Хьванасул рокъобе – кIиго жаназа!
Хьван кагъат бачIана хьундерил чияз:
«Бихьинай йикIинчо, цIуяй йикIана,
Гьединаб гIаламат нижеда бихьчIо.
Нужода бихьанищ, вай, магIарулал?»

**РагIабазе баян**

[1] **Хьундерил магъ** – цIунтIадерил ракь. Гьединго хьванал абула хевсуразда Дагъистаналъул гIорхъода бугеб мугIрузул халкъалда.

[2] **Шотлоха (диал.)** – халалъухъе.

[3] **КагIакал (диал.)** – панкъал.

[4] **Гьунзиб** – БежтIа участокалъул росу.

[5] **ШинкIумо** – тIерхьун.

## ХАБАР

# Чиги чинаридул гъветІги



Минаялда цебе бижун букІана борхатаб гъветІ. ГъотІода аскІосан унев вукІарав чи лъалхъана.

ГьитІинаб лъимадул бетІералда гІадин, гьелда кверал рахьизе лъугьана. Гьеб кинабго гордухъан валагьун вукІарав минаялъул бетІергьанасда бихьана. ЯхІго гьабизе кІвечІого, гьев къватІиве вахъана.

- Гьаб гъветІ дица лъеберго соналъ цебе чІана, жеги лъимер вукІаго, - ян, беразул тІелхазда магІуги хулун, абуна гьес. – ГІемераб жо хІехьезе ккана дица: рагъда вукІана, лъукъана, гулла бохалда жаниб буго, гъветІ абуни, бихьулищ, чІухІун эхетун буго. Балагье цо, гьайбатлъи, берцинлъи!..

- Дуца бицунеб жо битІараб батизе ккола, - ян абуна минаялъул бетІергьанас. – Дица мина бичун босулелъул, кІудияб гІураб гъветІ букІана. РакІбацІцІадго бицани, дие бокьун букІана гьеб къотІизе: гьелъ гордазда рагІад рехулеб букІун, гьури бахъараб мехалъ, гІаркьалабаз токалъул кварал тІетІезарулел рукІун. Гьанже къотІизе гьечІо. Дида бихьулеб буго дуе гьалъул бугеб къимат.

- Кин гьеб къотІизе бегьулеб? – ан гІажаиблъи гьабуна нухлулас. – Балагье, кигІан гІемер гъутІби ругел нилъеда сверухъ: берцинал, гьайбатал, рорхатал… Гьез ракь берцин гьабулеб бго, чІаголъизабулеб буго. Гьел гъутІби чІарал гІадамал нилъеда лъаларо, амма гьез нилъер ракІазе рохалилаб асар гьабула.

Нилъер шагьаразул ва росабазул къватІазда гІурччинлъиги рагІадги буго. Щивасда кІола ахихьанлъун вукІине, щивасул рес буго, гъветІги чІун, шагьар ва росу берцин гьабизе.

***Э. МАЦКЕВИЧ***

## ЛЪАЛИЩ НУЖЕДА?

Дунялалда тІад бищунго кІудиял салул авлахъаллъун ккола Сахара. Гьениб бахъунеб буго салул буран. 25-30 км сагІаталда жаниб толаго пулеб гьороца цадахъ гьаваялде бахъинабулеб буго сали. Къад канлъи бихьуларедухъ бецІлъулеб буго дунял. 3 км борхалъуде щвезегІан гьаваялде босун салиги хъамун, гьеб буран пулеб мехалъ, авал-ахир гьечІеб балагь бачІараб хІал букІунеб буго. Цо-цо мехалъ 3-4 къоялъ гьоркьоса къотІичІого пулеб буго гьеб. Нухда батанщинаб жо бахчизабулеб буго буранаЛъ тІаде салиги хъван.



* * *

Дунялалда тІад бищунго кІудиябги гъваридабги океан ккола Тихий океан. Гьелъул гъварилъи бащалъула 11034 метралда. Гьединго бищунго кІудияб ралъад ккола Южно-Китайское абураб. Гьелъул гІатІилъи бахуна 3447000 километралде.



## НИЛЪЕР УМУМУЗУЛ ГІАКЪЛАБИ

# Мискинчиясул хІорго хутІарал гъудал

Мискинчияс жиндирго хуриб бекьун букІун буго цІоросаролъ. Гьава-бакъ рекъараб сон букІиналъги, чІаран, хъусун лъикІго хъулухъ гьабидалги цІоросаролъ цІакъ хІалигъун бижун бачІунеб букІанила. Мискинчияс пикру гьабунила: исана дие хуриса лъикІаб бачІин щвезехьин буго. ТІаде-гъоркье чагІиги рачІина, амма киназего гІурал гъудал дир къавулъ гьечІо. Валлагь, бачІин бакІарилалде, дун рохьове гъудал гьаризе ун лъикІ!

Жиб-жиб къоялъ хъулухъ гьабулеб букІараб хурги жибго тун, мискинчи, гІащтІиги бикІароги босун, рохьове къокъанила. КъотІанила цо лъорил гъветІги, гьарунила гІезегІанго гъудалги.

Мискинчи тІадвуссиналде, рохьил болъоназ пасат гьабун батанила хур. Бахьун чІараб цо хІуби цІоросаролъулги тун гьечІоанила, бухъ-бухъун бан, хурги хвезабун бугоанила…

Гьеле гьедин хІорго хутІун руго мискинчиясул гъудал.

## МАХСАРАБИ

# Гъира гьечІониги…

Вас нечадго инсухъе вачІана ва:

- Дада, тетрадь босизе лъабго гъурущ кьелащ, - ан гьарана.

- Гъираялда кьела, дир вас, - ан разилъана эмен.

- Гъираго гьечІого, кього гъурущги кьеха, дада, циркалде ине, - ян лъугьана гьанжесалаги вас.

# Дуда кин лъараб?

Ццин бахъарай эбелалъ васасда абуна:

- Дудаса адаб гьечІеб лъимер дунялалдаго батиларо, - ян.

- Дуда гьеб кин лъалеб, дунялалда ругелщинал лъимал рихьичІеб мехалъ? – ан гьимана вас.

## ШАГІИРЗАБАЗУЛ АСАРАЛ

# ВатІан

Дие ВатІан буго тІугьдузул квацІи,
Киналго ракьазул кьерал росараб.
Дие улка буго кутакаб ралъад,
Киналго гІоразул чвахи цолъараб.

ГъотІоца ракьулъе кьалбал риччала,
Кьуризе сунцаго гьабиларедухъ.
Буран пуй, гІазу бай – гІарз букІунаро,
БукІуна пахруго эхеде унеб.

Дир ВатІан щулияб щивасул гучалъ,
Чорхолъе гьелъ тІолеб чармил къвакІиялъ.
ГІумрудул къебелъухъ квартІа кинигин,
Каранда щивасул къабулеб ракІалъ.

ВатІаналъул къадру буго дир къадру,
Гьеб кІодо гьабизе гьабула гІумру,
Улкаялъул чІухІи буго дир чІухІи,
ЧІахІахатІалъ хъвала дица гьелъул цІар.

***Тажудин ТАЙМАСХАНОВ***

## НАКЪИТ

# Лъиего лъикІлъи гьабуларев



- Гришенька! Цодагьаб мехалъ гьеб дур къалам дихье щай кьолареб?

- Гьаб къалам дирлъидал кколеб. Дуцаги босеха дуего къалам.

- Гриша, кумек гьабе дие сумкаялъур тІахьал рекъезаризе.

- ТІахьал дурлъидалха кколел, дуцаго нахъеги лъеха гьел.

Вокьиладайха гьединав вас гьудулзабазе?

Лъиего лъикІлъи гьабуларев чиясе жиндиего лъикІ букІунеб батиларо.

## ТІАДКЪАЙ



*Сураталъухъги балагьун, фигурабазул къадар хъвай.*



***Гьумер хІадур гьабуна ГІайшат ХІАЛАКЪОВАЛЪ.***

## РЕБУС

**БетІерал хІарпаздасан рагІи гІуцІе**



## БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪТАЛ

# РукIина цIиял бакъналги, ахIила кучIдулги

**Гьал къоязда редакциялде вачIун вукIана машгьурав магIарул композитор Каримула ГIабдулаев. Гьесул мурад бугоан жиндир ракIалъе операция гьабурал Кардиологиялъулгун рекIел ва машабазул централъул тохтурзабазе баркала загьир гьаби.**

«Исана риидал черхалъул къагIида гьечIого лъугьана дун. Хъизангун цадахъ маркIачIуда тира-сверулеб гIадат буго нижер. Гьелда хадув гьоларого, нахъа хутIулаан. ХIухьел цIазе захIмалъулаан. Бищунго дие бокьула бассейналда лъедезе, гьебгицин тезе ккана.

Гьедин бегьиларин абун, сентябралда дун ана тохтурзабазухъе. Гьез абуна, рищалаби унтун ратилин абун. Халгьабидал, кинабгIаги къварилъи батичIо. Ана рекIел УЗИ гьабизе. Гьений ятарай ТIаса Инхоса Зайнаб абурай тохтуралъ абуна, рекIел гIузру бугин, хехго операция гьабизе кколин абун. Гьелъухъа дун ана дирго районцояв, Гьаквариса кардиолог ва лъикIав гьудул ГIалихIажи ГIабдулаевасухъе. Гьесги абуна хехго операция гьабизе кколилан.

Гьебмехалда дун ана «ЧIегIерал ганчIал» абураб бакIалда бугеб кардиологиялъул централде. Гьелъул бетIерав тохтур Абакар Абакаров ккола ЧIарада районалъул ЦIулдаса. Пуланал кагътаги ракIарун, анализалги кьун, вачIаян абуна гьес дида. Малъарабги гьабун, ана гьезухъе. АнцIго къоялъ дараби гьаруна, халгьабиял тIоритIана ва рокъове витIана. Анкьидасан вачIиндал, вегизавуна.

26 сентябралда дие операция гьабуна Губденалдаса МухIамадхIанапица. Гьев ватана кутакалда бажариги махщелги бугев тохтур гуревги, ракI аваданав, унтарасде хIалимаб бербалагьи бугев инсанги. Централда вегун вукIаго, чанцIулго вачIунаан гьев дихъе, ракI батулел рагIаби рицунаан, сабру гьабизе таваккал тIамизабулаан.

КIудияб баркала буго дие операция гьабуравги дида тIадчIей гьабуралги тохтурзабазе. Щибаб къоялда дихъе ваккизе вачIунаан Абакар Абакаров. Реанимациялда вукIаго, аскIоса камичIого, дир тIалаб гьабуна тохтур, Гъуниб районалъул КIогъориса МухIамад Къебедовас, ГIандиса Расулица, дир палатаялъул тохтур Буртунаялдаса Зумрудица, Хьаргабиса Хадижатица, отделениялъул заведующий, Бакълъухъа Насрула ХIажиевас.

Гьезул хIаракаталъги диде букIараб хинаб бербалагьиялъги хехаб заманалда хIатIиде вахъинавуна дун. Гьел тохтурзабазе гIумруялъго налъулав вуго дун», - ан бицана Каримулаца.

Каримулахъа жакъа бажарулеб буго къватIиве вахъинеги, дагьа-макъабго хIалтIи гьабизеги.

***НИЖЕР МУХБИР***

# ХъахIаб халгIаталъе ритIухъал хIурулгIинзаби

**Херлъиялъул гIорхъоде щолел гьал лахIзатаз гIумруялъулги гIадамазулги хIакъалъулъ пикраби гIемер батIиял гьарулел рукIун руго. Квешабщинабги кIочон, гIадамазулъги, гIамалазулъги, сверухълъиялдаги лъикIал гурони рахъал рихьулел гьечIо. Пикраби къварилъанагIан, гIатIилъун бачIуна дунял, лъикIал гIадамазул бицунеб рагIараб мехалда. Гьеб нилъерго берда бихьанани, гьелъ гьабулеб асарги цIакъго гвангъараб букIуна. Хасго хъахIаб халгIаталъе ритIухъал хIурулгIинзабаз дур гIумруялъе ТIадегIанасул кумекалдалъун кIиабилеб хIухьелги кьолеб бугони.**

Дагъаб цебегIан дун егун йикIана МахIачхъалаялда бугеб республикаялъулаб №2 клиникияб больницаялда (гьелда абула ветераназул госпиталилан). Гьений йигебгIан заманалда, цебесего унеб букIинчIо дун гIолохъанаб заманалда букIараб Советазул пачалихъ – гьале гьадинал лъикIал гIадамазул цIун букIана сверухълъи. Доб талихI дие тIадбуссинабуна дие отделениялъул заведующая Асият ХIанапиевалъ, медсестраби Пазилат МухIамадгIалиевалъ, Сабина МухIамадовалъ, Асият МухIамадовалъ. Гьезул гьими гIолаан, чорхол мадар лъугьине диеги дида аскIор регун рукIарал цогидал унтаразеги. Унтуе дарулъун букIана нижее гьезул сабурлъиги, адабалъулаб бербалагьиги, гьуинаб каламги.

Гьал кочIол рагIабаздалъун дица гьезухъе битIулеб буго боркьараб саламги ракI-ракIалъулаб баркалаги:

**- БетIер къулун, къочула гьезул гIадал квеpазда,**
**Къулун адаб гьабула гьел хIурулгIинзабазул.**
**Гьезда макъу лъаларо, гьезда хIалхьи лъаларо.**
**ХIалбохун хутIаги гьел, жидер мурад тIубаял.**
**Сахлъи гьезий гьарула, тIугьдул гIадал ясазе.**
**ХъахIаб халгIат ретIарал берцинал мусудузе.**
**ГIумру гьезий гвангъаги, талихIалъги къвал баги,**
**ГIадамазе дарманлъун рижарал руччабазе.**

*Зайнаб МухIамадова, Зубаржат ХIусенова, Муслимат Элдарова, ПатIимат ТIагьирова.*

***Хъвана Айгьанат КАРИМОВАЛЪ.***

## Инсан

# ЗахIматалъул къимат лъарав

**Шамил районалъул Ругъелда гьоркьохъеб школалда 9 класс лъугIарав гIолилав вукIана Давудов ГIабдула, гьутаналда колхозалъул завскладлъун хIалтIулев инсуца эбелгун цадахъ жиндаго аскIове вачараб мехалъ. Гьелдаса нахъе колхозалъул гIамаб магIишаталде лъугьана гьав. ХIалтIана хер бециялдаги гIи-боцIухъабазе кумекалдаги. Гьениса ахIана Советияб Армиялдеги. Азербайжаналъул Кировобад шагьаралда 10 моцIалъ сержантазул школалдаги цIалун, ккана взводалъул командирасул заместительлъун.**



КIиябго соналъ рагъулаб хъулухъалъ гьев щвана Грузиялдеги Армениялдеги. Армиялдаса тIадвуссингун цIалана Гъизляралда автошколалда. ХIалтIана КЭМ-Залда дагьалго моцIаз. Нахъойги тIадвуссана Кочубеялъул зонаялда бугеб гIагараб колхозалде. ХIалтIана боцIул завфермалъун, цадахъго бачана хурул бригадирасул хIалтIиги. Гьел соназ колхозалъул магIишат лъикIаланго цебетIуна. Колхозалъул букIана 7-8 азарго гIиги, 700-800 чIегIерхIайванги. Районалдаго церетIуразулъ рехсолаан 22 п/съездалъул цIаралда бугеб колхозги. Цин гьенив председательлъун вукIана ТIелекьа Юсупил ГIабдула, хадув ТIидиса МухIамадов ГIумахIма. Гьел рукIана гIумруялъул ва хIалтIул бечедаб хIалбихьи бугел нухмалъулел. Гьездаса гIемераб букIана мисал босизе жо.

ЦохIо гьутада хIадурулаан 2-2,5 азарго тонна харил. МагIишаталъе гуребги, рес букIунаан хер хIажатал колхоз-совхозазе бичизе. Щулияб букIана колхозалъул материалияб базаги. Гьездаса гIемераб хIалбихьи босана ГIабдулагьица. Гьелъ батила гьев, рехсарал нухмалъулел нахъе ингун, колхозалъул нухмалъудеги тIамурав. ГIолохъанаб жангун, щвараб хIалбихьигун хIалтIулев вукIана ГIабдула. Амма байбихьана перестройкаян абун гIалагъважаялъул заман. Биххана гIемераб захIматги гIетIги тIун гIуцIараб колхозги. Гьелъул бакIалда гIуцIана СПК. ГIемерал гьутада гIумру гьабун ругел хIалтIухъабазулги цебе гIадаб гьира-щавкъ букIинчIо гьанже хIалтIизе. Дагьудовасги хIалтIи нахъе кьуна. ГIуцIана КФХ. ТIоцебе гьениб букIана 20-гIанасеб чIегIерхIайванги, 80 бетIер гIиязулги. Къо анагIан кIвар кьуна магIишат цебетIеялде. Гьутада гIияздаса боцIиго хьихьун лъикIилан, гIиялги ричун, тIадеги росана хIайванал. Щвараб рахьдал хайиралдаса пайда босун, дагьдагькkун кIвар кьуна магIишаталъе хIажатаб техника босизеги, гьорбокь базеги. Цо нухалъ щун бугоан гьесие рахьдахъ дотацияги. Жакъа къоялда гьесул магIишаталда буго 80-гIанасеб чIегIерхIайван. Заман бихьун, риидал-хасало щибаб къойил Гъизляралъул рахьдал заводалде кьолеб буго 80-100-300 литр рахьдал.

ХIажатазе бичулеб буго гьанги. Гьоркьохъеб хIисабалда моцIрол харж гьезул бахунеб буго 80 азарго гъурщиде. Кинабго хIалтIи тIубалеб буго хъизаналъ - чIужуялъги вас МухIамадицаги.

Бищун аслияблъун ГIабдулагьица рикIкIунеб буго жалго хIалтIун хIалалаб магIишат букIин.

ГIумруялъул 70 сониде вахарав гьесул буго мисалияб хъизанги. КIудияв вас Таймазица рагъулаб хъулухъ гьабулеб буго Петербургалда. Шамил ккола электрик. Аслиял хIалтIухъаби - хъизан ХирапатIиматги вас МухIамадги рухьарал руго магIишаталда. Цогидаз гIадин, гьез кквечIо мухьдахъ хIалтIизе чиги. ХIалтIи бигьалъизе гьез пайда босула жакъасеб техникаялдаса. БатIи-батIияб заманалъ гьез росана рахь бечIчIулел токалъул машинаби. ГIабдула вуго гьоболгьудул хирияв чиги.

Гьал къояз 70 сонил юбилей кIодо гьабулев, росуцояз «губернаторин» абулев ГIабдулагьие гьарула халатал соналги щулияб сахлъиги.

**Гьутадул «губернатор»**
**Яги «мясной король»,**
**Кин дур цIар абуниги,**
**Хиси гьечIев ГIабдула.**

**ГIадамазе мисаллъун,**
**Ресукъазе сабаблъун,**
**Росдае сахаватав**
**Сахго таги, ГIабдула.**

**ХIалалаб дур магIишат**
**Мех анагIан гучлъаги,**
**Бечелъи мурад гурев**
**Бугелда баркат лъеги.**

**Духъего щвараб гIадин,**
**ГIолел наслабахъеги**
**Васигат кинниги кье**
**Бокьулеб хIалтIи-пиша.**

***Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ***

# КъанагIатал ва къиматал баянал

## Имамасул амруялдалъун асиразе росу бана

Шамилил дурц – Гъазигъумекиса Жамалудин устарасул вас ГIабдурахIманица жиндирго ракIалдещвеязулъ хъвалеб буго:

«Жиндирго гьалмагъзабигун – мугъажиралгун Шамил 1846 соналда ЦIияб Даргъове гочараб заманалда гьесда цадахъ рукIана батIибатIиял бакIаздаса нилъехъе лъутун рачIаралги, гьединго асирлъуде ккаралги лъабнусгогIанасел солдатал…

Хъукъав абун тIокIцIар бугев мурид ЧIегIерав ГIалимухIамадие Шамилица амру гьабуна Даргъоялда аскIоб гьезие хасаб росу байилан, хазиначиясухъа босун, байтулмалалдаса гьезие квен-тIехги ретIел-хьитги кьейилан ва лъикIго хIухьбахъи гьабизе тейилан…

ГIалимухIамадица гьезие росу бана ва Шамилица амру гьабураб къагIидаялъ гьел гьенир парахат гьаруна, гьезие хIажалъулебщинабги кьуна. Гьезие кьуна хъапустIан, цIоросаролъ, пер ва цогидабги гIезабизе ракь. Солдатал гьенир щулалъана ва, Аллагьасулги Шамилилги хIукмуялда разилъун, ракълилаб яшавалда рукIана».

Тарихалъул кьучIаб баян буго гьезие килиса бан букIаниланги.

## Пристав Руновскиясул хъвай-хъвагIаяздаса

Калугаялда Шамилида аскIов вукIарав пристав Руновскияс хъвалеб буго: «Шамилихъе рачIунаан гъазаваталъул заманалда асирлъуде ккарал яги лъутун гьесул рахъалде арал солдатал. Асирлъуда вукIарав цо солдат, Шамилида беркIутIарабго, гьесда аскIове векерун вачIун, кверда убачал гьаризе лъугьана. Дица гьесда гьикъана:

– Щай дуца Шамилил кверда убач гьабураб? Гьанже дуе гьев бетIергьан кколаро гурищ? Доба магIарухъ гьес мун кверда убач гьабизе тIамулев вукIун ватизеги бегьула. Гьанибги щай дуе букIараб гьедин гьабизе?

– Йохъ, – абун жаваб кьуна асирлъуда вукIарас. – Ниж «Шмелица» тIамулароан кверда убач гьабизе. Дирго рекIее бокьун гьабуна дица гьеб.

– Кин гьеб «рекIее бокьун»?

– РекIее бокьиларищ гьев вугелъул лъикIав чи. Шамилица яшав гьабулеб яги гьев аскIосан унеб бакIалда лъикI букIунаан асиразе. Нагагь нижер рахъалъ гьесухъе гIарз бачIани, гьес асир, гьев чиясухъа нахъе вачун, жиндаго аскIов толаан, тIадежоялъеги гIайиб ккарасе тамихIги гьабулаан, ниж сабаблъун. Дида гьеб чанго нухалъ бихьана».

## Гъазигъумекиса ГIабдурахIманил церехун рехсарал ракIалдещвеяздаса

Шамилги хъизанги Калугаялда рукIараб заманалда, цо кьоялъ гьезул азбаралде лъугьун вачIарав херав солдатас-полякас ахIана: «Кив вугев цеве нижер вукIарав император Шамил? Дун гьев вихьизе гIащикълъун вуго. Даргъоялда гьес ниж цIунана», – ян.


1859 соналда граф Нестица бахъараб сурат

Шамилида бицана цо гьединав хIикматав чи вачIун вугилан. Имам гьесухъ гордухъан валагьана.

Имам вихьараб мехалда, солдатас бетIер къулана.

Жаниве ахIидал, Шамилида гьес бицана жиндие бугеб къварилъигIатIилъиялъул. Шамилица гьесие анцIго гъурущ гIарац кьуна.

Солдат гьесда аскIоса нахъе ана разиго ва гьес гьабураб лъикIлъиялъухъ баркала кьолаго».

## Франциялдаса Анна Дрансел ракIалдещвеяздаса

1854 соналъул ихдал имамасул вас ГъазимухIамадил бетIерлъиялда муридазул цо кьокъаялъ Цинандалиялде гьабураб чабхъеналъул хIасилалда Шамилихъе асирлъуде ккана Грузиялъул Георгий Микьабилев пачаясул васасул ясал – кинягиняби Анна Чавчавадзе ва Варвара Орбелиани, гьезул лъимал, рагьтIателал.

Гьезда гьоркьой йикIана Чавчавадзел лъималазе тарбия кьолей чIужу – Парижалдаса гIолохъанай гIадан Анна Дрансе.

1839 соналда АхIулгохIда рагь ккараб заманалда гIурусазухъе имамас аманатлъун кьун вукIарав вас Жамалудинихъ хисун, 1855 соналъул марталда асирлъудаса тархьанлъана гьел асирал, гьезда гьоркьой Анна Дрансеги. Гьелда кIвана Парижалде тIадюссине.

Гьелъул гIагарав чи журналист Эдуард Мерльеца хIаракат бахьана гьелъ бицарабщиналъул кьучIалда ракIалдещвеял хъвараб тIехь гьабизе. ТIехьалда цIар буго: «Кавказалда хъамун рукIарал гIурусазул принцессаби. Шамилил асирлъуда йикIарай Франциялдаса гIаданалъул ракIалдещвеял» абун.

Парижалда гьеб къватIибе биччана кIиго нухалъ – 1857 ва 1860 соназда. Парангазул кIудияв хъвадарухъан Александр Дюмаца беццун буго Анна Дрансел гьеб тIехь. ТIадежоялъеги гьес жиндирго «Кавказ» абураб тIехьалда лъун буго мадам Дрансел ракIалдещвеяздаса босараб цо кесек.

«Шамилихъ асирлъуда рукIарал руччаби. РакIалдещвеял» абураб цIарги лъун, К. Дюбинскияс буссинабун, гьеб гIурус мацIалдаги бахъана 1858 соналъ Типлисалда.

«РакIалдещвеязул» батIи-батIиял бутIабаздаса росун, гьанир кьолел руго Шамилил бицунел цо-цо баянал.

* Шамилил гIумруялъул буго кIикъоялда анцIила анлъго сон. Амма, доб микьабго моцIалъ щибаб кьоялъ гьев вихьулев вукIаниги, дида ракIчIезабизе кIвечIо гьес гьеброщинаб заман бан батилилан. Гьесул буго борхатаб черх, гьесул гьурмалъ бихьула лъикIав чи вукIиналъул кунчIи. Гьев хехдарулев чи гуро. Гьев релълъуна гьалбацIалда, амма хIухьбахъизе чIараб гьалбацIалда. Халатаб багIараб магжица дагьабги цIикIкIун загьир гьабулеб буго гьесул кIодолъи, тIадегIанлъи. Гьесул руго чIахIиял цIахIилал берал. Бакъбаккул рахьалъул гIадамазул гIададалда рекьон, дагьалго кьанщарал гIадин рукIуна гьесул берал. Гьесул руго багIарал кIутIби, цIакъ берцинал цаби, гIисинал хьахIал кверал, чIара-хьараб чIухIараб рильлъин – гьеб киналъго нугIлъи гьабула гьев тIадегIанаб къо-ассалъул инсан вукIиналъе.

* Жиндирго халкъалда гьоркьоб кIудияб хIурмат-къадру буго Шамилил. Цо рагIалдаса бахъараб цогидалде щвезегIан Кавказалда гьесул цIар лъугьун буго квешлъиялдаса цIунулеб сабаб-гьайикарлъун...

* Имам гIемер уна батIи-батIиял росабалъе, Къуръаналдасан халкъалъе вагIза-насихIат гьабизе ва эркенлъиялъе гIоло кьеркьеялде гьезул гьира базабизе. Шамил Веденове тIадвуссун вачIунеб мехалда, тIолабго халкъ бахъуна гьесда дандчIвазе, Къуръаналъул аяталги ахIулаго, гьел гьесда цадахъ уна минаялъул кIиабилеб азбаралде щвезегIан. ТIокIал церехун ине лъилниги ихтияр гьечIо, цо-цо лагъзадерил хутIизегIан. Лъабабилеб азбаралъур руго гьесги гьесул лъудбузги яшав гьабулел рукъзал.

* Шамил чотIа рекIунин абизе бегьула гIажаибаб чIурканлъигун, тирилъигун. Мина сверун кьан буго лъабго чалияль ва щибаб чалиялда буго кавуги. Амма гьел каваби цIакъго тIуцал руго, чотIа рекIун унев чи гIодове къуличIого ине бажаруларо.

Амма Шамилица чу азбаралъуса къватIибе риссуялда бачуна ва, щибаб кавудухъе щолаго, чол жалалъе къулула, бетIер тункичIого букIине. Цинги гьев кьолонив узданго чIола ва чанго секундалде азбаралдаса къватIивехун ворчIула.

Гьевги тIовитIун, лъудбиги лъималги руцIцIун чIун руссуна рокъоре.

* Шамилица гьукъун букIана наибзабазул лъудбузул гьечIеб къачIакIатIай, бечелъи жиндирго лъудбузул букIине. Гьесда лъалаан живги жиндир хъизанги сундулъго мисаллъун чIечIони, жив имамлъун вищараб халкъалъе бетIерлъи гьабизе захIмалъизе букIин. Гьединлъидал цIакъго гIадатго, сундасаго инкар гьабун, щулаго чIарав, кIудияб намус-яхIалъул чи вукIана гьев.

* «Гьал руго гIолохъанал, берцинал, хIайранал руччаби, – ян абуна ДаниялбегицА нижер хIакъалъулъ Шамилида. – Дуе рукIине ккола гьал».

Амма нижедехун цо бер рехизецин къасд гьабичIо имамас. Цо чара гьечIеб къваригIелалъ нижер рагьи кьотIун ине кколев вугони, гьес цебеккунго нижеда лъазабулаан, тохлъукье жив вачIиналъ асирлъуда ругел руччаби хIинкъизе бегьулилан.

Гьаниб тIаде жубазе кколеб буго: «Къварарав имам ракIалдещвеялъе хутIана мадемуазель Анна Драсэе Шамилица сайигъат гьабураб ва гьелъ Парижалде цадахъ босараб тIимугъ».

## Имамасул тIоцересел суратал

1859 соналъул 25 августалда Кавказалъулаб рагъуе ахир лъун хадуб, Петербургалде вачун унаго, Шамил Чир-Юрталде (гьанже Гъизилюрт шагьар) щвана. Гьев вачана драгуназул полкалъул командир граф Нестицихъе. Гьениб гьес фотоаппараталъ тIоцебе бахъана хIурматияв асирасул сурат.

Графас гьеб сурат сайигъат гьабуна «Нижний Новгородалъулаб драгуназулаб полкалъул тарихалъул» автор В. Поттое.

Жиндирго гьудул-гьалмагъзабаздаги лъалел-хъвалездаги чIухIун гаргадулаан гьев машгьурав имамасул тIоцебе бахъараб суратаъул бетIергьан вугин живилан.

Амма гьелде щвезегIанго Шамилил сурат кверал бахъун букIана имамасухъе асирлъуде ккарай, нилъеца тIадехун рехсарай киягиня Анна Чавчавадзеца.

Гьелъул изнуялдалъун гьеб сурат лъун букIана доб заманалъул хъвадарухъан Е. Вердеревскиясул «Кавказалъул руччаби-асирал яги Шамилихъ асирлъуда» абураб, 1857 соналда Москваялда къватIибе биччараб тIехьалда.

*МухIамадкамил ГЬИМАТОВ*

## Понедельник, 6 ноября

### Россия 1

04.45 Х/ф «Это моя собака». (12+).
06.30 Х/ф «Совсем чужие». (12+).
10.10 «Сто к одному».
11.00 «Вести».
11.40 Д/ф «Призрак Великой Финляндии. Преступление без наказания». (16+).
12.35 Т/с «Всем по 50». (12+).
17.00 «Вести».
17.50 «Песни от всей души». (12+).
20.00 «Вести».
21.15 «Вести». Местное время.
21.30 Т/с «Екатерина. Фавориты». (16+).
22.30 Х/ф «Серебряные коньки». (16+).
01.05 Т/с «Демон революции». (16+).
03.00 Х/ф «Кандагар». (16+).

### Дагестан

07:00, 19:30 Время новостей Дагестана. Итоги
08:00 «Арт-клуб» 0+
08:25 Х/ф «Выше радуги»
11:00 Д/ф «Дагестан» 12+
11:10 Х/ф «Пора красных яблок» 12+
12:30 «Это Кавказ» Д/ф «Кавказ. Спасение на Эльбрусе» 12+
12:50 Ток-шоу «Говорить разрешается» 12+
14:00 Документальный проект «История русской еды» 1 с. 12+
14:30 «Дагестан туристический» 0+
14:50 Передача на рутульском языке 12+
15:30 Т/с «Петербург. Любовь. До востребования» 1 с. 12+
16:30 Мультфильмы 0+
16:55 Д/с «Легенды кино» 12
17:35, 21:25 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
17:55 Т/с «Любить и ненавидеть. Королевский сорняк» 5 с. 16+
18:45 Передача на табасаранском языке «Мил»
19:50 Концерт «Всем миром, всем народом, всей Землей» 16+
21:40 «Твой Расул» 12+
22:00 Д/ф «Мифы о Кавказе» 1 с. 12+
22:30 Время новостей Дагестана
22:50 Х/ф «Кубачинская свадьба» 12+

## Вторник, 7 ноября

### Россия 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Екатерина. Фавориты». (16+).
22.20 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.05 Т/с «Демон революции». (16+).
02.50 Т/с «Морозова». (16+).

### Дагестан

07:00, 8:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на табасаранском языке «Мил»
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Петербург. Любовь. До востребования» 1 с.
09:45 «Удивительные горцы» 0+
10:05 «Человек и право»
11:10 Х/ф «Кубачинская свадьба» 12+
11:45 Д/с «Легенды кино» 12
12:50 Т/с «Любить и ненавидеть.
13:45 Мультфильм 0+
13:55 Д/ф «Дворянские деньги» 2 с.
14:50 Передача на табасаранском языке «Мил»
15:30 Т/с «Петербург. Любовь. До востребования» 2 с. 12+
16:55 Д/с «Легенды кино» 13 с.
17:35 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
17:55 Т/с «Любить и ненавидеть.
18:45 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу»
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Дагестан туристический» 0+
20:35 «Время есть!» 0+
21:05 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
22:30 Время новостей Дагестана

## Среда, 8 ноября

### Россия 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Екатерина. Фавориты». (16+).
22.20 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.05 Т/с «Тайны следствия». (16+).
02.45 Т/с «Морозова». (16+).

### Дагестан

07:00, 8:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу»
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Петербург. Любовь. До востребования» 2 с. 12+
09:45 «Колёса» 12+
10:30 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
11:45 Д/с «Легенды кино» 13
12:50 Т/с «Любить и ненавидеть. Королевский сорняк» 6 с. 16+
13:50 «Время есть!» 0+
14:50 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу»
15:30 Т/с «Петербург. Любовь. До востребования» 3 с. 12+
16:55 Д/с «Легенды кино» 14 с.
17:35 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
17:55 Т/с «Любить и ненавидеть. Королевский сорняк» 7 с. 16+
18:45 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Здоровье» в прямом эфире
21:10 «Бизнес час» 12+
21:30 «Городская среда»
22:00 «Опять футбол» 12+
22:30 Время новостей Дагестана

## Четверг, 9ноября

### Россия 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Екатерина. Фавориты». (16+).
22.20 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.05 Т/с «Тайны следствия». (16+).
02.45 Т/с «Морозова». (16+).

### Дагестан

07:00, 8:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Петербург. Любовь.
09:45 «Городская среда»
10:15 «Аутодафе» 12+
10:55 «Здоровье» 12+
11:45 Д/с «Легенды кино» 14
12:50 Т/с «Любить и ненавидеть.
13:45 «Бизнес Дагестана»
14:00 Д/ф «Наука Шерлока Холмса» 2 с.
14:50 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
15:30 Т/с «Петербург. Любовь.
16:55 «Блин.ком. Некоторые любят погорячее»
17:25 «Время говорить молодым» 12+
17:55 Т/с «Любить и ненавидеть.
18:45 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги»
19:55 «За скобками» 12+
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Первая студия» 12+
20:50 «Культурный код» 0+
21:15 Д/ф «Дагестан. Путь от прошлого к настоящему» 12+
22:00 «Психологическая азбука» 12+

## Пятница, 10 ноября

### Россия 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Судьба человека с Борисом Корчевниковым». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Прямой эфир». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.15 «Вести». Местное время.
21.30 «Ну-ка, все вместе!» (12+).
00.25 «Истории Большой Страны». (12+).
01.25 Х/ф «Мать за сына». (12+).

### Дагестан

07:00, 8:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги»
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Петербург. Любовь.
09:45 «За скобками» 12+
09:50 «Первая студия» 12+
10:20 «Молодежный дрифт»
10:55 «Блин.ком. Некоторые любят погорячее»
11:20 «Культурный код» 0+
11:45 Д/ф «Дагестан. Путь от прошлого к настоящему»
12:50 Т/с «Любить и ненавидеть.
13:45 Проект «По Волге на жигулях» 0+
14:00 Д/ф «Дело №» «Михаил Лермонтов. Гусарская трагедия» 12+
14:50 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги»
15:30 «Время говорить молодым» 12+
16:05 «Психологическая азбука» 12+
16:50 Х/ф «Я подарю тебе любовь» 12+
18:25 «Арт-клуб» 0+
18:45 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман»
20:00, 23:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Подробности» 12+
20:55 «Мир Вашему дому»
21:20 «Круглый стол» 12+
21:55 «Время спорта» 12+
23:20 «Глобальная сеть» 16+

## Суббота, 11 ноября

### Россия 1

05.00 «Утро России». Суббота.
08.00 «Вести». Местное время.
08.20 Местное время. Суббота.
08.35 «По секрету всему свету».
09.00 «Формула еды». (12+).
09.25 «Пятеро на одного».
10.10 «Сто к одному».
11.00 «Вести».
11.50 «В кругу друзей».
12.50 «Доктор Мясников». (12+).
14.00 «Вести».
14.50 «Юморина». (16+).
17.00 «Вести».
17.50 «Привет, Андрей!» (12+).
20.00 «Вести».
21.00 Х/ф «Отель для двоих». (12+).
01.10 Х/ф «На рассвете». (12+).
04.30 Х/ф «Обратный билет». (12+).

### Дагестан

07:00, 08:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 «Время спорта» 12+
09:20 Х/ф «Я подарю тебе любовь» 12+
11:00 «Подробности» 12+
11:35 «Мир Вашему дому»
12:05 «Время есть!» 0+
12:40 Концерт ко Дню единства народов Дагестана (15 сентября 2023 г.)
14:25 «Круглый стол» 12+
15:05 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
15:45 Проект «Мир без виз»
16:15 Мультфильм 0+
16:50 Дагестанское кино. Х/ф «Чегери» 12+
18:10 Д/ф «Жизнь, прожитая набело» 12+
18:45 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
19:50 «Точка зрения» 12+
20:05 «Удивительные горцы»
20:25 «Дагестан туристический» 0+
20:45 «Культурный код» 0+
21:10 «Ульяна спросит» 0+
22:00 «Годекан» 0+
22:30 Время новостей Дагестана
22:50 Х/ф «Обменяйтесь кольцами» 16+
00:30 Время новостей Дагестана
00:50 «Точка зрения» 12+

## Воскресенье, 12 ноября

### Россия 1

06.10 Х/ф «Алла в поисках Аллы». (12+).
08.00 Местное время. Воскресенье.
08.35 «Когда все дома с Тимуром Кизяковым».
09.25 «Утренняя почта с Николаем Басковым».
10.10 «Сто к одному».
11.00 «Вести».
12.00 «Большие перемены».
13.00 Х/ф «Хрустальное счастье». (12+).
17.00 «Вести».
17.50 «Песни от всей души». (12+).
20.00 «Вести недели».
22.00 «Москва. Кремль. Путин».
22.40 «Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.30 Х/ф «Алла в поисках Аллы». (12+).

### Дагестан

07:00 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:30 Время новостей Дагестана
08:50 Х/ф «Обменяйтесь кольцами» 16+
10:25 «Время есть!» 0+
11:00 «Мир Вашему дому»
11:30 «Ульяна спросит» 0+
12:30 Детские новости 0+
12:45 «Арт-клуб» 0+
13:10 «Культурный код» 0+
13:30 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
14:55 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
15:35 «Колёса» 12+
16:25 «Психологическая азбука» 12+
16:50 «Дагестан туристический» 0+
17:10 «Точка зрения» 12+
17:25 «Человек и право» 12+
18:30 Детские новости 0+
18:45 Передача на ногайском языке 12+
19:30 Время новостей Дагестана. Итоги
20:35 «Служа Родине» 12+
20:50 Ток-шоу «Говорить разрешается» 12+
22:00 Х/ф «Шпион» 16+
23:50 Фильмы телевизионного конкурса «Федерация» «Заложники»
00:30 Время новостей Дагестана. Итоги

## НУЖЕЕ БАЯНАЛЪЕ

**ХIурматияв магIарулав. Ихдал хур бекьизеги, хаслихъе бачIин бакIаризеги кколебльи нилъеда лъала. Гьединго лъала щивав чиясе «рухIияб квен» хIажалъулеблъиги. Жакъа гьабураб метер батулин абухъе, миллаталъул гIузрабаздеги миллияб газеталдеги кьолеб кIвар чучлъизе тани, метерисеб кьоялъ «бухIизабизе» букIин хIакъаб буго. Гьедин ккечIого букIине, «рухIияб кванидалъун» гIумру хьезабизе хIалтIи гьабулеб басма буго «ХIакъикъат». Гьединлъидал щивас хIаракат бахъизе ккела гьелдаса битIун пайда босизе, пайдаяб ирсалъе тезе.**

"ХIакъикъат" газеталъул багъа буго:

Бащдаб лъагIалие - 645,06 гъур.

ЛъагIалие - 1290,12 гъур.

## БукIанила букIинчIила

### Росуцоял

Цо нухалда Новочеркасск шагьаралда автотранспорталъул предприятиялъул кIал-кIала чIван рагьараб кавудухъа жанибе бачIана хIурул цIураб КамАЗ машина ва нухмалъиялъул минаялда цебе лъалхъана. Кабинаялъуса къватIиве лъугьарав, чIахIиял михъаздагицин тIад хIур бетарав шофер нуцIихъа жаниве лъугьун ана. Кабинаялъув вукIарав кIиабилев шофер, гьениса къватIиве кIанцIун вачIун, гьакIкIадилаго ва свакараб черх битIабишизабулаго, гьенив машинаялъул хьолбохъан дове-гьаниве хьвадизе лъугьана.



Бихьулеб букIана лъикIго свакарав гьесие хIухьбахъи гьабизе бокьун бугеблъи. Гьеб заманалда цо ангаралъуса къватIиве вачIарав, гьурмадагицин мазуталъул лъалкIал ругев слесарь хьалиян цIазе лъугьана ва гьакIкIадилев вугев шоферасухъ кIвар кьун валагьун чIана.

- ГIенеккея, гьудул, мун Кавказалдасацин гурищ?-ан гьикъана гьес гIурус мацIалда.
- У, Кавказалдаса вуго.
- ДагъистаналдасагIаги гурищ?
- У, Дагъистаналдаса вуго.
- Гъуниса ватизеги бегьула.
- БитIараб буго. Дун Гъуниса ккола.

Гьелдаса хадур гьал цоцазда магIарул мацIалда кIалъана.

- Мун БацIадасацин гурищ?
- У, БацIадаса вуго.
- КъурбангIалил васищ?
- У.
- Дида мун вихьаравго лъана,-ян абуна слесарас.

*МухIамаднаби АНКАЕВ*

## Нижехъе хъвалеб буго

МугIрул росабалъ гIумру гьабиялъе лъикIал шартIал гIуцIизе, гьениса гIадамал гочинаредухъ хIалтIудалъун хьезаризе, гьенире инвестициял щвезаризе хIажат бугин ва гьеб рахьалъ тIадчIун хIалтIи гьабизеги бугин абураб хабаралда гъоркь хъвалеб буго:

«Щуго къоялъул цIалул анкьги гьабун, штатал къокъ гьарулел руго завучазул ва мугIалимазул магIарухъ школазда. Шагьаралде гочинарищ гIолилал, гьедин бугеб мехалъ?», - ан.

## РагIикъотI



**ГIебеде:** 1. ГIемертIалаяб минаялде рахунеб «мали». 3. Азербайжаналда бугеб гIор. 5. Боксалъул къецал тIоритIулеб ринг. 7. Пачалихъалъулаб гIуцIи. 8. Рукъалъул кIалтIа лъолеб жо. 9. Гуми чIолеб бакI. 10. РекIее захIматаб пикру. 13. ЦIакъго гьитIанаб микроскопалдалъун гурони бихьизе кIолареб рухIчIагольи. 15. ЦIатари. 16. Рахьдал нигIмат. 17. ДугIа къабуллъиялъе абулеб рагIи. 18. Ярмаркаялда дармие, гIадамал жанир чIезе заманаялъе гьабураб цIулал гьитIинабго рукъ. 21. Машинаялъул цадахъ хIалтIулел тIагIелазул узел. 25. Шагьаралъул цо бутIа, авал. 29. Квасул ретIунеб жо. 32 ЧчугГил нигIмат. 33. Россиялда бугеб бащдаб чIинкIиллъи. 34. Рахьдал нигIмат. 36. ТIалаб-агъаз. 37. Къиматаб кагъат. 39. КочIохъабазул ва композиторазул мацIалъул рагIи. 40. Автомашинаялъул марка. 41. Театралда чанго чиясе гIодор чIезе батIаго гьабураб бакI. 42. Цебелъураб масъала. 43. Аллагьасде гьабулеб гьари. 44. Къвагьулеб алат.

**ГIодобе:** 1. Халкъияб музыкалияб алат. 2. Къайи-цIа, кванил нигIматал ричулеб бакI. 3. Рагъулав офицерасул чин. 4. Радиоприемникалъе, телевизоралъе хIажалъулеб тIагIел. 5. ГурхIел, цIоб. 6. ХIалтIул алат. 11. Рагъулаб подразделение. 12. РатIлида яги цоги бакIалда ккараб чороклъи. 13. Авторасул литературияб хIалтIи. 14. Бичулеб къайи-цIаялъул къимат, мухь. 18. ГIарац цIунулеб бакI. 19. Италиялъул гIарац. 20. Суру гIурул гIаркьал. 22. Ихдалил хIинчI. 23. Пихъ. 24. Россиялъул областалъул центр. 26. Мунагь гьечIев чи. 27. Кондитераз гьабураб гьуинаб нигIмат. 28. Гьуинаб, гьекъолеб лъим. 29. КIалзул шапакъат. 30. Украиналъул парламент. 31. Цо лемагалдаса къунцIараб квасул гури. 33. Борохь, гIункIкI рахчулеб бакI. 35. ХIурмат гьабун бетIер къули. 36. Низамалда чIун, цокIалаб рилълъада аскар ин. 38. Спортивиял яги туристиял мурадазе хIалтIизабулеб гама.

*ХIадур гьабуна ГIалиасхIаб ДАВУДМИРЗАЕВАС,*
*ЧIарада район, Гьочоб росу*

**42-абилеб номералда лъураб рагIикъотIалъе жавабал:**

**ГIебеде:** Ришват. 4. ХIамам. 7. Сариси. 10. Унти. 11. Арфа. 12. Капрон. 13. Карат. 14. Макака. 15. Рама. 16. Омар. 17. Африка. 20. Талас. 23. Аминат. 26. Такъсир. 29. Барак. 31. Хьихьари. 34. Аскар. 35. ХъантIи. 36. Хулжал. 37. Багьана. 38. Лазат. 40. КIалцIи. 41. Арагви. 44. РатIал. 45. Лирика. 48. Балкан. 51. ГIазаб. 54. Карьер. 57. Айва. 58. Анжи. 59. Макъала. 60. Анаша. 61. Помада. 62. Напс. 64. Напакъат. 65. Иваси. 66. Чинари.

**ГIодобе:** 1. Ракета. 2. Варани. 3. Тундра. 4. ХIикмат. 5. Маршал. 6. Матрос. 7. Самара. 8. Рекери. 9. Имамат. 18. Фара. 19. Кици. 21. Азбар. 22. Авлахъ. 24. МуцIи. 25. Асир. 27. КъулгIа. 28. Ралли. 29. Базар. 30. Канал. 31. Хьибил. 32. Акаси. 33. Идара. 39. Таргьа. 40. КIалгIа. 42. Раса. 43. Ваза. 46. Икра. 47. Купе. 48. Боцман. 49. Канада. 50. НагIана. 51. ГIабаси. 52. Зигара. 53. БагIари. 54. Кирпич. 55. Рузман. 56. Расалъи.

ХIАКЪИКЪАТ

**БетIерав редактор**
ХIАСАНОВ Темирхан МухIамадович
65-00-66

**Заместителал**
Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ
Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь**
МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

**Отделал: Информация ва политика**
Редактор:
Ашахан Юсупов
МухIамад Манапов
Рукъият ГIалисултанова

**ГIелмугун лъай кьей**
Редактор:
Кавсарат Сулейманова
ГIайшат ХIалакъова
ПатIимат МухIамаева

**Адабият ва тарих**
Редактор:
Шамай Хъазанбиева

**РухIияб хазина**
Редактор:
ПатIимат ГьитIинова
ПатIимат СултIанмухIамадова

**Реклама ва подписка**
Редактор:
ГIабаш ГIабашилов

**Социалияб гьинал, IT-технологиял**
МухIамадкарим ХIамзаев

**ЦIалдолезул кагътал**
Нури Нуриев

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018 МахIачхъала, Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахIачхъала Пушкинил къватI, 6
«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА

ГIУЦIАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

**Тираж - 4387**

Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».